Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

G. M. TANSIQBAEVA, V. A. ҚOSTECKIY

# ҚONSTITUCIYALÍQ HUQÍQ TIYKARLARÍ

**Ulıwma orta bilim beretuǵın mekteplerdiń 9-klass oqıwshıları ushın sabaqlıq**

*Dúzetilgen hám tolıqtırılǵan jetinshi basılımına sáykes qaraqalpaqsha basılım*

*Ózbekstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ministrligi tárepinen tastıyıqlanǵan*

http://eduportal.uz

«SHARQ» BASPA-POLIGRAFIYA
AKCIONERLIK KOMPANIYASÍ
BAS REDAKCIYASÍ
TASHKENT – 2019

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

UO‘K 342.4(075)
KBK 67.400ya 721
K – 64

Yuridika ilimleriniń doktorı, professor **A. X. SAIDOVtıń ulıwma** redaktorlawında

**Pikir bildiriwshiler:**

**AKKULOVA S.** — Nizamiy atındaǵı Tashkent mámleketlik pedagogika universiteti janındaǵı Xalıq bilimlendiriw xızmetkerlerin qayta tayarlaw hám qánigeligin jetilistiriw aymaqlıq orayı «Jámiyetlik hám ekonomikalıq pánler metodikası» kafedrasınıń aǵa oqıtıwshısı;

**SHERMUXAMEDOVA S.V.** — Nizamiy atındaǵı Tashkent mámleketlik pedagogika universiteti janındaǵı Xalıq bilimlendiriw xızmetkerlerin qayta tayarlaw hám qánigeligin jetilistiriw aymaqlıq orayı «Jámiyetlik hám ekonomikalıq pánler metodikası» kafedrasınıń aǵa oqıtıwshısı;

**YUNUSOVA M.** — Tashkent qalalıq 44-sanlı mekteptiń Mámleket hám huqıq tiykarları oqıtıwshısı.

**EXSONOV Q.** — Yunusabad rayonı 231-mektep oqıtıwshısı.

**Avtorlar jámááti:**

Tansiqbaeva G.M. 1-§, 3, 29, 30, Kosteckiy V.A. 1—30-§§

## Shártli belgiler:

***Tiykarǵı Nızam belgileydi***

***Normativ hújjet***

***Tapsırma***

***Itibar beriń***

***Este saqlań!***

***Juwmaq shıǵaramız***

***Ózińizdi sınań!***

K – 64 **G.M. Tansiqbaeva, V.A. Kosteckiy**
Konstituciyalıq huqıq tiykarları: ulıwma orta bilim beretuǵın mekteplerdiń 9-klass oqıwshıları ushın sabaqlıq. / A.X. Saidov redaktorlawında – Tashkent, «Sharq», 2019. – 200 b.

ISBN 978-9943-26-041-2

**UO‘K 342.4(075)**
**KBK 67.400ya 721**

**Respublikalıq maqsetli kitap qorı qarjıları esabınan ijara ushın basıp shıǵarıldı.**

© G.M. Tansiqbaeva, V.A. Kosteckiy, 2019
© «Sharq» BPDÚ Bas redakciyası, 2010, 2014, 2019
© Qaraqalpaqsha awdarması.

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# KONSTITUCIYA ÁLEMINE SAYAXAT

Siziń qolıńızda quramalı, kóp qırlı hám qızıqlı huqıqlar dúnyası haqqında maǵlıwmat beretuǵın kitap tur. Ózbekstan Respublikasında ǵárezsizliktiń járiyalanıwı hám suveren demokratiyalıq mámleket qurıwdıń huqıqıy tiykarları – mámleket hám shaxs ortasındaǵı óz ara múnásibetlerdi belgilewshi nızamshılıq hám huqıqtanıwshılıq irgesin qáliplestiriwden baslandı. Sonıń ushın da puqaralar tárepinen nızamlardıń orınlanıwı sanalı túrde hám nızam tiykarında ámelge asırılıwı lazım.




Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh. Mirziyoev Konstituciya kúnine baǵıshlanǵan bayanatında bılay deydi: «Konstituciyamız tiykarında elimizde milliy nızamshılıq sisteması, mámleketlik organlar, puqaralıq jámiyeti institutları qáliplesti. Búgingi kúni barlıq tarawlarda keń kólemli reformalar ámelge asırılmaqta. Sociallıq-ekonomikalıq, siyasiy hám áskeriy uqıbımız kúsheyip, puqaralarımızdıń dúnyaqarası barǵan sayın ósip barmaqta. Bulardıń barlıǵı, eń dáslep, Bas Konstituciyamızdıń ómir baǵıshlawshı kúsh-qudireti nátiyjesi esaplanadı».

Shıǵıstıń ullı danıshpanı **Abu Ali ibn Sino** «Nege jer júzinde jawızlıq bunshelli kóp?» degen sorawǵa: «Sebepshisi siz benen biz. Bilmew yaki uqıpsızlıq sebepli jawızlıq penen gúresiwden bas tartıwımız benen ózimiz de jawızlıqtıń keń tarqalıwına imkaniyatlar jaratıp beremiz», – dep juwap bergen eken.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Usı sabaqlıqtıń hárbir paragrafında ámeldegi nızam hújjetleri járdeminde sheshiwińiz múmkin bolǵan hár qıylı jaǵdaylardı Sizge usınamız. Eger Sizdi qanday da bir mashqalalardı sheshiw qızıqtırıp qalsa, Ózbekstan Respublikasınıń ámeldegi nızam hújjetlerine múrajat etiwińiz múmkin.

Tekstte dúnya ámeliyatında qabıl etilgen yuridikalıq atamalar hám túsiniklerge de dus kelesiz. Bunday jaǵdaylarda sabaqlıqtıń aqırında berilgen yuridikalıq atamalar sózligine múrajat etiń.

Úyrenilgen materiallardı qanshelli ózlestirgenińizdi tekserip kóriwge imkaniyat jaratıw maqsetinde hárbir tema aqırında qadaǵalaw sorawları berilgen.

**Konstituciyalıq huqıq tiykarların úyreniwdiń áhmiyetliligi sonnan ibarat, jol qoysa bolatuǵın islerdi qadaǵan etilgen háreketlerden ajıratıwdı úyrenip alasız, óz huqıq hám nızamlı máplerińizdi qorǵaw jolların hám quralların jaqsıraq biletuǵın bolasız, eń áhmiyetlisi, nızamǵa ámel qılǵan halda ádillikke erisiw múmkin ekenligine isenim payda etesiz.**

Siz nızamshılıq járdeminde hárbir insan turmısında júzege keliwi múmkin bolǵan kóp ǵana mashqalalardı sheshiw múmkin ekenligin bilip alasız.

**Huqıqıy tálim** – huqıqıy mádeniyat, yaǵnıy insanǵa huqıq beretuǵın barlıq unamlı hám qımbatlı táreplerin ózlestiriwdiń qosımsha quram bólimi. Ádeplilik pázıyletleri hám huqıqıy bilimler jıyındısı joqarı dárejedegi huqıqıy mádeniyat tiykarın quraydı. Mámleketlik nızamshılıq tiykarların ózlestiriw huqıq, nızamlarǵa unamlı múnásibette bolıwǵa imkaniyat jaratadı hám olardı orınlaw zárúrligin payda etedi.

**Konstituciyalıq huqıq tiykarları** boyınsha alǵan bilimlerińiz tek ǵana keleshektegi emes, sonday-aq, búgingi kúndegi mashqalalardı sheshiwge de járdem beredi, dep úmit etemiz.

**Huqıqıy bilimler dúnyasına haq jol, ázizler!**

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях

UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# I bólim
# KONSTITUCIYA – MÁMLEKETTIŃ TIYKARǴÍ NÍZAMÍ




Tolıq isenim menen aytıw múmkin, Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası xalqımızdıń siyasiy-huqıqıy sana-seziminiń joqarı úlgisi esaplanadı. Ol hesh kimge ǵárezli bolmastan, erkin hám azat, tınısh hám paraxat, abadan jasawdıń nızamlı kepili bolıp kelmekte. Bazar qatnasıqlarına tiykarlanǵan huqıqıy demokratiyalıq mámleket, kúshli puqaralıq jámiyetti qurıwda bekkem tiykar bolıp xızmet etpekte.

**Shavkat MIRZIYOEV,**
**Ózbekstan Respublikası Prezidenti**

## 1-§. KONSTITUCIYALÍQ HUQÍQ

***Tema ústinde islew nátiyjesinde:***
– «konstituciyalıq huqıq» túsinigi haqqında;
– onıń basqa huqıq tarawları menen óz ara baylanıslılıǵı haqqında;
– «Huqıqtanıw» sistemasında tutqan ornı haqqında bilip alasız.

**Jámiyetke Konstituciya nege kerek?**
**1. Konstituciya hám konstituciyalıq huqıq.**
**2. Konstituciyalıq huqıq – huqıqtıń jetekshi tarawı.**
**3. Konstituciyaǵa ózgerisler kirgiziw tártibi.**

### 1. KONSTITUCIYA HÁM KONSTITUCIYALÍQ HUQÍQ

Siz har qanday mádeniyatlı hám rawajlanǵan jámiyet turmısında Tiykarǵı nızam bolǵan Konstituciya áhmiyetli rol oynaytuǵının jaqsı bilip aldıńız. Sebebi **Konstituciyada** mámleket tárepinen eń turaqlı, ózgermes huqıqlar hám jámiyet turmısı normaları bekkemlep qoyılǵan.

«Konstituciya» latınsha «*constitutio*» sózinen alınǵan bolıp, «***belgilew***», «***dúzilis***» degen mánislerdi ańlatadı, yaǵnıy Konstituciya jámiyet hám mámleket dúzilisin, mámleketlik hákimiyat hám basqarıw organlarınıń dúziw hám de olar iskerliginiń tiykarǵı principleri hám wákilliklerin, puqaralardıń tiykarǵı huqıqları hám minnetlerin, jámiyet hám shaxs ortasındaǵı múnásibetlerdi belgilep beredi.

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Qalǵan barlıq nızamlar, kodeksler, qararlar hám pármanlar konstituciya negizinde hám oǵan muwapıq tárizde qabıl etiledi. Al, bul mámlekettiń hárbir normativ hújjeti Konstituciyaǵa sáykes keliwi shárt ekenligin ańlatadı. Konstituciya jámiyetlik turmıstıń barlıq tarawlarına, siyasiy, ekonomikalıq, ruwxıy-ádeplilik, turmıs, miynet iskerligi, jeke turmısqa hám basqalarǵa tásirin tiygizedi.

**Mámleketimizde Ózbekstan Respublikası Konstituciyası hám nızamlarınıń ústinligi sózsiz tán alınadı**.

## *Este saqlań!*

***Konstituciya* – mámlekettiń Tiykarǵı nızamı,** onda insan hám puqaranıń huqıq hám erkinlikleri járiyalanadı, tastıyıqlanadı hám kepillik beriledi, mámlekettiń basqarıw forması hám aymaqlıq dúzilisi, hákimiyattıń oraylıq hám orınlardaǵı jergilikli organlarıń dúziw sisteması hám olardıń wákillikleri belgilenedi, sonday-aq, nızamshılıq, atqarıw organları hám sud hákimiyatı organlarıń dúziw tártipke salıp turıladı, saylaw sisteması, mámleket simvolları hám Konstituciyaǵa ózgerisler kirgiziw tártibi belgilenedi.




*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Konstituciya menen konstituciyalıq huqıq arasındaǵı ayırmashılıq sonda, Konstituciya konstituciyalıq huqıq tarawı, oqıw páni sıpatında konstituciyanı úyreniw predmetiniń tiykarǵı deregi esaplanadı, yaǵnıy konstituciyalıq huqıq – bul huqıq tarawı, al Konstituciya – usı tarawdıń deregi.




**_1-tapsırma_**

Tómendegi jaǵdaydı kóz aldıńızǵa keltiriń. Mámlekette huqıq-tártip, nızamlar hám huqıq normaları biykar etilgen. Adamlar nızamǵa ámel qılmay qoyǵan, basqa puqaralardıń huqıqların húrmet etpeydi, jınayatqa jaza tayınlaw hám jazadan azat etiw huqıqın óz qálewinde qaldırǵan.

*Ne dep oylaysız, bunday jaǵdayda mámlekette qanday hádiyseler júz beredi? Nızamlar joqlıǵınan kim kóp jábir kóredi?*

**_2-tapsırma_**

*Mámlekettegi huqıqıy tártip qanday sharayatqa baylanıslı dep oylaysız?*

## 2. KONSTITUCIYALÍQ HUQÍQ – HUQÍQTÍŃ JETEKSHI TARAWÍ

Huqıq ózinde ulıwma májbúriy normalar sistemasın jámlestiredi. Bul normalar mámlekette adamlar arasındaǵı hár qıylı múnásibetlerdi tártipke salıp turadı. Sonıń ishinde, ayırım normalar shańaraq turmısında payda bolatuǵın múnásibetlerdi, al ayırımları miynet yaki múlk múnásibetlerin tártipke saladı.

**_Este saqlań!_**

**Huqıq** – mámleket tárepinen nızamlarda hám basqa normativ-huqıqıy hújjetlerde belgilengen hám mámlekettiń májbúrlew kúshi menen qorǵalatuǵın, mámlekettiń bárshe xalqı ushın májbúriy bolǵan tártip qaǵıydaları sisteması.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Huqıqıy tártip** – jámiyettegi múnásibetlerdiń belgili bir halatı bolıp, oǵan mámlekettiń Tiykarǵı nızamı — Konstituciya hám basqa huqıqıy normalarına  májbúriy túrde bársheniń boysınıwı, shaxstıń huqıq hám erkinlikleriniń támiyinleniwi nátiyjesinde erisiledi.

**Konstituciyalıq huqıq** milliy huqıq sistemasında huqıqtıń jetekshi tarawı esaplanadı, sebebi eń joqarı yuridikalıq kúshke iye bolǵan Konstituciya onıń tiykarǵı deregi bolıp xızmet etedi.




***Este saqlań!***

> Konstituciya pútkil huqıqıy sistemanıń tiykarı bolıp xızmet etedi, óytkeni huqıqtıń rawajlanıwı Konstituciyadan baslanadı, tek onıń ózi basqa barlıq nızamlar hám normativ-huqıqıy hújjetlerge ómir baǵıshlaydı. Konstituciyanıń joqarı yuridikalıq kúshi de mine sonda ańlatıladı. Qalǵan barlıq huqıqıy hújjetler Tiykarǵı nızam — Konstituciyadan kelip shıǵadı hám oǵan muwapıq bolıwı kerek.

Huqıq sistemasın piramida kórinisinde kóz aldıńızǵa keltiriń. Konstituciya mine usı piramidanıń shıńında turadı desek, onıń shıńınan eń tómengi bólimine shekem bolǵan orınlarda basqa barlıq normativ hújjetler – nızamlar, kodeksler, qararlar, pármanlar, tarawǵa tiyisli normativler hám basqalar orın alǵanlıǵın ayqın kóresiz.

Konstituciyalıq huqıq normaları qalǵan barlıq yuridikalıq normalar, huqıqtıń hárbir tarawı, hárbir nızam hám nızam kúshine iye hújjettiń negizi sanaladı. Sonıń ushın da konstituciyalıq huqıq hár bir mámlekettiń milliy huqıq sistemasında jetekshi abıroyǵa iye.

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE




**Konstituciyalıq huqıqtıń tiykarǵı deregi – Konstituciya.** Biraq konstituciyalıq huqıq tek Konstituciyadan ibarat bolmaydı. Basqa nızamshılıq hám normativ-huqıqıy hújjetler de huqıqtıń mine usı tarawı derekleri esaplanadı.

## 3. KONSTITUCIYAǴA ÓZGERIS KIRGIZIW TÁRTIBI

Ózbekstan Respublikası Konstituciyasında onıń turaqlılıǵın támiyinlew, tez-tez ózgerisler kirgiziliwine qarsılıq qılıw boyınsha qorǵanıw ilajları názerde tutılǵan. Olar Tiykarǵı Nızamnıń VI bóliminde bayan etilgen bolıp, onda ózgerisler kirgiziw tártibi hám shártleri keltirilgen.

Ózbekstan Respublikası Konstituciyasına ózgerisler, tek tiyislisinshe Oliy Majlistiń Nızamshılıq palatası deputatları hám Senatı aǵzaları ulıwma sanınıń keminde úshten eki bóliminen ibarat kópshiligi tárepinen dawıs berilse yamasa Ózbekstan Respublikası referendumı procesinde kirgiziliwine jol qoyıladı. Nızamshılıq organı tiyisli usınıs kirgizilgennen keyin altı ay dawamında Konstituciyaǵa ózgerisler hám dúzetiwler kirgiziw haqqında keń hám hár tárepleme talqılawdı esapqa alǵan halda nızam qabıl etiliwi múmkin.

Eger Oliy Majlis Konstituciyaǵa ózgeris kirgiziw haqqındaǵı usınıstı biykarlasa, usınıs bir jıl ótkennen keyin ǵana qayta kirgiziliwi múmkin.

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Barlıq mámleketlik organlar óz aktleriniń Ózbekstan Respublikası Konstituciyasına muwapıqlıǵı ushın juwapker esaplanadı. Olar Konstituciyaǵa muwapıq jumıs alıp barıwları shárt.

## *3-tapsırma*

*Oylań hám juwap beriń:*

1. Jergilikli hákimiyat organlarınıń buyrıq hám qararlarında mámleket Konstituciyasına muwapıq emes halatlar bolıwı múmkin be?
2. Konstituciya huqıqıy múnásibetlerdi anıq tártipke salıp turıwı ushın qaysı huqıq tarawlarına baǵdarlanatuǵının aytıp beriń.
3. Ne dep oylaysız, «insannıń huqıqqa múnásibeti» túsiniginde ne kózde tutıladı?

**ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ KONSTITUCIYASÍNÍŃ BELGILERI**

- **Mámlekettiń Tiykarǵı nızamı**
- **Engizilgen nızamshılıqtıń tiykarǵı deregi, negizi**
- **Joqarı yuridikalıq kúshke iye**

## *4-tapsırma*

*Tómendegi jaǵdaylar menen tanısıń. Olarda nızamshılıq tiykarları yaki ádep normaları buzılǵanlıǵın anıqlań.*

***1-jaǵday.***

### Piton (buwma jılan) menen baylanıslı is

Cirkta haywanlardı úyretiwshi erli-zayıp M. napaqaǵa shıqqannan soń, óz menshik úyin 9 qabatlı úydegi kvartiraǵa almastıradı. Olardıń kvartirası birinshi qabatta jaylasqanlıqtan biyik diywal menen qorshap, háwlide haywanlardı jaqsı kóriwshiler klubın dúzdi. Ol jerde balalar haywanlardı baǵıw, úyretiw menen biypul shuǵıllanar edi. Erli-zayıp M. cirktan tamasha kórsetiwge jaramsız buwma jılan, maymıl hám kúshikler alıp kelgen edi.

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях

UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Tez arada onıń qońsılarınan sudqa shaǵım tústi. Olardıń shaǵımında erli-zayıp M. shug'ıllanıp atırǵan haywanlar kishkene balalardı qorqıtıp, átirapti pataslap atırǵanı, haywanlardı úyretiw waqtında shawqım salıp, xalıqqa kesent berip atırǵanlıǵın málim etken edi.

***2-jaǵday.***

### Jol háreketi hádiysesi

Jeńil avtomashina aydawshısı I. nawqas hayalın tezlik penen emlewxanaǵa alıp barıw zárúrligi sebepli tezlikti asırdı. Piyadalardıń ótiw ornında tormozdı basıwǵa úlgermey kósheni kesip ótip atırǵan U. hám S. nı qáǵıp jiberdi. Bul jolawshılar jaraqat almadı. Biraq S. qórqıp esinen tanǵanı ushın «Tez járdem» shaqırıwǵa tuwrı keldi. Sonday-aq, jábirleniwshiler jıǵılǵanında kiyimleri patas bolǵan edi. Aydawshı I. jábirleniwshi S. birazdan soń jaǵdayı jaqsılanǵanın hám hesh kim jaraqatlanbaǵanın kórgennen keyin mashinasında jónep ketti.

## *Juwmaq shıǵaramız*

**Konstituciyalıq huqıq:**

- Konstituciya – mámlekettiń Tiykarǵı nızamı;
- huqıq – mámlekettegi ulıwma májbúriy normalar sisteması;
- konstituciyalıq huqıq – huqıqtıń joqarǵı tarawı;
- konstituciyalıq huqıqtıń tiykarǵı deregi – Konstituciya;
- konstituciyalıq huqıq normaları jámiyet hám mámleket dúzilisi tiykarların bekkemlep qoyadı.

## *Ózińizdi sınań!*

**1.** Insanǵa Konstituciya ne ushın kerek? Ne ushın onı Tiykarǵı nızam dep ataydı?

**2.** Konstituciyalıq huqıq degenimiz ne? Konstituciyalıq huqıqtıń Konstituciyadan ayırmashılıǵı neden ibarat?

**3.** Huqıqtıń basqa tarawları menen konstituciyalıq huqıqtıń óz ara baylanıslılıǵı nelerde kórinedi?

**4.** Huqıq sistemasında konstituciyalıq huqıq qanday orın iyeleydi?

**5.** Konstituciyalıq huqıq ne ushın huqıqtıń jetekshi tarawı esaplanadı?

**6.** Konstituciyalıq huqıq normaların qanday dereklerden tabıw múmkin?

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 2-§. ÁMELIYAT SABAǴÍ

## ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ KONSTITUCIYASÍ MAZMUNÍ HÁM SÍPATLAMASÍ

**Tema ústinde islew nátiyjesinde:**

– Ózbekstan Respublikası Konstituciyası joybarı qalay keshkeni hám qabıl etiliwin;
– Ózbekstan Respublikası Konstituciyasınıń ózgeshelikleri nelerden ibarat ekenligin bilip alasız.

**1. Ózbekstan Respublikası Konstituciyasınıń qabıl etiliwi.**
**2. Kirisiw: maqset hám wazıypaları.**
**3. Konstituciyada járiyalanǵan ulıwma insanıy qádiriyatlar.**
**4. Ózbekstan Respublikası Konstituciyasınıń ústinligi.**
**5. Ózbekstan Respublikası Konstituciyasınıń dúzilisi.**

## 1. ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ KONSTITUCIYASÍNÍŃ QABÍL ETILIWI

Ózbekstan Respublikası Konstituciyası joybarı **1990-jıl 20-iyun**nan baslap alım, jámiyetlik ǵayratkerler hám mámleketlik basqarıw organları qánigeleri tárepinen puxta islep shıǵıldı. Konstituciya joybarınıń ulıwma xalıqlıq talqılawı úsh ay dawam etti. Ulıwma xalıqlıq talqılaw barısında kelip shıqqan 6 000 usınıs tiykarında joybarǵa 80 nen aslam dúzetiwler kirgizildi.

Keń ulıwma xalıqlıq talqılaw dawamında bildirilgen kóp sanlı usınıslar inabatqa alınǵan halda komissiya tárepinen tayarlanǵan Konstituciya joybarı Oliy Kengash talqılawına qoyıldı. **1992-jılı 8-dekabrde** Oliy Kengashtiń **XI sessiya**sında bul joybar maqullandı hám Ózbekstan Respublikasınıń házirgi ámeldegi Konstituciyası qabıl etildi.

Ǵárezsiz Ózbekstannıń birinshi Konstituciyası usı tárizde háreketke kirgizildi – ***8-dekabr – Ózbekstan Respublikası Konstituciyası qabıl etilgen kún,*** ulıwma xalıqlıq bayram dep járiyalandı.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях

UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## 2. ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ KONSTITUCIYASÍNÍŃ TIYKARǴÍ MAZMUNÍ

Konstituciya – mámlekettiń Tiykarǵı nızamı bolıp, konstituciyalıq dúzim, mámleket hám jámiyetlik qurılıstıń tiykarların belgilep beredi; nızam shıǵarıwshı, atqarıwshı hám sud hákimiyatı organların dúziwdi tártipke salıp turadı; saylaw sistemasın belgileydi; puqaralardıń huqıq hám erkinliklerin, mámleketlik nıshanlardı bekkemlep qoyadı; Konstituciyaǵa ózgerisler kirgiziw tártibin belgileydi.

Konstituciya jeke múlk hám bazar ekonomikasına tiykarlanǵan jańa jámiyetlik-siyasiy sistemanıń negizin jaratıp berdi. Jeke menshik múlkke iyelik etiwdiń basqa formaları qatarında mámleket ǵamxorlıǵında esaplanadı.

Konstituciyada ideologiyalıq hár qıylılıq, kóp partiyalılıq, yaǵnıy qanday da bir áhmiyetli máseleni sheshiw boyınsha pikirlerdiń hár qıylılıǵı kózde tutılatuǵın **sıyasıy plyuralizm** bekkemlep qoyılǵan.

Konstituciya mámleketti emes, al insandı birinshi orınǵa qoydı. Insan, onıń ómiri, erkinligi, abıroyı, qádir-qımbatı hám basqa da qol qatılmaytuǵın huqıqları joqarı qádiriyatlar dep járiyalandı.

Konstituciya, sonday-aq, puqara hám mámleketti óz ara huqıqlar hám minnetler menen baylanıstıratuǵın principti de bekkemlep qoydı.

## 3. KIRISIW: MAQSET HÁM WAZÍYPALARÍ

Konstituciyanıń kirisiw bólimi **Kirisiw** (preambula) esaplanadı. Onda Ózbekstannıń rawajlanıw jolınıń maqsetleri, wazıypaları hám principleri qısqasha formada sanap ótiledi.

Kirisiwdiń áhmiyetliligi sonda, Konstituciya tekstinde bayan etilgen barlıq qaǵıydalar onda járiyalanǵan tómendegi tiykarlar hám principlerge sáykes keliwi kerek, sonıń ishinde:

– insan huqıqlarına ámel qılıw;
– mámleketshilik negizi – suverenitet;
– mámleketti milliy mámleketshiliktiń tariyxıy tájiriybesine tayanıp rawajlandırıw;
– demokratiya hám sociallıq ádillik idealların tán alıw;
– xalıqaralıq huqıqtıń ulıwma tastıyıqlanǵan normaların tán alıw;
– insanpárwár demokratiyalıq huqıqıy mámleket qurıw;
– puqaralardıń tınıshlıǵı hám milliy tatıwlıǵın támiyinlew.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях

UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

***Este saqlań!***

**Konstituciyanıń Kirisiwi** – Tiykarǵı nızam qabıl etiliwine sebep bolǵan principler haqqında xalıqtıń saltanatlı bayanatı esaplanadı. Kirisiwde Konstituciya elimiz xalqı atınan járiyalanıp atırǵanlıǵı hám onıń arzıw-ármanları, niyetleri hám moynına alatuǵın minnetlemelerin sáwlelendiredi.

## 4. ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ KONSTITUCIYASÍNÍŃ ÚSTINLIGI



Ózbekstan Respublikası Konstituciyasınıń 15-statyasına muwapıq biziń mámleketimizde Ózbekstan Respublikası Konstituciyası hám nızamlarınıń ústinligi sózsiz tán alınadı. Mámleket hám onıń organları, lawazımlı shaxslar, jámiyetlik birlespeler, puqaralar Konstituciya hám nızamlarǵa muwapıq jumıs alıp baradı.

Ózbekstan Respublikası Konstituciyası joqarı yuridikalıq kúshke iye hám ol Ózbekstan Respublikasınıń pútkil aymaǵında qollanıladı.

Ózbekstan Respublikası nızamları hám basqa normativ-huqıqıy aktleri Ózbekstan Respublikası Konstituciyası tiykarında qabıl etiledi. Olar Konstituciyanıń normaları hám principlerine qarsı bolıwı múmkin emes. Bul mámlekettiń bárshe normativ hújjetleri Konstituciya normalarına muwapıqlastırılıp qabıl etiliwi shárt ekenin ańlatadı.

***Tiykarǵı Nızam belgileydi***

Bul Konstituciyanıń hesh bir qaǵıydası Ózbekstan Respublikası huqıq hám máplerine zıyan tiygizetuǵın tárizde talqılanıwı múmkin emes. Birde-bir nızam yaki basqa normativ-huqıqıy hújjet Konstituciya normaları hám qaǵıydalarına qayshı keliwi múmkin emes.

**Ózbekstan Respublikası Konstituciyası, 16-statya.**

Konstituciyanıń qatań hám itibarlı ózgesheligi ózbek xalqınıń áyyemgi mádeniyatı hám milliy qádiriyatlarına tiykarlanǵanlıǵında bolıp tabıladı.

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 5. ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ KONSTITUCIYASÍNÍŃ DÚZILISI

**Kirisiw**

**I bólim. Tiykarǵı principler.**

- 1-bap. Mámleket suvereniteti (1–6-statyalar).
- 2-bap. Xalıq hákimiyatshılıǵı (7–14-statyalar).
- 3-bap. Kostituciya hám Nızamnıń ústinligi (15–16-statyalar).
- 4-bap. Sırtqı siyasat (17-statya).

**II bólim. Insan hám puqaralardıń tiykarǵı huqıqları, erkinlikleri hám minnetleri.**

- 5-bap. Ulıwma qaǵıydalar (18–20-statyalar).
- 6-bap. Puqaralıq (21–23-statyalar).
- 7-bap. Jeke huqıq hám erkinlikler (24–31-statyalar).
- 8-bap. Siyasiy huqıqlar (32–35-statyalar).
- 9-bap. Ekonomikalıq hám sociallıq huqıqlar (36–42-statyalar).
- 10-bap. Insan huqıqları hám erkinlikleriniń kepilligi (43–46-statyalar).
- 11-bap. Puqaralardıń minnetleri (47–52-statyalar).

**III bólim. Jámiyet hám shaxs.**

- 12-bap. Jámiyettiń ekonomikalıq negizleri (53–55-statyalar).
- 13-bap. Jámiyetlik birlespeler (56–62-statyalar).
- 14-bap. Shańaraq (63–66-statyalar).
- 15-bap. Ǵalaba xabar quralları (67-statya).

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**IV bólim. Hákimshilik-aymaqlıq hám mámleketlik dúzilisi.**

- 16-bap. Ózbekstan Respublikasınıń hákimshilik-aymaqlıq dúzilisi (68–69-statyalar).
- 17-bap. Qaraqalpaqstan Respublikası (70–75-statyalar).

**V bólim. Mámleketlik hákimiyattıń dúziliwi**

- 18-bap. Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisi (76–88-statyalar).
- 19-bap. Ózbekstan Respublikasınıń Prezidenti (89–97-statyalar).
- 20-bap. Ministrler Kabineti (98-statya).
- 21-bap. Jergilikli mámleketlik hákimiyat tiykarları (99–105-statyalar).
- 22-bap. Ózbekstan Respublikasınıń sud hákimiyatı (106–116-statyalar).
- 23-bap. Saylaw sisteması (117-statya).
- 24-bap. Prokuratura (118–121-statyalar).
- 25-bap. Finans hám kredit (122–124-statyalar).
- 26-bap. Qorǵanıw hám qáwipsizlik (125–126-statyalar).

**VI bólim. Konstituciyaǵa ózgeris kirgiziw tártibi**

- Konstituciyanı ózgertiw tártibi (127–128-statyalar)

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Juwmaq shıǵaramız

**Konstituciyanıń mazmunı:**

- 1992-jılı 8-dekabr – Ózbekstan Respublikası Konstituciyası qabıl etiliwi;
- Konstituciyada insan, onıń ómiri hám erkinlikleri joqarı qádiriyat dep járiyalanǵan;
- mámleketlik organlar hám lawazımlı shaxslardıń jámiyet hám shaxs aldındaǵı juwapkershiligi názerde tutılǵan;
- siyasiy plyuralizm;
- insan mápleri mámleket máplerinen ústin;
- Konstituciya – mámleket hám elimiz xalqı ortasındaǵı shártnama;
- Konstituciya – mámlekettiń Tiykarǵı nızamı;
- Kirisiw, 6 bólim, 26 bap, 128 statyadan ibarat.

http://eduportal.uz

## Ózińizdi sınań!

1. Ózbekstan Respublikası Konstituciyasında qanday ulıwma insanıy qádiriyatlar bekkemlengen?
2. Siyasiy plyuralizm degenimiz ne?
3. Ózbekstan Respublikası Konstituciyasına muwapıq mámlekette qanday da bir mámleket ideologiyasınıń engiziliwi ne sebep qadaǵan etilgen?

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 3-§. ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ KONSTITUCIYASÍNÍŃ TIYKARĞÍ PRINCIPLERI

**Tema ústinde islew nátiyjesinde:**

– mámleket suverenitetiniń ne ekenligin;
– mámleket suvereniteti tán alınıwı qansha áhmiyetli ekenligin;
– demokratiyanıń mánisin;
– demokratiyalıq principlerdiń áhmiyetin bilip alasız.

**1. Mámleket suvereniteti.**
**2. Ózbekstan Respublikası – ǵárezsiz suveren mámleket.**
**3. Demokratiya – xalıq hákimiyatshılıǵı.**
**4. Konstituciyalıq dúzim principleri.**

## 1. MÁMLEKET SUVERENITETI

**Suverenitet – (**francuzsha *«souverainete»***)** – mámlekettiń óz ishki islerinde hám sırtqı múnásibetlerinde basqa mámleketlerden ǵárezsizligi esaplanadı.

***Tapsırma***

*Qanday pikirdesiz, házirgi zamanda dúnyadaǵı basqa mámleketlerden pútkilley ǵárezsiz mámleket bolıwı múmkin be? Basqasha aytqanda, qanday da bir mámleket tolıq mámleket suverenitine iye bolıwı múmkin be?*

***Tiykarǵı Nızam belgileydi***

Ózbekstan – suveren demokratiyalıq respublika. Mámlekettiń «Ózbekstan Respublikası» hám «Ózbekstan» degen atamaları bir mánisti ańlatadı.

**Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası, 1-statya.**

**Mámleket suvereniteti** hákimiyattı ámelge asırıwda, bul boyınsha payda bolatuǵın mashqalalardı sheshiwde tek mámleket ishinde emes, al sırtında da basqa mámleketlerden tolıǵı menen ǵárezsizlikti ańlatadı.

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях

UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

*Este saqlań!*

**Suverenitet** – mámleket ishinde hákimiyattıń tólıq ústinligi hám de sırtqı siyasatta ǵárezsizligi, onıń aymaǵında mámleket nızam shıǵarıwshı, atqarıwshı hám sud hákimiyatlarınıń tolıqlıǵı.

## 2. ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ – ǴÁREZSIZ SUVEREN MÁMLEKET

Mámleketti belgilewshi tároplerinen biri onıń mámleket suvereniteti esaplanadı. Mámleket suverenitetiniń tómendegi tiykarǵı principleri bar:

– mámleket aymaǵı, shegaralarına qol qatılmaslıǵı hám bólinbewi;
– ǵárezsiz ishki hám sırtqı siyasat;
– xalıqaralıq huqıqtıń tiykarǵı principlerin tán alıw, húrmet etiw;
– mámleketlik til ózbek tili ekenligi;
– óz rawajlanıw jolın, mámleketlik nıshanlardı tańlawdaǵı erkinlik hám basqalar.

1991-jılı 31-avgustta Ózbekstan SSR Oliy Kengashiniń gezekten tısqarı VII sessiyasında Respublikamız ǵárezsiz mámleket dep járiyalandı. Usı sessiyada **«Ózbekstan Respublikası mámleket ǵárezsizliginiń tiykarları haqqında»**ǵı Nızam qabıl etildi. Ol Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası qabıl etilgen 1992-jıl 8-dekabrge shekem Tiykarǵı nızam rolin atqarıp keldi.






*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

1991-jılı 29-dekabrde birinshi márte alternativlik tiykarda Ózbekstan Prezidenti saylawı bolıp ótti.

**1991-jılı 18-noyabrde «Ózbekstan Respublikası Mámleketlik bayraǵı haqqında»**ǵı Nızam, 1992-jılı 2-iyulda – **«Ózbekstan Respublikası Mámleketlik gerbi haqqında»**ǵı Nızam, 1992-jılı 10-dekabrde – **«Ózbekstan Respublikası Mámleketlik gimni haqqında»**ǵı Nızam qabıl etildi.

**Ózbekstan Respublikası suvereniteti belgileri:**

- óz konstituciyalıq-huqıqıy sisteması;
- mámleket aymaǵı hám onıń shegaraları;
- joqarı hákimiyat organları sisteması;
- birden-bir Quralllı Kúshler;
- mámleketlik múlk;
- birden-bir pul-kredit sisteması;
- mámleketlik nıshanlar bar ekenligi;
- xalıqaralıq múnásibetler subyekti ekenligi;

***Tiykarǵı Nızam belgileydi***

Ózbekstan Respublikası óziniń milliy-mámleket hám hákimshilik-aymaqlıq dúzilisin, mámleketlik hákimiyat hám basqarıw organlarınıń sistemasın belgileydi, ishki hám sırtqı siyasattı ámelge asıradı.

Ózbekstannıń mámleketlik shegarası hám aymaǵına qol qatılmaydı hám bólinbes esaplanadı.

**Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası, 3-statya.**

Mámleket ǵárezsizligine erisiliwi Ózbekstanǵa erkin rawajlanıw jolına qádem qoyıwına, dúnya sherikligine xalıqaralıq múnásibetlerdiń tolıq huqıqlı subyekti sıpatında kiriwine múmkinshilik berdi.

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях

UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 3. DEMOKRATIYA – XALÍQ HÁKIMIYATSHÍLÍǴÍ

Xalıq hákimiyatshılıǵı principi elimizdiń Tiykarǵı nızamında ańlatılǵan bolıp, onda xalıq mámleket hákimiyatınıń birden-bir deregi ekenligi atap kórsetilgen.

***Tiykarǵı Nızam belgileydi***

Xalıq mámleket hákimiyatınıń birden-bir deregi esaplanadı.
**Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası, 7-statyadan.**

**«Xalıq hákimiyatshılıǵı»** ataması grekshe **«demokratiya»** (*demos* – xalıq, *kratos* – hákimiyat) sóziniń awdarması. Bul túsinik tuńǵısh ret Áyyemgi Greciyada payda bolıp, pútkil dúnyaǵa keń tarqaldı.

**Demokratiya – bul:**

– saylap qoyılatuǵın hákimiyat organlarında qatnasıw;
– puqaralardıń mámleketti basqarıwda qatnasıwı;
– bársheniń hám hár kimniń nızam aldında teńligi;
– jámiyet hám insan qáwipsizligi;
– puqaralardıń huqıq hám erkinlikleriniń pútinligi;
– insan abadanlıǵı hám mápleri haqqında mámlekettiń ǵamxorlıǵı;
– insan huqıq hám erkinliklerin qorǵawdıń kepillik berilgen mexanizminiń bar ekenligi.

Óz tariyxı dawamında insaniyat demokratiyanıń eki formasın jaratqan:

**– tikkeley, yaǵnıy tuwrıdan-tuwrı demokratiya.** Bunda xalıq mámleket islerin wákillersiz ózi sheshedi (saylaw, referendum, puqaralardıń múrajaatı nızam joybarları talqılanıwı hám basqalar arqalı);

**– janapay yaǵnıy wákillik demokratiyası.** Bunda xalıq suveren huqıqlarınan paydalanıp ózleri saylap qoyǵan wákilleri (deputatlar hám senatorlar) arqalı ámelge asıradı.






*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**XALÍQ HÁKIMIYATSHÍLÍǴÍ**

**Tikkeley (tuwrıdan-tuwrı) demokratiya**

**Janapay (wákillik arqalı) demokratiya**

Mámleket kólemindegi mashqalalardı tikkeley xalıqtıń qatnasıwında, **referendumda,** yaǵnıy mámlekettiń siyasiy turmısınıń eń áhmiyetli máseleleri boyınsha ótkeriletuǵın ulıwma xalıqlıq talqılawda hám tikkeley dawıs beriwge qatnasıwı arqalı ańlatıladı.

Xalıq atınan tek olar saylaǵan Prezident, Oliy Majlis deputatları hám senatorlar jumıs alip barıwı múmkin.

### *Tiykarǵı Nızam belgileydi*

Jámiyet hám mámleket turmısınıń eń áhmiyetli máseleleri xalıq talqılawına usınıladı, ulıwma dawısqa (referendumǵa) qoyıladı. Referendum ótkeriw tártibi nızam menen belgilenedi.

**Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası, 9-statya.**

**ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍNDA XALÍQ HÁKIMIYATSHÍLÍǴÍ FORMALARÍ**

- **Referendum**
- **Saylaw**
- **Nızam joybarların talqılaw**
- **Mámleketlik organlarǵa shaǵımlar menen jeke tártipte hám jámáát túrinde múrájat etiw**
- **Puqaralardıń mámleket hám jámiyet islerinde qatnasıwı**

Mámleket qarar qabıl etiwi ushın jámáátshilik pikirin biliw zárúr bolıp qalǵanda Konstituciya, nızamlardıń joybarları ulıwma xalıq talqılawına qoyılıwı, yaǵnıy referendum ótkeriliwi múmkin. Ulıwma xalıq referendumı pútkil mámleket kóleminde yáki jergilikli aymaqta ótkeriliwi múmkin. Máselen, 2002-jılı 27-yanvarda Ózbekstan Respublikasında

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE
referendum ótkerilip, onda gezektegi shaqırıqta Ózbekstan Respublikasınıń eki palatalı parlamentin saylaw haqqında másele sheshildi. Referendumda qatnasqan kópshilik puqaralar bul máselege unamlı juwap berdi. Usı tárizde Ózbekstan Respublikasında eki palatalı parlament payda bolǵan.

## 4. KONSTITUCIYALÍQ DÚZIM PRINCIPLERI

Demokratiyalıq mámlekettiń eń áhmiyetli konstituciyalıq principlerinen biri **hákimiyattıń bóliniw principi** bolıp esaplanadı (Ózbekstan Respublikası Konstituciyası, 11-statya).

Usı principke muwapıq mámleketlik hákimiyat nızamshılıq, atqarıwshı hám sud hıkimiyatı organlarına bólinedi.

Bunda hárbir hákimiyat tarawı hákimiyat wákillikleri sheńberinen shetke shıǵıw hám onı óz mápi ushın paydalanıw imkániyatına jol qoymaǵan halda basqasın tıyıp turıwı zárúr. Hákimiyatlardıń hesh birewi de basqasınıń jumısına aralaspawı kerek. Bul principtiń ámeldegi kórinisi qanday da bir topar yaki jeke shaxs tárepinen hákimiyattı iyelep alıwına jol qoymawǵa qaratılǵan. Tek nızamǵa boysınıwları shárt bolǵan sudlaw organları jumısına aralasıw ayrıqsha qáwip-qáter tuwdıradı.

***Tiykarǵı Nızam belgileydi***

Ózbekstan Respublikası mámleketlik hákimiyat sisteması – hákimiyattıń nızam shıǵarıwshı, atqarıwshı hám sud hákimiyatına bóliniw principine tiykarlanadı.

**Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası, 11-statya.**





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Juwmaq shıǵaramız

**Ózbekstan Respublikası Konstituciyasınıń tiykarǵı principleri**

- suverenitet – mámlekettiń ishki hám sırtqı islerinde tolıq ǵárezsizligi;
- xalıq hákimiyatshılıǵı: referendum, saylaw, jıynalıs hám basqalar;
- demokratiya: tikkeley (tuwrıdan-tuwrı), janapay (wákillik);
- hákimiyatlardıń bóliniwi: nızam shıǵarıwshı, atqarıwshı hám sud;
- mámleketlik nıshanlar: bayraq – 1991-jıl 18-noyabr, gerb – 1992-jıl 2-iyul, gimn – 1992-jıl 10-dekabr.
- **1991-jıl 29-dekabr**de Ózbekstan Prezidenti saylawı alternativ tiykarda bolıp ótti;
- Ózbekstan Respublikası Konstituciyası **1992-jılı 8-dekabr**de qabıl etilgen;

## Ózińizdi sınań!

1. Mámleket suvereniteti degenimiz ne?
2. Mámleket suvereniteti onıń hákimiyatı sheklenbegenligin ańlata ma?
3. Mámleket suvereniteti insan huqıqları menen qalay muwapıqlastırıladı?
4. Demokratiyanıń mánisi nede, ol qanday formalarda ámelge asırıladı?
5. Ózbekstan xalqı atınan kim is alıp barıwı múmkin?
6. Konstituciyalıq principler degende neni túsiniw kerek?

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 4-§. ÁMELIYAT SABAǴÍ
# ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍNÍŃ SÍRTQÍ SIYASATÍ

**Tema ústinde islew nátiyjesinde:**

– mámlekettiń sırtqı siyasiy isleri nelerden ibarat ekenligin;

– Ózbekstannıń mámleket ǵárezsizligine erisiwi sırtqı siyasiy baylanıslarına qanday tásir etkenligin bilip alasız.

**1. Mámlekettiń sırtqı siyasiy isleri.**
**2. Ózbekstan Respublikası sırtqı siyasatınıń tiykarǵı principleri.**

## 1. MÁMLEKETTIŃ SÍRTQÍ SIYASIY ISLERI

Búgin huqıqqa tiyisli júdá áhmiyetli temalardan biri, elimizdiń sırtqı siyasatı haqqında sóz etemiz.

*1-tapsırma*

Sabaqlıq paragrafı materiallarınan paydalanǵan halda tómendegi tapsırmalardı orınlań:

**1. Mámlekettiń sıtrqı siyasatına tiyisli mısal keltiriń.**

**2. Ózbekstan Respublikası xalıqaralıq múnásibetlerde tolıq huqıqlı subyekt ekenligin mısallarda dáliyllep beriń.**

**3. Xalıqaralıq shólkemler menen birge islesiwde mámleketimizdiń tiykarǵı maqsetleri hám wazıypaların anıq mısallar menen kórsetiń.**

*2-tapsırma*

Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh. Mirziyoevtiń sabaqlıqta keltirilgen pikirlerinen birin tańlap, mámleketimizdiń sırtqı siyasatına múnásibetin bildiriwge háreket etiń.

Tómendegi qatarlardı dawam ettirip, óz pikirińizdi bayan etiń:

**Menińshe, ...**

**Bunı mınaday dáliylley alaman, yaǵnıy...**

**Bunnan mınaday juwmaq shıǵardım, yaǵnıy...**

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях

UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



1. «Elimizdiń qatań poziciyası burınǵısınsha ózgermeydi, hár qanday áskeriy-siyasiy bloklarǵa qosılmaw, Ózbekstan aymaǵında basqa mımleketlerdiń áskeriy bazaları hám obyektlerin jaylastırmawǵa, sonday-aq, elimizden tısqarıda áskeriy xızmetkerlerimiz bolıp turıwına jol qoymaw bolıp qalmaqta».

2. «Jaqın qońsılarımız bolǵan Túrkmenstan, Qazaqstan, Qırǵızstan, Tájikstan menen qatnasıqlarda ashıqlıq, tilekleslik hám pragmatik siyasat júrgiziwge sadıq bolıp qalaberemiz».

3. «ǴMDA mámleketleri menen qatnasıqlardı rawajlandırıwǵa, Strategiyalıq sheriklik haqqındaǵı shártnama, Awqamlaslıq haqqındaǵı shártnama hám basqa áhmiyetli kelisimler tiykarında Rossiya Federaciyası menen doslıq baylanıslardı hár tárepleme bekkemlewge ayrıqsha orın ajıratıladı. Bul hújjetler eki mámleket máplerine de juwap beredi hám de regionda turaqlılıq hám qáwipsizlikti bekkemlewge xızmet etedi».

4. «Jaǵdaydı joldan shıǵarıwdı qálewshi, kelispewshilik, dushpanlıq, jánjel tuqımın shashıwshı, hátte qan tógiwdi qálewshi kúshler bar ekenligi sır emes. Tınıshsız zamanda hám tınıshsız regionda jasap kiyatırǵanımızdı tikkeley hám ashıqtan-ashıq tán alıwımız kerek».

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

5. «Watanımızdı isenimli qorǵaw, onıń qorǵanıw uqıplılıǵın bekkemlewdi, mámleket shegaralarına qol qatılmawın támiyinleytuǵın hám kepillik beretuǵın is-ilajlar kompleksin ámelge asırıwdı dawam etiw zárúr. Ishki hám sırtqı kúshlerdiń elimiz suvereniteti hám ǵárezsizligine hár qanday qáwip qatań saplastırıladı».

**Sırtqı siyasat** – óz shegaralarınan sırtta xalıqaralıq turmısta qatnasqan halda mámlekettiń basqa mámleketler, xalıqaralıq shólkemler menen qatnasıqların, mámlekettiń xalıqaralıq múnásibetlerdegi ulıwma siyasatın ámelge asırıwdan ibarat iskerligi.

***Este saqlań!***

**Xalıqaralıq huqıq** – xalıqaralıq sóylesiw barısında mámleketler aralıq xalıqaralıq shólkemler menen múnásibetlerdi tártipke salıp turıwshı yuridikalıq qaǵıydalar jıynaǵı.

**Basqa mámleketler menen óz ara** múnásibetlerdegi óz huqıq hám minnetlerin sırttan qanday da qáwipsiz ámelge asırıw múmkin bolǵan ǵárezsiz mámleket ǵana xalıqaralıq múnásibetler subyektine aylanıwı múmkin. Xalıqaralıq huqıq subyekti bir mámlekettiń basqa bir mámleket ústinen hákimligin tán almaydı. Bunday mámleket oʻziniń sırtqı siyasatın ámelge asırıw boyınsha ǵárezsiz esaplanadı.

***Tiykarǵı Nızam belgileydi***

Ózbekstan Respublikası xalıqaralıq múnásibetlerdiń tolıq huqıqlı subyekti esaplanadı.

**Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası, 17-statyadan.**

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Pútkil insaniyat tariyxında biziń planetamızda 15 mıńnan aslam urıs bolıp ótken. Olarda 3,5 mlrd átirapında adam nabıt bolǵan. Sonlıqtan adamlar barqulla payda bolǵan mashqalalardı tınıshlıq jolı menen sheshiwdi oylaǵan.

Ekinshi jer júzilik urıs (1939–1945-jıllar) tamamlanǵannan soń tınıshlıq hám qáwipsizlikti qollap-quwatlaw hám saqlaw maqsetinde 1945-jılı 24-oktyabrde San-Francisko (AQSH) qalasında 51 mámleket wákilleri Tınıshlıq konstituciyası dep esaplawǵa huqıqlı bolǵan Birlesken Milletler Shólkemi (BMSH) niń Ustavın tastıyıqladı.

Házirgi waqıtta 193 mámleket, sonıń ishinde, Ózbekstan da BMSH aǵzası esaplanadı. Ózbekstan 1992-jıl 2-martta BMSH iniń tolıq huqıqlı aǵzası bolǵan.

**Barlıq mámleketler – BMSH qatnasıwshıları óz jumıslarında tómendegi principlerge ámel qılıw minnetlemesin aladı:**

– xalıqaralıq norma hám shártnamalarǵa ámel qılıw;
– kelispewshiliklerdi tınısh jol menen tártipke salıw;
– kúsh penen qáwip salıw yaki onı qollanıwdan tıyılıw;
– ishki islerge hám birge islesiwlerge aralaspaw.

Ǵárezsizlik járiyalanǵan dáslepki kúnlerden-aq Ózbekstan Respublikası dúnya sherikligine kiriw jolın tańladı.

Sonnan, 1993-jılı 26-fevralda mámleketimiz EQBXSH (Evropada qáwipsizlik hám birge islesiw boyınsha Xalıqaralıq shólkem)ge;

— 1993-jılı 29-oktyabrde — Birlesken Milletler Shólkeminiń Bilimlendiriw, ilim hám mádeniyatqa qánigelesken mákemesi — YuNESKO ǵa;



— 1995-jılı 22-dekabrde BMSh nıń YuNISEF Xalıqaralıq Ayrıqsha Balalar fondına;

— 2001-jılı 15-iyunda SHDSH (Shanxay doslıq Shólkemi)ne hám basqa shólkemlerge qabıl etildi.

Ózbekstan ǴMDA mámleketleri, Evropa Awqamı, Xalıqaralıq valyuta qorı, Pútkil dúnya banki, Aziya

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE
Rawajlanıw Banki (ARB) hám Islam Birge islesiw Shólkemi (IBSh) hám basqa xalıqaralıq shólkemler menen birge islespekte.

Házir dúnyanıń 146 dan aslam mámleketi Ózbekstandı ǵárezsiz mámleket sıpatında tán alǵan. Solay etip, mámleketimiz dúnya sherikliginde xalıqaralıq huqıq subyekti sıpatında o'ziniń ılayıqlı ornın iyeledi.

## 2. ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ SÍRTQÍ SIYASATÍNÍŃ TIYKARǴÍ PRINCIPLERI

**Mámlekettiń Tiykarǵı nızamında bekkemlep qoyılǵan sırtqı siyasat principleri (17-statya) qatarına tómendegiler kiredi:**

– mámleketlerdiń suveren teńligi principi, yaǵnıy basqa mámleketler suverenitetin húrmet etiw minnetlemesi;

– kúsh jumsamaw yaki kúsh penen qáwip salmaw principi;

– shegaralarǵa qol qatılmaw principi;

– basqa mámleketlerdiń ishki islerine aralaspaw principi;

– jánjellerdi tınısh jol menen sheshiw principi, sonday-aq, mámlekettiń, xalıqtıń joqarı mápleri, abadanlıǵı hám qáwipsizligin támiyinlew maqsetinde awqamlar dúziw, doslıq hám basqa mámleketler aralıq dúzilmelerge kiriw hám onnan bólinip shıǵıw principi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Tiykarǵı Nızam belgileydi

Ózbekstan Respublikası Qurallı Kúshleri Ózbekstan Respublikasınıń mámleketlik suverenitetin hám aymaqlıq pútinligin, xalıqtıń tınısh turmısı hám qáwipsizligin qorǵaw ushın dúziledi.

**Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası, 125-statyadan.**

## Juwmaq shıǵaramız

**Ózbekstan Respublikasınıń sırtqı siyasatı**

- xalıqaralıq qatnasıqlardıń teń huqıqlı aǵzası;
- xalıqaralıq huqıq normaları ústinliginiń tán alınıwı;
- **sırtqı siyasat principleri:**
  - suveren teńlik;
  - mámlekettiń ishki islerine aralaspaw;
  - kúsh jumsamaw yamasa kúsh penen qáwip salmaw;
  - jánjellerdi tınısh jol menen sheshiw;
  - shegaraǵa qol qatılmaslıq;
  - awqamlar dúziw hám olardan bólinip shıǵıw;
- 1991-jıl – ǴMDA; 1992-jıl – BMSH; 1993 – YUNESKO; 1995-jıl — YuNISEF; 2001 – SHDSH;
- Ózbekstan Respublikasınıń mámleketlik ǵárezsizligin 146 dan aslam mámleket tán aldı.

## Ózińizdi sınań!

**1.** Mámlekettiń sırtqı siyasiy isleri jámiyetlik turmıstıń qaysı tarawında hám qanday maqsetlerde ámelge asırıladı?

2. Qanday mámleket xalıqaralıq qatnasıqlardıń tolıq huqıqlı subyekti esaplanadı?

3. Ózbekstan Respublikası qaysı xalıqaralıq shólkemler jumısında qatnaspaqta?

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Úyrenilgen temalar boyınsha bilimlerińizdi sınań.**

## ARALÍQ QADAǴALAW USHÍN SORAWLAR

***Qıynalǵanda qawsırma ishinde kórsetilgen sabaqlıq betlerine múrajat etiń.***

1. Latınshadan awdarǵanda «konstituciya» sózi tómendegi mánisti ańlatadı? (5-b.)
2. Konstituciya neni belgilep beredi? (5-b.)
3. Ózbekstan Respublikası Konstituciyasınıń tiykarǵı mazmunın sanap beriń. (6-b.)
4. Konstituciya konstituciyalıq huqıqtan nesi menen parıqlanadı?
5. Huqıq degenimiz ne? (7-b.)
6. Mámlekette huqıq-tártip qalayınsha támiyinlenedi? (7-b.)
7. Huqıqıy múnásibetlerdi tolıq tártipke salıp turıw ushın Konstituciya qaysı tarmaqlarǵa baǵdarlanıladı? (8-b.)
8. Konstituciyalıq huqıq huqıqtıń ne ushın jetekshi tarmaǵı sanaladı? (8-b.)
9. Qaysı huqıqıy normalar konstituciyalıq huqıqtıń deregi qatarına kiredi? (9-b.)
10. Ózbekstan Respublikası Konstituciyasınıń tiykarǵı belgilerin sanap beriń. (10-b.)
11. Ózbekstan Respublikasınıń ámeldegi Konstituciyası qashan qabıl etilgen? (12-b.)
12. Ózbekstan Respublikası Konstituciyası Kirisiwininń tiykarǵı maqsetin aytıń. (13–14-b.)
13. Mámlekettiń ishki hám sırtqı múnásibetlerde basqa mámleketlerden ǵárezsizligi qalay ataladı? (18-b.)
14. Mámleket suvereniteti belgilerin sanap beriń. (18-b.)
15. «Ózbekstan Respublikası Mámleketlik bayraǵı haqqında» ǵı Nızam qashan qabıl etilgen? (20-b.)
16. «Ózbekstan Respublikası Mámleketlik gerbi haqqında»ǵı Nızam qashan qabıl etilgen? (20-b.)
17. «Ózbekstan Respublikası Mámleketlik gimni haqqında»ǵı Nızam qashan qabıl etilgen? (20-b.)
18. Referendum degenimiz ne? (22-b.)
19. Ózbekstan Respublikasınıń júdá áhmiyetli konstituciyalıq principlerin sanap beriń. (23-b.)
20. Ózbekstan Respublikası mámleketlik hákimiyatı sisteması qaysı principke tiykarlanǵan? (23-b.)
21. Ózbekstan xalqı atınan kim jumıs alıp barıwı múmkin? (24-b.)
22. Xalıqaralıq huqıq subyekti bolıw neni ańlatadı? (27-b.)
23. Birlesken Milletler Shólkemine aǵza mámleketler óz háreketlerinde ámel qılıw minnetlemesin alǵan principlerdi sanap beriń. (28-b.)
24. Ózbekstan Respublikası sırtqı siyasatı tiykarǵı principlerin sanap beriń. (29-b.)
25. Ózbekstan Respublikasında Quralllı Kúshler qanday maqsetlerde dúzilgen hám bekkemlenbekte? (30-b.)
26. Ózbekstan Respublikası qaysı xalıqaralıq shólkemler jumısında qatnaspaqta? (28-b.)
27. Ózbekstan ǵárezsizligin házirgi waqıtta qansha mámleket tastıyıqlaǵan? (29-b.)

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# II bólim
# INSAN HÁM PUQARALARDÍŃ TIYKARǴÍ HUQÍQLARÍ, ERKINLIKLERI HÁM MINNETLERI

Ózbekstan Respublikasında barlıq puqaralar birdey huqıq hám erkinliklerge iye bolıp, jınısı, rasası, milleti, tili, dini, sociallıq kelip shıǵıwı, isenimi, shaxsı hám jámiyettegi ornına qaramastan nızam aldında teń esaplanadı.

**Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası, 18-statyadan**

## 5-§. INSAN HÁM PUQARALARDÍŃ TIYKARǴÍ HUQÍQLARÍ HÁM ERKINLIKLERI

**Tema ústinde islew nátiyjesinde:**

– insan hám puqaralar qanday huqıq hám erkinliklerge iye ekenligin;

– Ózbekstan Respublikasında mámleket hám puqaralar ortasındaǵı óz ara baylanıslar haqqında bilip alasız.

**1. Insan hám mámleket: olar óz ara qalay baylanısqan?**
**2. Hákimiyat degenimiz ne?**
**3. Insan hám puqaralardıń tiykarǵı huqıqları hám erkinlikleri.**

### 1. INSAN HÁM MÁMLEKET: OLAR ÓZ ARA QALAY BAYLANÍSQAN?

Tariyxta insan óz huqıqları ushın gúrespegen dáwir bolmaǵan. Adamlardıń óz huqıqları ushın gúresi barısında ılayıqlı turmıs keshiriw huqıqı jaqlanǵan kóplegen ideyalar, teoriyalar hámde táliymatlar payda boldı hám rawajlandı.

Oyanıw dáwiri oyshılları Shıǵıstıń ataqlı huqıqtanıwshılarınan biri Imam Burxaniddin al-Marǵinoniydiń hárbir insannıń tábiyiy huqıqlarına, ol mine usı mámlekettiń puqarası ekenligi yáki kerisinshe ekenligine qaramastan, boysınıwın nızamlastırıw hám támiyinlew zárúr-

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях

UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

ligi haqqındaǵı ideyasın jaqladı. Mine, usı dáwirden baslap mámleketke pútkilley basqasha – shaxs huqıqların ayaq astı etiwshi institut (shólkem) sıpatında emes, al onıń insan hám jámiyet máplerine xızmet etiwi kóz qarasınan qaralmaqta.

***Tiykarǵı Nızam belgileydi***

Ózbekstan Respublikasında demokratiya ulıwma insanıy principlerge tiykarlanadı, olar boyınsha insan, onıń ómiri, erkinligi, abıroyı, qádir-qımbatı hám basqa da qol qatılmas huqıqları joqarı qádiriyat esaplanadı.

**Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası, 13-statyadan.**

Insan huqıqlarına Ózbekstan Respublikası Konstituciyasınıń II bólimi baǵıshlanǵan bolıp, bul bólim «Insan hám puqaralardıń tiykarǵı huqıqları, erkinlikleri hám minnetleri» dep ataladı (18–52-statyalar).

Solay etip, Konstituciyamızda insannıń huqıq hám erkinliklerin tán alıw, olarǵa ámel qılıw hám olardı qorǵaw — mámlekettiń minnetlemesi degen qaǵıyda bekkemlep qoyılǵan.

http://eduportal.uz

## 2. HÁKIMIYAT DEGENIMIZ NE?

**Hákimiyat** – bul adamlar, materiallıq obyektler, aymaqlardı basqarıw, buyrıq beriw imkaniyatı. Ol avtoritet, sóz, is-háreket, sonday-aq, májbúr etiw járdeminde ámelge asırıladı.

Ózbekstan Respublikası Konstituciyasınıń 7-statyasında xalıq mámleketlik hákimiyattıń birden-bir deregi ekenligi haqqındaǵı qaǵıyda bekkemlep qóyılǵan. Ózbekstanda mámleketlik hákimiyat xalıq mápleri tiykarında hám tek Ózbekstan Respublikası Konstituciyası menen wákillik berilgen organlar hám de Konstituciya tiykarında qabıl etilgen nızamshılıq penen ámelge asırıladı.

Konstituciyada kórsetilmegen tártipte hákimiyat organları isin toqtatıw yaki biykarlaw, mámleketlik hákimiyat wákilligin beriw, jańa hákimiyattıń parallel dúzilmesin dúziw Konstituciyaǵa qarsı esaplanadı hám nızam bóyinsha juwapkerlikke tartıladı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE




## 3. INSAN HÁM PUQARANÍŃ TIYKARǴÍ HUQÍQLARÍ, ERKINLIKLERI HÁM MINNETLERI

Konstituciyanıń ekinshi bólimi tolıq insan hám puqaralardıń tiykarǵı huqıqları, erkinlikleri hám minnetlerine baǵıshlanǵan. Óz mazmunı boyınsha hárbir insan hám puqara huqıqları bir-birine sáykes keledi, biraq puqaralıqqa iye bolǵan shaxslardıń huqıqları hám puqaralıqqa iye bolmaǵan shaxslar huqıqları bir-birinen kólemi jaǵınan parıqlanadı. Puqaralıqqa iye bolǵan shaxslardıń huqıqları kólemi eldiń mámleketlik organlarǵa saylaw hám saylanıw, mámleketlik mákemelerde juwapkerli lawazımlarda islew huqıqına, dál sol mámleket armiyasında xızmet etiw minnetine iye bolmaǵan shaxslardikine qaraǵanda kóbirek boladı.

Mámleket puqaralarınıń Tiykarǵı nızamda kórsetilgen huqıq hám erkinliklerine kepillik haqqında qaǵıyda Konstituciyada bekkemlep qoyılǵan.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# INSAN HÁM PUQARANÍŃ TIYKARǴÍ HUQÍQ HÁM ERKINLIKLERI

**Jeke** | **Siyasiy** | **Ekonomikalıq hám sociallıq**

**Jeke huqıq hám erkinlikler**
(Ózbekstan Respublikası Konstituciyasınıń 24–31-statyaları):

- jasaw;
- erkinlik, sudta qorǵaw hám shaxsqa qol qatılmaslıq;
- abıroyı hám atagına qáwip salınıwınan, jeke ómirine aralasıwdan qorǵanıw hám turaq jayına qol qatılmaslıq huqıqı;
- bir jerden basqa jerge kóshiw hám jasaw ornın tańlaw erkinligi;
- pikirlew, sóz hám isenim erkinligi;
- puqaranıń huqıq hám máplerine tiyisli bolǵan hújjetler, qararlar hám basqa materiallar menen tanısıp shıǵıw;
- hújdan hám dinge iseniw erkinligi.

**Siyasiy huqıqlar**
(Ózbekstan Respublikası Konstituciyasınıń 32–35-statyaları):

- jámiyetlik hám mámleketlik islerdi basqarıwda qatnasıw huqıqı;
- Ózbekstan Respublikasınıń nızamshılıǵına muwapıq mitingler, tınısh jıynalıslar hám shıǵıwlar formasında óz belsendiligin kórsetiw huqıqı;
- mámleketlik hákimiyattıń wákillik organlarına saylaw hám saylanıw huqıqı;
- kásiplik awqamlar, siyasiy partiyalar hám basqa jámáátlik birlespelerge birlesiw, massalıq háreketlerde qatnasıw huqıqı;
- mámleketlik organlar, mákemeler yaki xalıq wákilligine arzalar, shaǵımlar hám usınıslar menen múrájat etiw huqıqı.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Ekonomikalıq hám sociallıq huqıqlar** (Ózbekstan Respublikası Konstituciyasınıń 36–42-statyaları):

- jeke múlk iyesi bolıw huqıqı;
- miynet etiw sharayatına iye bolıw hám jumıssızlıqtan qorǵanıw huqıqı, jumıs hám kásip tańlaw erkinligi;
- jasına qarap (pensiya), miynetke uqıbın joǵaltqanda, sonday-aq, baǵıwshısınan ayrılǵanda sociallıq támiyinleniw huqıqi;
- nızam menen qadaǵan etilmegen ekonomikalıq xızmet huqıqı;
- tólenetuǵın dem alıs huqıqı;
- qánigeli medicinalıq járdemnen paydalanıw huqıqı.

**Mádeniy huqıqlar** (Ózbekstan Respublikası Konstituciyasınıń 41–42-statyaları):

- bilim alıw huqıqı, biypul ulıwma bilim alıwǵa kepillik berilgen;
- ilimiy hám texnikalıq dóretiwshilik erkinligi huqıqı;
- mádeniy jetiskenliklerden paydalanıw huqıqı.





Puqaralardıń barlıq huqıq hám erkinlikleri **Ózbekstan Respublikası Konstituciyasınıń 18–46-statyalarında bekkemlep qoyılǵan hám olar** jeke, siyasiy, ekonomikalıq, sociallıq hám mádeniy huqıqlarǵa bólinedi.

uzeduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## 1-tapsırma

*Sizińshe, ózimizdi erkin hám ǵárezsiz insan dep seziwimiz ushın biz qanday huqıq hám erkinliklerge iye bolıwımız kerek?*

Hár qanday mámleket xalqı tek usı mámleket puqaralarınan emes, al ol yamasa bul sebepler menen onda waqıtsha jasap atırǵan yamasa turaqlı jasap atırǵan adamlardan da ibarat boladı. Shet el puqaraları yamasa óziniń shet elge tiyisli ekenligin dálilley almaǵan puqaralıǵı bolmaǵan shaxslar **(apatritler)** mine solar qatarına kiredi. Bul shaxslar puqaralıqqa iye bolmasa da, olar da xalıqaralıq hám milliy hújjetlerde bekkemlep qoyılǵan barlıq huqıqlardan paydalanadı.

Ózbekstannıń Tiykarǵı nızamı barlıq puqaralardıń bir qıylı huqıqları hám erkinliklerin, nızam aldında olardıń teńligin bekkemlep qoyǵan. Bul huqıqlar Konstituciyada qol qatılmas, yaǵnıy hesh kim ayırıwǵa haqılı bolmaǵan huqıqlar sıpatında táriplengen.

## 2-tapsırma

*Bir insannıń huqıqları basqa bir insannıń huqıqları baslanatuǵın noqatta sheklenedi, degen sózge qosılasızba ba? Óz pikirińizdi tiykarlaw boyınsha dálilli mısallar keltiriń.*

## 3-tapsırma

*Pantomima (sózsiz is-háreket) arqalı insan huqıqlarınıń buzılıwın súwretlep beriń hám bunda anıq qanday huqıqlar buzılǵanın klastaǵılar aytıp beriwin sorań.*

## Este saqlan'!

Erkinlik (huqıqta) — mámleket tárepinen tán alınǵan, Konstituciya yaki basqa nızamshılıq hújjetlerinde bekkemlep qoyılǵan shaxstıń hár qanday sociallıq huqıqı, insannıń belgili minez-qulıqtaǵı imkaniyatları (máselen, sóz erkinligi, erkinlik hám jeke qol qatılmaslıq, pikir, sóz hám isenim erkinligi, hújdan erkinligi hám basqalar).

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Gender teńligi** – rawajlanǵan mámleketlerdiń insan — erkek yaki hayal birdey sociallıq huqıqlar hám imkaniyatlarǵa iye ekenligin tán alatuǵın konvenciya.

## *Tiykarǵı Nızam belgileydi*

Ózbekstan Respublikası puqarası hám mámleket bir-birine bolǵan huqıqları hám minnetleri óz ara baylanıslı. Puqaralardıń Konstituciya hám nızamlarda bekkemlep qoyılǵan huqıq hám erkinliklerine qol qatılmaydı, olardan sud qararısız ayırıwǵa yaki olardı sheklep qoyıwǵa hesh kimniń haqısı joq.

**Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası, 19-statya.**

## *Juwmaq shıǵaramız*

**Insan hám puqaralardıń tiykarǵı huqıqları, erkinlikleri hám minnetleri:**

- mámlekettiń wazıypası – hárbir insannıń huqıq hám erkinliklerin támiyinlew;
- insan huqıqları haqqında xalıqaralıq hújjetler;
- gender teńligi;
- tiykarǵı huqıqlar: jeke, siyasiy, ekonomikalıq, sociallıq hám mádeniy

## *Ózińizdi sınań!*

1. Ne ushın barlıq zamanlarda insan kewildegidey huqıq hám erkinliklerdi qolǵa kirgiziwge umtılıp kelgen?
2. Insan huqıqlarına tiyisli barlıq eń áhmiyetli xalıqaralıq hám milliy hújjetlerde insan ne ushın eń joqarı qádiriyat dep tán alınadı?
3. Insan jámiyette jasap turıp, qanday da bir tárizde sheklenbegen erkinlikten paydalana ala ma?
4. Ózbekstan Respublikası puqaralarınıń tiykarǵı huqıqları, erkinlikleri hám minnetlerin sanap beriń.

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 6—7-§§. ÁMELIYAT SABAǴÍ

# INSAN HÁM PUQARALARDÍŃ JEKE HUQÍQ HÁM ERKINLIKLERI

**Tema ústinde islew nátiyjesinde:**

– Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyasına tiykarlanıp insan hám puqaralar qanday jeke huqıq hám erkinliklerge iye ekenligin bilip alasız.

**1. Jasaw huqıqı.**

**2. Sudta qorǵanıw hám shaxsqa qol qatılmaslıq huqıqı.**

**3. Abıroyı, qádir-qımbat hám jeke ómirge qáwipten qorǵanıw huqıqı.**

**4. Turaq jayǵa qol qatılmaslıq huqıqı.**

**5. Bir jerden ekinshi jerge kóshiw hám jasaw ornın erkin tańlaw huqıqı.**

**6. Pikir, sóz hám isenim erkinligi.**

**7. Híjdan hám diniy isenim erkinligi huqıqı.**

**Insan huqıqları** – mámleket nızamlarında bekkemlep qoyılǵan huqıqlar bolıp, elde hár bir puqara huqıq hám erkinliklerin támiyinleydi.

Mine sonıń ushın nızam menen belgilengen bir halatta huqıqlar dep, al basqa halatta erkinlik dep júrgiziledi. Bunda sonı yadta tutıw kerek, is-háreketti tańlawda keń erkinlikti usınıw arqalı huqıq olardan paydalanıwdıń anıq shegarasın belgilep beredi.

### *1-tapsırma*

Ózińizdi elimizdiń Tiykarǵı nızamı joybarın islep shıǵıw boyınsha jumısshı toparına kirgizilgen dep kóz aldıńızǵa keltiriń.

*Qaysı jeke huqıq hám erkinliklerdi usı joybarǵa kirgizgen bolar edińiz?*

*Dizim dúziń hám olardıń eń áhmiyetlilerin belgileń.*

*Yadıńızda bolsın, siziń elińiz demokratiyalıq mámleket bolıwı ushın umtılıwıńız kerek.*

## 1. JASAW HUQÍQÍ

Mámlekette demokratiyanıń bar ekenligin anıqlaytuǵın insannıń eń áhmiyetli jeke huqıqı – bul jasaw huqıqı esaplanadı.

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## *Tiykarǵı Nızam belgileydi*

Jasaw huqıqı hárbir insannıń tikkeley huqıqı esaplanadı. Insan ómirine qastıyanlıq etiw eń awır jınayat bolıp tabıladı.

**Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası, 24-statya.**





Mámleket hám jámiyettiń tiykarǵı minneti – mine usı huqıqqa qol astındaǵı barlıq qurallar menen kepillik beriwden ibarat. Bul huqıqtı júzege shıǵarıw mámleket hám jámiyettiń demokratiyalıq rawajlanıwınıń áhmiyetli shárti – salamat jasaw huqıqı, normal turmıs sharayatı hám basqalar menen tıǵız baylanıslı. Mámleket oǵan tómendegi minnetlemelerdi orınlawda kepillik beredi:

**Mámleketiń jasaw huqıqın támiyinlewge kepillikleri:**

- xalıqaralıq jánjellerdi sheshiw quralı sıpatında urıstan hám onda qatnasıwdan bas tartıw;
- qorshap turǵan ortalıqtı qorǵaw;
- qural-jaraqqa iye bolıw hám onı qollanıwdıń ayrıqsha tártibin belgilew;
- ashıq hám qánigeli medicinalıq járdem alıw imkaniyatın jaratıw.

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

***Normativ hújjet***

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń **«Ózbekstan Respublikasında ólim jazasın biykar etiw haqqında»**ǵı 2005-jıl 1-avgusttaǵı Pármanına muwapıq hám insannıń pútkil dúnya sherikligi tárepinen tán alınǵan jasaw huqıqı principleri, normaları hám de Ózbekstan Respublikası Konstituciyası qaǵıydalarınan kelip shıqqan halda, sonday-aq, jınayıy juwapkerlikti liberallastırıw boyınsha anıq is-ilajlardı ámelge asırıw maqsetinde: *«2008-jıl 1-yanvardan Ózbekstan Respublikasında jınayıy jaza sıpatında ólim jazası biykar etilsin hám onıń ornına ómirlik qamaq yamasa uzaq múddetke azatlıqtan ayırıw jazası kirgizilsin», dep qoyılǵan.*

## 2. SUDTA QORǴANÍW HÁM SHAXSQA QOL QATÍLMAW HUQÍQÍ

Bul insannıń hárbir jaǵdayda óz erki menen jumıs alıp barıw huqıqı. Bunda mámleketlik organlar hám fizikalıq shaxslar tárepinen onıń huqıqların nızamǵa qayshı ráwishte sheklewge jol qoyılmaydı.

Máselen, tek sudyanıń sankciyası (ruqsatnaması) qamaqqa alıw hám qamaqta saqlaw ushın tiykar bolıwı múmkin.

***Tiykarǵı Nızam belgileydi***

Jınayat islegenlikte ayıplanıp atırǵan hárbir shaxstıń isi sudta nızamlı tártipte, áshkara kórip shıǵılıp, onıń ayıbı anıqlanbaǵansha ol ayıplı esaplanbaydı. Sudta ayıplanıp atırǵan shaxsqa ózin qorǵawı ushın barlıq sharayatlar jaratıp beriledi.

**Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası, 26-statya.**

## 3. ABÍROYÍ, QÁDIR-QÍMBATÍNA QÁWIPTEN HÁM JEKE ÓMIRINE ARALASÍWDAN QORǴANÍW HUQÍQÍ

«Jeke ómir» degende ayrıqsha halda tek sol adamǵa tiyisli hám de nızamǵa qarsı ráwishte áshkara etilgen táǵdirde insanǵa ruwxıy zıyan tiyiwi múmkin bólǵan jazıspalar, telefon arqalı sóylesiwler, telegraf járde-

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях

UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE
mindegi hám basqa túrli bildiriwler, medicinalıq sıpatlama maǵlıwmatlar hám basqa maǵlıwmatlar túsiniledi.

Shaxstıń qádir-qımbatı huqıqı mámleket insan ushın onıń qádir-qımbatın hám ar-namısın kemsitpeytuǵın sharayatlar jaratıp beriwin talap etedi. Hesh kim qıynawlarǵa salınıwı, zorlıqqa, miyrimsiz yaki qádir-qımbatın xorlawshı mashqalalarǵa duwshar etilmewi shárt.

## 4. TURAQ JAYǴA QOL QATÍLMAW HUQÍQÍ

Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyasında (27-statya) kózde tutılǵanınday, mámleketlik organlar usı huqıqlarǵa aralasıwı múmkin emes. Biraq mámleket, jámiyet qáwipsizligi, jámáátshilik tártibi, xalıq salamatlıǵın saqlaw yaki basqa shaxslardıń huqıqı hám de erkinligi kóz qarasınan nızamda belgilengen halatlar buǵan kirmeydi.

Puqara tárepinen nızamlı túrde ol turaqlı yaki waqıtsha orın sıpatında iyelep turılǵan hár qanday imarat turaq jay qatarına kiredi.

***Tiykarǵı Nızam belgileydi***

Hesh kim nızam názerde tutqan jaǵdaylardan hám tártipten tısqarı birewdiń úyine kiriwi, tintiw ótkeriwi, onı kózden keshiriwi, xat alısıw hám telefonda sóylesiwlerdiń sırın áshkara etiwi múmkin emes.

**Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası, 27-statyadan.**

***2-tapsırma***

Puqara M.nıń kvartirasına joqarǵı qabattaǵı qońsısı suw aǵızıp jibergeni sebepli suw aǵıp tústi. Kóp suw aqpaǵanı ushın ol turaq jayǵa qol qatılmaw tiykarında slesardı úyine kirgizbedi.

*Bul halatta kim haq?*

***3-tapsırma***

*Súwretlerge qarap insannıń qanday huqıqları buzılǵanın anıqlań. Hárbir súwrettiń astına neler jazıw kerekligin usınıs etiń.*

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях

UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



## 5. BIR JERDEN EKINSHI JERGE KÓSHIW HÁM JASAW ORNÍN ERKIN TAŃLAW HUQÍQÍ

Bir jerden ekinshi jerge kóshiw hám jasaw ornın erkin tańlaw huqıqı Ózbekstan aymaǵında nızamlı tárizde jasap atırǵan hárbir adamǵa tiyisli esaplanadı.

***Tiykarǵı Nızam belgileydi***

Ózbekstan Respublikası puqarası respublika aymaǵında bir jerden ekinshi jerge kóshiw, Ózbekstan Respublikasına keliw hám onnan shıǵıp ketiw huqıqına iye. Nızamda belgilengen sheklewler buǵan kirmeydi.

**Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası, 28-statya.**

## 6. PIKIRLEW, SÓZ HÁM ISENIM ERKINLIGI HUQÍQÍ

Insan pikiri hám isenimi onıń is-háreketleri tiykarı esaplanadı.

Konstituciya pikir júrgiziw hám sóz erkinligin támiyinlewge kepillik beriw menen birgelikte, hárekettegi konstituciyalıq dúzimge qarsı baǵdarlanǵan hár qanday xabar yaki mámleket sırı bolǵan maǵlıwmatlardı tarqatıwdı qadaǵan etedi.

***Este saqlań!***

**Sóz erkinligi** – bul óz ideyaları, qarasların tek awızeki tárizde emes, al baspa sózde, kórkem óner shıǵarmalarında, kórkem ádebiyatta, sonday-aq, basqa basılımlarda da ańlatıw imkaniyatı esaplanadı.

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

### *Tiykarǵı Nızam belgileydi*

Hár kim pikirlew, sóz hám isenim erkinligi huqıqına iye. Hár kim ózi qálegen málimlemeni izlew, alıw hám onı tarqatıw huqıqına iye, ámeldegi konstituciyalıq dúzimge qarsı qaratılǵan xabar hám nızam menen belgilengen basqa sheklewler buǵan kirmeydi.

Pikirlew hám onı ańlatıw erkinligi tek mámleketlik sır hám basqa sırlarǵa tiyisli bolǵan jaǵdayda ǵana nızam menen shekleniwi múmkin.

**Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası, 29-statya.**






## 7. HÚJDAN HÁM DINIY ISENIM ERKINLIGI

Ózbekstanda óz tastıyıqlanıwın tapqan hújdan erkinligin húrmetlew xalqımızdıń tereń ruwxıy dástúrlerine juwap beredi. Dinniń mámleketlestiriliwi hár kimniń dinge isenimi jeke isi ekenligine mámlekettiń aralasıwın ańlatqan bolar edi. Mámleket hám diniy shólkem arasındaǵı múnásibetler Ózbekstan Respublikasınıń «Hújdan erkinligi hám diniy shólkemler haqqında»ǵı Nızamı tiykarında basqarıp barıladı. Konstituciya dinshillerge de, dúnyalıq turmıs tárizin keshiriwshi adamlarǵa da mámleketlik bilimlendiriw sistemasınıń dúnyalıq xarakterde bolıwına kepillik beredi.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях

UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## *Tiykarǵı Nızam belgileydi*

Hámme ushın hújdan erkinligine kepillik beriledi. Hárbir insan qálegen dinge iseniw yaki hesh bir dinge isenbew huqıqına iye. Diniy qaraslardı májbúriy sińdiriwge jol qoyılmaydı.

**Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası, 31-statya.**

## *Este saqlan'!*

**Dúnyalıq mámleket** — rásmiy mámleketlik dini bar bolmaǵan hám hesh qanday diniy táliymat májbúriy sanalmaytuǵın mámleket.

**INSAN HÁM PUQARANÍŃ JEKE HUQÍQ HÁM ERKINLIKLERI**

- **Jasaw huqıqı**
- **Sudta qorǵanıw hám shaxsqa qol qatılmaw huqıqı**
- **Abıroyı, qádir-qımbat hám jeke ómirge qáwipten qorǵanıw huqıqı**
- **Turaq jayǵa qol qatılmaw**
- **Bir jerden ekinshi jerge kóshiw hám jasaw ornın erkin tańlaw huqıqı**
- **Pikir, sóz hám isenim erkinligi huqıqı**
- **Hújdan hám diniy isenim erkinligi huqıqı**

## *4-tapsırma*

*Sizińshe, qaysı halatlarda insannıń jeke huqıqları buzılǵan? Júzege kelgen mashqalanıń sheshimin usınıń.*

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

***1-jaǵday.***

Óspirimler toparı urlıq etti. Bul waqıya sudqa shekem mektep Pedagogikalıq keńesi májilisinde talqılanıp, onda sol óspirimlerdi jınayatshılar dep atadı. Sonıń menen birge májlis qatnasıwshıları olardı sud qatań jazalaydı degen úmit bildirdi...

*Bunda eki tárepte qanday nızam buzıwshılıq júz berdi?*

***2-jaǵday.***

Óspirimler toparı medicinalıq instituttıń tájiriybe xanasınan kúshik urladı. Waqıyanı tekseriw dawamında tájiriybe ótkerilgennen soń kúshiklerge kútim bolmaǵanlıqtan qańsılay bergenine balalardıń rehimi kelgenligi anıqlandı.

*Ádep hám nızam kóz qarasınan óspirimlerdiń is-háreketin qalay bahalaysız?*

***3-jaǵday.***

Jas óspirimler isleri boyınsha Komissiya jıynalısında urlıq máselesi haqqında tartıs barar edi. Sol waqıtta inspektor kabinetine jábirleniwshi kirip keldi de, urlıq islegen óspirimge kózi túskennen soń, onı kemsitiwshi sózler ayta basladı. Biraq inspektor onı toqtattı hám kemsitkeni ushın juwapkerlikke tartıwı múmkin ekenligi haqqında eskertti.

*Sizińshe, inspektor óspirimniń ayıbı gúmansız bolsa da, nege onıń abıroyın kemsitiwdi toqtattı?*

***4-jaǵday.***

Ótken sabaqta toǵızınshı klass oqıwshıları sport zalında dene tárbiyası sabaǵında bolǵanında, jetinshi klass oqıwshıları olardıń xanasında ótkerilgen sabaqta otırǵan edi. Sol sabaq payıtında ózleriniń pulları joǵalǵanın sıltaw etip, toǵızınshı klass oqıwshıları jetinshi klass oqıwshıların tintip shıqtı.

*Toǵızınshı klass oqıwshılarınıń is-háreketleri nızamlı ma? Usı is-háreketlerge baha beriń.*

## *5-tapsırma*

*Tómendegi halatlar menen tanısıń. Qaysı jaǵdayda insannıń qaysı jeke huqıqlarına zıyan tiygen?*

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

– Siz konverti ashıp kórilgen xat aldıńız;

– mákemeden shıǵıp atırǵanda miliciya xızmetkeri sizden sumka ishindegilerdi kórsetiwdi talap qıldı;

– vakcinalaw (emlew) payıtında balaǵa gepatit virusın juqtırdı;

– oqıwshı qızdıń pul turǵan shıjlanı joǵaldı hám janındaǵı partalasına: «Sen urlaǵansań, sen urısań», dep ayttı;

– konduktor bilet alıwǵa qarsı bolǵan jolawshıǵa kemsitiwshi sóz ayttı.

## *Juwmaq shıǵaramız*

**Jeke huqıq hám erkinlikler:**

- nızam – shaxstı qorǵaw ushın;
- jasaw huqıqı;
- erkinlik hám shaxsqa qol qatılmaw;
- jeke hám shańaraq turmısına aralaspaw;
- turaq jayǵa qol qatılmaw;
- qádir-qımbat hám abıroyın qorǵaw;
- hújdan hám diniy isenim erkinligi;
- dúnyalıq mámleket.

## *Ózińizdi sınań!*

**1.** Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyasında insan hám puqaralardıń qanday huqıq hám erkinlikleri belgilengen?

**2.** Jasaw huqıqın júzege shıǵarıw mámleket ushın neni ańlatadı?

**3.** Insannıń turaq jayına qol qatılmaw huqıqı neni ańlatadı?

**4.** Jeke turmıs degenimiz ne, ol qalay qorǵalıwı kerek?

**5.** Hújdan hám diniy isenim erkinligi degenimiz ne?

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 8-§. ÁMELIYAT SABAǴÍ
# INSAN HÁM PUQARALARDÍŃ EKONOMIKALÍQ HÁM SOCIALLÍQ HUQÍQLARÍ

**Tema ústinde islew nátiyjesinde:**

– adamlar turmısındaǵı ekonomikalıq hám sociallıq huqıqlardıń áhmiyeti, olardı támiyinlewdegi mámlekettiń roli haqqında;
– jámiyetti rawajlandırıwdaǵı miynet hám bilimlendiriwdiń áhmiyeti haqqında bilip alasız.

**1. Insan huqıqlarınan qaysı biri eń áhmiyetlisi?**

**2. Múlk iyesi bolıw huqıqı, miynet erkinligi hám jumıs túrin erkin tańlaw huqıqı, jumıssızlıqtan qorǵanıw huqıqı.**

**3. Sociallıq támiyinleniw huqıqı.**

**4. Qánigeli medicinalıq xızmetten paydalanıw huqıqı.**

**5. Bilim alıw huqıqı.**

**6. Texnikalıq dóretiwshilik erkinligi huqıqı, mádeniyat jetiskenliklerinen paydalanıw huqıqı.**

Insan hám puqaranıń tiykarǵı huqıq hám erkinlikleriniń ayrıqsha toparın **sociallıq** hám **ekonomikalıq huqıqlar** quraydı. Bularǵa tómendegiler kiredi:

**Ekonomikalıq hám sociallıq huqıqlar:**

- jeke menshik iyesi bolıw
- miynet erkinligi
- turaq jay
- dem alıw
- ádil miynet sharayatında jumıs islew
- nızamda qadaǵan etilmegen ekonomikalıq iskerlik penen shuǵıllanıw
- jumıstı tańlaw erkinligi hám jumıssızlıqtan qorǵanıw
- analıq hám balalıqtı qorǵaw
- qartayǵanda, miynet etiw qábiletin joǵaltqanda, sonday-aq, baǵıwshısın joǵaltqanda sociallıq támiyinlew (pensiya, napaqa alıw)
- densawlıqtı saqlaw hám qánigeli medicinalıq xızmetten paydalanıw
- salamat jasaw ortalıǵına iye bólıw huqıqları kiredi.

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 1. INSAN HUQÍQLARÍNAN QAYSÍ BIRI EŃ ÁHMIYETLISI ESAPLANADÍ?

Kóz aldıńızǵa keltiriń, Siz – Konstituciyaǵa kirgiziliwi lazım bolǵan insan huqıqları haqqındaǵı dodalawdıń qatnasıwshısısız. Usı dodalaw qatnasıwshılarınıń oy-pikirlerin bahalań hám juwmaq shıǵarıń: qaysı huqıqlar eń áhmiyetlileri?

## *1-tapsırma*

**Birinshi (qatnasıwshı):** Men Konstituciyaǵa tek jeke hám siyasiy huqıqlar kirgiziliwi lazım dep oylayman. Bular – jasaw huqıqı, sóz, pikir, xabar hám bir orınnan ekinshi orınǵa kóshiw erkinligi. Biz házirshe miynet etiw, bilim alıw huqıqı, bárshe ushın turaq jay sıyaqlı sociallıq-ekonomikalıq huqıqlardı támiyinley almaymız. Eger bul huqıqlardı nızam menen bekkemlep qoyıwǵa urınsaq, onda húkimet puqaralıq hám siyasiy huqıqlarǵa kerekli dárejede itibar bere almaydı.

**Ekinshi:** Men bul pikirdi maqullamayman. Eń dáslep, ekonomikalıq huqıqlar támiyinleniwi lazım dep esaplayman. Adamlardıń, hátteki jeytuǵın hesh nársesi bolmasa, adamlardıń jumısı hám turaq jayı bolmasa, qanday siyasiy erkinlikler haqqında sóz bolıwı múmkin?

**Úshinshi:** Bulardıń barlıǵı durıs, biraq siz mámleket hámmeni jumıs penen támiyinley aladı dep esaplaysız ba? Menińshe, bunıń imkaniyatı joq.

**Tórtinshi:** Pikirimshe, ekonomikalıq huqıqlarǵa kepillik beriw qıyın. Biraq, húkimet kem támiyinlengenlerge (pensioner, miynetke jaramsız hám basqalarǵa) jeńillikler beriwge májbúr.

**Besinshi:** Men hárbir adam ózi hám óz jaqınlarınıń turmıs keshiriwi ushın mámlekettiń járdemisiz islep tabıwı kerek dep esaplayman. Al, mámleket bar kúsh-qúdiretin qorshap turǵan ortalıqtı qorǵawǵa qaratıwı kerek.

*Bes toparǵa bóliniń. Usı dodalawda qansha kóp hár qıylı qaraslar bayan etildi? Qaysı oy-pikirler, argumentler Sizge biraz isenimli túyildi? Ne sebep? Usı mashqalanı sheshiw boyınsha óz pikirińizdi bildiriń.*

Pikirlesiw barlıq huqıqlar insan ushın qanshelli áhmiyetli, olar bir-biri menen tıǵız baylanıslı ekenligin, biri ekinshisin qalay tolıqtıratuǵının kórsetedi.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Haqıyqatında da, siyasiy huqıqlardi sociallıq hám ekonomikalıq huqıqlardan qalay ajıratıp alıw múmkin? Óz náwbetinde, sociallıq hám ekonomikalıq huqıqlar salamat ortalıqta jasaw huqıqısız mániske iye emes. Bul nárse pútkilley túsinikli, óytkeni sociallıq qorǵalmaǵan insan óziniń siyasiy, ekonomikalıq hám basqa huqıqların júzege shıǵarıwı da itimaldan jıraq bolıp tabıladı.

Solay etip, ekonomikalıq hám sociallıq huqıqlardıń baylanıslılıǵı sonnan ibarat, sociallıq abadanlıq huqıqı materiallıq jaǵına (napaqa, pensiya) iye, al insannıń ekonomikalıq huqıqı tikkeley yaki janapay, sol waqıtta yaki waqtı kelgende álbette jámiyetlik turmıstıń sociallıq tárepine tásir (unamlı yaki unamsız) kórsetedi.

### *2-tapsırma*

*Toparlarda qalıń. Ózbekstan Respublikası Konstituciyasında bekkemlep qoyılǵan puqaralardıń huqıqların sanap ótiń. Insan turmısı hám onıń huqıqların qorǵawdı jeterli dárejede támiyinlew ushın olardıń zárúrligin anıq mısallarda tiykarlap beriń.*

## 2. Múlk iyesi bolıw, miynet etiw, miynet iskerligin erkin tańlaw hám jumıssızlıqtan qorǵanıw huqıqları

Ózbekstan Respublikası Konstituciyasınıń 36-statyasında hárbir adam múlk iyesi bolıw huqıqına iye ekenligi sóz etiledi. Bul nárse, eger insan mal-múlkke iyelik etse, hesh kim bul mal-múlkti tartıp alıwı múmkin emesligin ańlatadı hám bul insanǵa ózine isenim, ǵárezsizlik sezimin baǵıshlaydı. Múlk iyesinde óz múlkin bir iske jumsap kóbeytiw yaki ózine tanıs tarawda jedel islew imkaniyatı boladı.

Konstituciya menen kepillik berilgen miynet etiw huqıqı, erkin kásip tańlaw, ádil miynet sharayatlarında islew hám jumıssızlıqtan qorǵanıw huqıqı elimizde ilajı barınsha tómen bolıwı, al jumıssız qalǵan insan napaqa alıwı, usı dáwirde ózine jumıs izlep tabıwı ushın bárshe qurallardı iske qosıw minnetlemelerin júkleydi. Konstituciyada májbúriy miynet, yaǵnıy xızmet wazıypası sheńberine kirmeytuǵın jumıslardı islewge májbúrlew qadaǵan etiletuǵını ayrıqsha atap ótilgen.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях

UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

### *Tiykarģı Nızam belgileydi*

Hárbir shaxs miynet etiw, erkin kásip tańlaw, ádil miynet sharayatlarında islew hám nızamda kórsetilgen tártipte jumıssızlıqtan qorģanıw huqıqına iye bolıp tabıladı.

Sud húkimi menen tayınlanģan jazanı ótew tártibinen yamasa nızamda kórsetilgen basqa jaģdaylardan tısqarı májbúriy miynet qadaģan etiledi.

**Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası, 37-statya.**

### *Normativ hújjet*

**Sizge belgili me, yaģnıy...**

Jumısqa kirip atırģan adamnan dáslep jası haqqında soraydı, sebebi Ózbekstan Respublikasınıń Miynet kodeksine muwapıq, kárxana hákimshiligi jas óspirimlerdi tek 16 jastan baslap qabıl etiwge haqılı. Miynetke tayarlaw maqsetinde (Ózbekstan Respublikasınıń Miynet kodeksi 77-statya) oqıwshılar 15 jastan baslap oqıwdan bos waqıtlarında jumısqa qabıl etiliwi múmkin.

Jas óspirimler tek ata-analarınıń jazba razılıģı menen jumısqa ornalasıwı múmkin, óytkeni ata-analar miynet sharayatın biliwi hám buģan razı bolıwı shárt.

Jas óspirimler ushın sonday qadaģan etilgen kásipler de bar bolıp, olar salamatlıq ushın zıyanlı bolģan miynet sharayatına iye. Máselen, gaz benen kepserlewshi, shaxtyor, temirshi sıyaqlı kásipler.

Óqıwshılar salamatlıģına zıyan tiygizbeytuģın, tálim procesin buzbaytuģın jeńil islerge tartılıwı múmkin. Sonday-aq, óspirimlerdi túngi, qosımsha islerge hám dem alıs kúnlerindegi islerge tartıw da qadaģan etiledi.

## 3. Sociallıq támiyinleniw huqıqı

Ózbekstanda ılayıqlı turmıs dárejesin saqlap turıw ushın kóp balalı hám kámbaģal shańaraqlarģa, jalģız baslı analarģa, adamlarģa, sonıń ishinde imkaniyatı sheklengen balalarģa hár qıylı kórinistegi sociallıq

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE





járdem kórsetilmekte, napaqalar hám kekselik pensiyalarınıń muǵdarı turaqlı asırıp barılmaqta.

### *Tiykarǵı Nızam belgileydi*

Hárbir adam qartayǵanda, miynetke uqıplılıǵın joǵaltqanda, sonday-aq, baǵıwshısınan ayrılǵanda hám nızamda názerde tutılǵan basqa jaǵdaylarda sociallıq támiyinleniw huqıqına iye.

Pensiyalar, napaqalar, sociallıq járdemniń basqa túrleriniń muǵdarı rásmiy belgilep qoyılǵan tirishilik ushın zárúr eń az muǵdardan kem bolıwı múmkin emes.

**Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası, 39-statya.**

## 4.Qánigeli medicinalıq xızmetten paydalanıw huqıqı

Qánigeli medicinalıq xızmetten paydalanıw huqıqı hárbir adamǵa tiyisli. Elimizde kóplegen xalıq biypul emlenetuǵın mámleketlik medicina mákemeleri bar. Sońǵı waqıtlarda bir qansha xojalıq esabındaǵı, sonday-aq, tólemli poliklinikalar hám emlewxanalar payda boldı, qay jerde emleniwdi tańlaw imkaniyatı da jaratıldı.




Salamat áwlad – millet salamatlıǵı girewi. Búgingi kúnde elimizde «Salamat áwlad ushın» sıyaqlı hár túrli mámleketlik

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE
bağdarlamalar, jas áwlad salamatlığın bekkemlewge bağdarlanğan jámiyetlik shólkemler dúzildi.

***Tiykarğı Nızam belgileydi***

Hárbir insan qánigeli medicinalıq xızmetten paydalanıw huqıqına iye.

**Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası, 40-statya.**

## 5. Bilim alıw huqıqı

Ózbekstan Respublikasında hárbir adam bilim alıw huqıqına iye. Shańaraq tabısına qaramastan, hárbir balada biypul bilim alıw imkaniyatı bar. Buğan elimizdiń Tiykarğı nızamı menen kepillik berilgen.

***Tiykarğı Nızam belgileydi***

Hárbir adam bilim alıw huqıqına iye. Biypul ulıwma bilim alıwğa mámleket tárepinen kepillik beriledi. Mektep jumısları mámleketlik qadağalawda boladı.

**Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası, 41-statya.**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 25.01.2018-jılǵı Pármanında tómendegiler belgilep qoyılǵan: 2018/2019-oqıw jılınan baslap májbúriy ulıwma orta hám orta arnawlı bilim beriw ulıwma bilim beriw mekteplerinde, sonıń ishinde, qánigelestirilgen mekteplerde, qánigelestirilgen kórkem óner hám mádeniyat mektep-internatlarında, qánigelestirilgen olimpiya rezervleri mektep-internatlarında hám de akademiyalıq liceylerde úzliksiz hám 11 jıllıq múddette ámelge asırıladı. 2018/2019-oqıw jılınan baslap kásip-óner kolledjlerine qabıl etiw ulıwma bilim beriw mektepleriniń 11-klastı pitkeriwshileri esabınan, óz qálewi tiykarında, tiyisli qánigelikke (kásipke) iye bolıw ushın 6 aydan 2 jılǵa shekem bolǵan oqıw múddetlerinde ámelge asırıladı.

### *3-tapsırma*

***1-jaǵday***

*Kópshilik hárbir adam ushın májbúriy bolǵan orta arnawlı yaki kásip-óner bilimlendiriwi shırt emes, ulıwma orta bilim alıw da jetkilikli dep esaplaydı. Hesh qanday maǵlıwmatsız da oydaǵıday islep pul tabıw múmkin emish. Siz buǵan qalay qaraysız?*

***2-jaǵday***

*Kimde bilim kóp bolsa, kim turmısqta jaqsıraq tayarlanǵan bolsa, oǵan talap kóbirek boladı hám tabısqa erisiw boyınsha imkaniyatları kóp boladı, degen pikirdi maqullaysız ba?*

***3-jaǵday***

*Mektepti pitkergennen soń, qaysı pánler kóbirek kerek boladı dep óylaysız?*

## 6. Ilimiy hám texnikalıq dóretiwshilik erkinligi hám mádeniyat jetiskenliklerinen paydalanıw huqıqı

Konstituciyanıń 42-statyasında bılay dep jazılǵan: hárbir adamǵa ilimiy hám texnikalıq dóretiwshilik erkinligi, mádeniy jetiskenliklerden paydalanıw huqıqına kepillik berilgen. Mámleket jámiyettiń mádeniy, ilimiy hám texnikalıq rawajlanıwına ǵamxorlıq etedi.

Bul huqıqlar óz mánis-mazmunı boyınsha bilim alıw huqıqına júdá jaqın, óytkeni tálim, mádeniyat, ilimiy-texnikalıq kórkeyiw óz ara baylanıslı túsinikler esaplanadı. Bul huqıqlar mádeniyat hám de ilim

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE
baylıqları hám qádiriyatlırınıń ashıqlıǵı menen támiyinlenedi. Hár kim muzey, teatr, mádeniy hám ilimiy-texnikalıq oraylarǵa barıwı, kitapxana, radio hám televidenie xızmetinen paydalanıwı múmkin.

## 4-tapsırma

*Sociallıq hám ekonomikalıq huqıqlarǵa zıyan tiygiziliwine tiyisli saxna kórinislerin tayarlań hám kórsetiń. Qanday huqıq buzıwshılıqlarǵa jol qoyılǵanın anıqlań. Bul huqıqlardı qorǵaw ushın ne islew kerek?*

## Juwmaq shıǵaramız

**Sociallıq-ekonomikalıq huqıqlar:**

- mámlekettiń wazıypası – xalıqtıń turmısın ılayıqlı dárejede támiyinlew;
- múlk iyesi bólıw huqıqı;
- miynet etiw hám dem alıw huqıqı;
- jumısqa qabıl etiw – 16 jastan, 15 jastan da jol qóyıladı;
- sociallıq támiyinlewden paydalanıw;
- qánigeli medicinalıq xızmetten paydalanıw huqıqı;
- bilim alıw huqıqı;
- ilimiy hám texnikalıq dóretiwshilik erkinligi huqıqı;
- mádeniyat jetiskenliklerinen paydalanıw huqıqı.

## Ózińızdi sınań!

1. Insannıń qaysı huqıqları sociallıq-ekonomikalıq huqıqlar qatarına kiredi?
2. Múlk iyesi bolıw insan ómirinde qanday rol oynaydı hám múlk insanǵa qanday ústinlikler beredi?
3. Qaysı tártip sizge ádil túyiledi: múlk iyesi bolıw huqıqına tek bir topar adamlar iye bolǵanda ma yaki hárbir adam iye bolǵanda ma?
4. Qanday pikirdesiz, ılayıqlı turmıs dárejesin saqlap qalıw ushın insanǵa ne zárúr?
5. Sociallıq hám ekonomikalıq huqıqlar qay tárizde óz ara baylanısta boladı hám bir-birine tásir kórsetedi?

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 9-§. SIYASIY HUQÍQLAR

**Tema ústinde islew nátiyjesinde:**

– Ózbekstan Respublikası puqarası qanday siyasiy huqıqlarǵa iye ekenligin;
– jámiyet hám mámleketlik islerdi basqarıwda olar qanday formalarda qatnasıwı múmkin ekenligin bilip alasız.

**1. Óz siyasiy huqıqların qalay ámelge asırıw múmkin?**
**2. Nızam joybarlarınıń ulıwma xalıqlıq talqılawında puqaralardıń qatnasıwı.**
**3. Jıynalıslar erkinligi huqıqı.**

## 1. ÓZ SIYASIY HUQÍQLARÍN QALAY ÁMELGE ASÍRÍW MÚMKIN?

*Siyasiy huqıqlar puqaralarǵa ne ushın kerek?* Eger puqaralarda qatań tárbiyalıq hám siyasiy qaraslar bolsa, olar óz huqıq hám minnetlerin anıǵıraq ańlap jetedi, mámlekettiń siyasiy turmısında belsene qatnasadı.

**Ózbekstan Respublikası Konstituciyasınıń óz puqaraları ushın belgilegen siyasiy huqıqları:**

- jámiyet hám mámleketlik islerdi basqarıwda qatnasıw huqıqı;
- Ózbekstan Respublikasınıń nızamshılıǵına muwapıq ótkeriletuǵın mitingler, tınısh jıynalıslar hám shıǵıwlar kórinisinde qatnasıw, usı tárizde sociallıq belsendilik kórsetiw huqıqı;
- kásiplik awqamları, siyasiy partiyalar hám basqa jámiyetlik birlespelerge birlesiw huqıqı;
- saylaw hám saylanıw huqıqı;
- wákillikli mámleketlik organlar, uyımlar hám xalıq wákillerine arzalar, sorawnamalar, shaǵımlar, usınıslar menen múrájat etiw huqıqı.

Mámleketti basqarıwda qatnasıw huqıqı tikkeley yamasa saylanatuǵın wákiller arqalı ámelge asırıladı. Bul huqıq puqaralar hár qanday saylaw hám saylanıw huqıqına iye ekenligine kepillik beredi. Puqara usı tárizde hákimiyatqa hám qabıl etiletuǵın qararlarǵa tásirin ótkeredi.

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях

UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Tiykarǵı Nızam belgileydi

Ózbekstan Respublikasınıń puqaraları jámiyetlik hám mámlekelik jumıslardı basqarıwda tikkeley yamasa óz wákilleri arqalı qatnasıw huqıqına iye. Bunday qatnasıw ózin-ózi basqarıw, referendumlar ótkeriw hám mámleketlik organlardı demokratiyalıq tárizde shólkemlestiriw, sonday-aq, mámleketlik organlardıń jumısı ústinen jámáátshilik qadaǵalawın rawajlandırıw hám jetilistiriw jolı menen ámelge asırıladı. Mámleketlik organlardıń jumısı ústinen jámáátshilik qadaǵalawın ámelge asırıw tártibi nızam menen belgilenedi.

**Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası, 32-statya.**



Barlıq siyasiy partiyalar óz talabanların mámleketlik wákillik organlarına kórsetiwi múmkin. Bul saylaw sistemasın demokratiyalastırıwǵa kómeklesedi, puqaralarǵa alternativ tiykarda deputatlardı saylaw imkaniyatın beredi. Bunda saylawdı ótkeriwde bir orınǵa bir neshe talaban qóyılıp, puqaralar olardan eń ılayıqlısın saylaydı.

Puqaralardıń húkimet tárepinen qabıl etiletuǵın qararlarına tásiri mámleketlik húkimet organlarına saylaw huqıqı menen sheklenbeydi. Puqaralar múrajat, usınıs, arza hám shaǵımlar arqalı kóplegen kúndelikli mashqalalardı sheshiwge járdem beredi, usı tárizde óz huqıqlarınıń buzılıwına jol qoyılıwın azaytadı.

## Este saqlań!

Ózbekstan Respublikasınıń «Fizikalıq hám yuridikalıq shaxslardıń múrájatları haqqında»ǵı Nızamına muwapıq múrájatlar, usınıslar, arzalar , shaǵımlar kórinisinde awızeki, jazba yaki elektron formada jeke tártipte yamasa jámáátlik tárizde bolıwı múmkin.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Arza** – bul puqaralardıń óz huqıqları, erkinlikleri hám nızamlı máplerin ámelge asırıw ushın járdem sórap qılǵan múrájatları.

**Usınıs** – puqaralardıń mámleket hám jámiyetshilik iskerligin jetilistiriw boyınsha usınısların ańlatıwshı múrájatları esaplanadı.

**Shaǵım** – puqaralardıń buzılǵan huqıqları, erkinlikleri hám nızamlı máplerin tiklewdi talap etiw haqqında múrájatları esaplanadı.

Múrájatnamada puqaranıń ismi, ákesiniń ismi, familiyası kórsetiliwi, turaq jayı haqqında maǵlıwmat bóliwı, arza, usınıs yaki shaǵım mazmunı bayan etilgen bólıwı kerek. Jazba múrájatnama shaǵım etiwshiniń qolı menen tastıyıqlanadı. Múrájatnamanı jeke qol qoyıw menen tastıyıqlaw imkaniyatı bólmaǵanda, ol basqa shaxstıń qolı menen tastıyıqlanıwı múmkin. Bunda qosımsha túrde qol qóyıwshı shaxstıń ismi, ákesiniń ismi, familiyası kórsetilgen bólıwı kerek.






## 2. NÍZAM JOYBARLARÍN ULÍWMA XALÍQLÍQ DODALAWDA PUQARALARDÍŃ QATNASÍWÍ

Puqaralardıń eń áhmiyetli siyasiy huqıqlarınan biri «Nızam joybarların ulıwma xalıqlıq dodalaw haqqında»ǵı Nızamǵa muwapıq nızamlar joybarlarınıń ulıwma xalıqlıq dodalawında qatnasıw esaplanadı.

**Puqaralar bunda tómendegilerge haqılı esaplanadı:**

– nızam joybarların ulıwma xalıqlıq dodalawda erkin qatnasıw;

– nızam joybarlarına dúzetiwler hám usınıslar kirgiziw bóyınsha Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Nızamshılıq palatasına, Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetine, basqa mámleketlik organlarǵa, puqaralardıń ózin-ózi basqarıw organlarına, kárxanalar, mákemeler,

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE
shólkemler, siyasiy partiyalar hám basqa jámiyetlik birlespelerine, ǵalaba xabar quralların ıa múrájat etiw;

– deputatlar, mámleketlik hákimiyat hám basqarıw organları wákilleri menen ushırasıwlarda, nızam joybarların ulıwma xalıqlıq dodalaw ushın shólkemlestirilgen basqa ilajlarda qatnasıw.

Puqaralardıń jınısı, rasası, milleti, tili, dini, sociallıq kelip shıǵıwı, isenimi, jeke hám sociallıq halatına qarap nızam joybarların ulıwma xalıqlıq dodalawda qatnasıwın sheklew qadaǵan etiledi.

Nızam joybarların ulıwma xalıqlıq dodalaw bóyınsha ilajlardı puqaralardıń ózin-ózi basqarıw organları, siyasiy partiyalar, basqa jámiyetlik shólkemler, ǵalaba xabar quralları, siyasiy partiyalar frakciyaları hám Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Nızamshılıq palatasındaǵı deputatlar toparı, sonday-aq, Oliy Majlistiń Nızamshılıq palatası deputatları saylaw uchastkalarında ótkeredi. Nızam joybarı boyınsha belgilengen tártipte kirgizilgen usınıslar hám dúzetiwler álbette kórip shıǵılıwı shárt.

## 3. JÍYNALÍSLAR ERKINLIGI HUQÍQÍ

Jıynalıslar, mitingler hám demonstraciyalar erkinligi insanǵa óz pikirleri hám óz qarasların ańlatıw imkaniyatın beredi. Bul huqıq mámleket basshılarına xalıqtıń pikirin jetkerip turıw ushın da zárúr. Bul nárse júdá áhmiyetli hám basshılarǵa puqaralardı shólkemlestirip atırǵan mashqalalarǵa tereńirek kirip barıw imkaniyatın beredi.

**Miting** – bul belgili bir shaxslar hám shólkemlerdiń is-háreketleri, jámiyetlik-siyasiy waqıyalarǵa múnásibetin áshkara ańlatıw maqsetindegi puqaralardıń tınısh jıynalısı.

**Demonstraciya** – bul belgili bir siyasiy talaplardı bildiriw maqsetindegi massalıq shıǵıw.

**Jıynalıs** – bul qanday da bir áhmiyetli jámiyetlik máseleni jámáát bolıp birgelikte dodalaw ushın puqaralardıń qatnasıwı.

Jámiyetlik birlespelerdi shólkemlestiriw huqıqı puqaralarǵa olardıń mápleri hám tileklerine sáykes keletuǵın is penen shuǵıllanıw imkaniyatın beredi. Máselen, jámiyetlik shólkemlerdiń aǵzaları insan huqıq hám erkinlikleri máseleleri menen shuǵıllanadı, al qayır-saqawat shólkemleri eń mútáj adamlarǵa materiallıq járdem shólkemlestiredi.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Tiykarǵı Nızam belgileydi

Puqaralar óz jámiyetlik belsendiligin Ózbekstan Respublikası nızamlarına muwapıq mitingler, jıynalıslar hám demonstraciyalar formasında ámelge asırıw huqıqına iye. Hákimiyat organları tek qáwipsizlik ushın ǵana bunday ilaj ótkeriliwin toqtatıw yaki qadaǵan etiw huqıqına iye.

**Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası, 33-statya.**

## Tapsırma

*Puqaralardıń elimizdiń jámiyetlik-siyasiy turmısında, mámleketti basqarıwda qatnasıwdıń ózińizge belgili jolların aytıń. 9-klass oqıwshısı mámleketti basqarıwda qalayınsha qatnasıwı múmkin?*

## Juwmaq shıǵaramız

**Siyasıy huqıqlar:**

- maqset – óz pikiri hám isenimin ańlatıw;
- mámleketti basqarıwda qatnasıw huqıqı;
- jıynalıslar, mitingler hám demonstraciyalar erkinligi;
- siyasiy partiya, kásiplik awqamı hám basqa jámiyetlik birlespelerge birigiw huqıqi;
- mámleketlik organlarǵa arzalar, usınıslar hám shaǵımlar menen múrájat etiw huqıqı;

## Ózińızdi sınań!

1. Siyasiy huqıqlar insanǵa nege kerek?
2. Jeke hám siyasiy huqıqlar qanday tárizde óz ara baylanısqan?
3. Mámleket jámiyetlik birlespelerdiń jumısına aralasa ala ma?
4. Tınısh shıǵıwlar, mitingler, jıynalıslarda qatnasıw insanǵa ne beredi?
5. Tómendegilerden qaysıları jeke yaki siyasiy huqıqlarǵa, tiyisli ekenligin anıqlań:
   – áyyemgi Spartada ázzi balalardı jarǵa ılaqtırar edi;
   – klaslas qız partalas doslarınıń xatın jasırıp óqıdı;
   – insandı basqa dinge ótiwge zorlıq penen májbúrledi;
   – jergilikli hákimiyat organların sınǵa alıwshı maqalalardı jáI-yalaw qadaǵan etilgen.

   *Dizimdi óz mısallarıńız benen dawam ettiriń.*

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 10-§. ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ PUQARALÍǴÍ

**Tema ústinde islew nátiyjesinde:**

– puqaralıq ne hám onıń insan ushın qanday áhmiyetke iye ekenligin;

– puqaralıqqa qabıl etiw tiykarları hám onı toqtatıw shártlerin bilip alasız.

**1. Insanǵa puqaralıq ne ushın kerek?**

**2. Puqara hám mámleket.**

**3. Biometrik pasport. Ózbekstan puqarasınıń huqıqıy biyligi.**

## 1. INSANǴA PUQARALÍQ NE USHÍN KEREK?

Puqaralıq ne ekenligin bilesiz be? Ol yaki bul mámleket puqarası bolıw insan ushın neni ańlatatuǵını haqqında oylap kórgensiz be?

***3-tapsırma***

Óz mámleketin taslap ketiw hám shet elde jasawǵa kóship ketiwdi árman etetuǵın balalar ushırasıp turadı.

*Toparlarǵa bólinip ózge mámlekette jasawǵa «razı» hám «qarsı» bolǵan bes tiykarǵı sebeplerdi qáliplestiriń. Olardıń hár biri ózi haq ekenine isendirsin.*

***Este saqlań!***

**Puqaralıq** – bul insannıń anıq bir mámleket penen huqıqıy hám siyasiy baylanısları esaplanadı. Mámleket óz nızamlarında insannıń huqıqıy biyligin, yáǵnıy insannıń mámleketke, onıń organlarına hám basqa shaxslarǵa salıstırǵanda ornın belgileydi.

Puqara esaplanǵan shaxs óz mámleketiniń aymaǵında da, onnan tısqarıda da mámleket qorǵawında hám qáwenderliginde bóladı hám puqaraǵa bekkemlep qóyılǵan barlıq huqıqlardan tolıq paydalanadı. Óz náwbetinde, puqaralar óz mámleketi nızamlarına boysınıwları, óz puqaralıq minnetleri hám wazıypaların orınlawı shárt.

Puqara tek saylap qóyılatuǵın organlarǵa óz wákillerin saylawı emes, al ózi de mine usı organlarǵa saylanıwı múmkin. Puqaralıǵı bólmaǵan shaxs bunday huqıqqa iye bólmaydı.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Egerde armiyada xızmet etiw puqara ushın puqaralıq minneti hám wazıypası sanalsa, al puqaralıǵı bólmaǵan shaxslarǵa bunday wazıypa nızam menen engizilmeydi. Puqaralıǵı bólmaǵan shaxslar partiya aǵzası da bola almaydı, mámleketlik organlardıń basshılıq lawazımlarında isley almaydı, saylawlarda qatnasa almaydı.

### *Este saqlań!*

**Diskriminaciya** – jınısına, qaysı milletke tiyisliligine, diniy hám siyasiy isenimine qarap, belgili bir topardaǵı puqaralar huqıqların belgisiz tárizde sheklew yaki ayırıw.

### *Itibar beriń*

Shet el puqaraları hám puqaralıǵı bolmaǵan shaxslar **(apatridler)** – xalıqaralıq huqıqıy hújjetler insanǵa jaratılǵan barlıq tiykarǵı huqıqlardan paydalanadı (saylawlarda qatnasıw hám mámlekettiń áskeriy kúshlerinde xızmet etiw buǵan kirmeydi). Mine usı mámlekettiń puqaraları sıyaqlı bul puqalar da onıń nızamlarına boysınıwı shárt.

«Puqaralıq haqqında»ǵı Nızamnıń 11-statyasında Ózbekstan Respublikası aymaǵında jasawshı, biraq Ózbekstan Respublikası puqaraları bólmaǵan hám shet el puqarası ekenligin tastıyıqlawshı tiykarǵa iye bolmaǵan shaxslar – puqaralıǵı bolmaǵan shaxslar esaplanatuǵını atap kórsetilgen. Eki mámleket puqarası bolıw qadaǵan etilgen.

### *Tiykarǵı Nızam belgileydi*

Ózbekstan Respublikası aymaǵındaǵı shet el puqaralarınıń hám puqaralıǵı bolmaǵan shaxslardıń huqıq hám erkinlikleri xalıqaralıq huqıq normalarına muwapıq támiyinlenedi. Olar Ózbekstan Respublikası Konstituciyası nızamları hám xalıqaralıq shártnamalar menen belgilengen minnetlerdi orınlaydı.

**Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası, 23-statya.**

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## 2. PUQARA HÁM MÁMLEKET

**Ózbekstan Respublikası puqaralıǵı haqqındaǵı islerdi basqarıwshı mámleketlik organlarǵa tómendegiler kiredi:**

– Ózbekstan Respublikası Prezidenti janındaǵı Puqaralıq máseleleri boyınsha komissiya;

– Ózbekstan Respublikası Ishki isler ministrligi;

– Ózbekstan Respublikası Sırtqı isler ministrligi.

– Puqaralıqqa qabıl etiw haqqındaǵı qarar Ózbekstan Respublikası Prezidenti tárepinen qabıl etiledi.

*Puqaralıqtı alıw ushın ne tiykar bola aladı?*

***Este saqlań!***

**Ózbekstan puqaralıǵı beriledi:**

- tuwılǵan waqtında;
- Ózbekstan Respublikası puqaralıǵına qabıl etiw nátiyjesinde;
- Ózbekstannıń xalıqaralıq shártnamaları menen názerde tutılǵan tiykarlar boyınsha;
- basqa nızamlı tiykarlar boyınsha.

**«Ózbekstan Respublikası puqaralıǵı haqqında»ǵı Nızam, 12-statya.**

## 3. ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ PUQARASÍNÍŃ BIOMETRIK HÁM SHET EL PASPORTÍ

**Biometrik pasport** – bul Ózbekstan Respublikası puqarasınıń puqaralıǵın hám shaxsın tastıyıqlawshı, pasport iyesiniń personal biografiyalıq maǵlıwmatları hám biometrik parametrlerine iye elektron xabar (chip) tasıwshı hújjet.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях

UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

2019-jıl 1-yanvardan baslap, stikerler, yaǵnıy shet elge shıǵıw ushın «shıǵıw vizası» beriliwi toqtatıldı hám 10 jılǵa beriletuǵın jańa biometrik shet el pasportları alınatuǵın boldı. Shet el pasportları xalıqaralıq standartlarǵa sáykes keledi. 15 ten 18 jasqa shekem bolǵan puqaralar ata-anaları, baǵıwshıları jas óspirimniń erkin shet elge shıǵıwına tiyisli notarial tastıyıqlanǵan razılıǵı bolǵan jaǵdayda shet elge úlkenler bolmasa da shıǵıwları múmkin.

Pasport belgilengen úlgide beriledi hám de ózbek hám inglis tillerinde, Qaraqalpaqstan Respublikası ushın qaraqalpaq, ózbek hám inglis tillerinde personallastırıladı, yaǵnıy toltırıladı.




### 2-tapsırma

1. *Egerde sizge óz mámleketińiz puqaralıǵına qabıl etiw haqqındaǵı máseleni sheshiwdi erkińizge berse, kimlerge qarsı juwap bergen bolar edińiz hám ne ushın?*

### Tiykarǵı Nızam belgileydi

Ózbekstan Respublikasınıń pútkil aymaǵında birden-bir puqaralıq ornatıladı.

**Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası, 21-statyadan.**

Ózbekstan Respublikası puqaralıǵına qabıl etiw, puqaralıqtı qayta tiklew hám puqaralıqtan shıǵıw Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń Pármanı menen rásmiylestiriledi

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Ózbekstan Respublikası puqaralığınan ayırıw ushın tiykarlar:**

- puqaranıń shet elge áskeriy xızmetke, qáwipsizlik xızmeti organlarına, policiyaǵa, ádillik organlarına yamasa mámleketlik hákimiyat organlarına jumısqa kiriwi aqıbetinde;
- eger, shet ellerde turaqlı jasap turǵan puqara úsh ay dawamında keshirimli sebeplersiz konsullıq esabında turmaǵan bolsa;
- Ózbekstan Respublikası puqaralıǵı bile tura jalǵan maǵlıwmatlar yaki qalbeki hújjetlerdi usınıwı nátiyjesinde qolǵa kirgizilgen bolsa;
- eger puqara shet el paydasına qaratılǵan jumıs penen shuǵıllanǵan halda yamasa tınıshlıq hám qáwipsizlikke qarsı jınayatlar islew jolı menen jámiyet hám mámleket máplerine zıyan tiygizgen bolsa;
- puqara shet el puqaralıǵına ótken jaǵdayda.




## 2-tapsırma

*Tómendegi jaǵdaylardı kórip shıǵıp, qoyılǵan sorawlarǵa juwap beriń.*

### *1-jaǵday*

Paytaxt emlewxanalarınan birinen onsha alıs bolmaǵan jerden, terek astına taslap ketilgen náreste tabıldı. Balanıń janında onıń kim ekenligin bildiretuǵın hesh qanday jazıw da, hújjet te joq edi.


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Náresteni puqaralıq halatı hújjetlerinde dizimnen ótkeriw máselesi payda bolıwı tábiyiy. Familiyası, ismi, ákesiniń ismi tawıp alǵan shaxslardıń erki menen belgilendi.

Balanıń puqaralıǵı máselesin sheshiwde qıyınshılıq payda boldı, óytkeni maǵlıwmatlardıń joqlıǵı sebepli balanıń tuwılǵan jerin anıqlaw imkaniyatı bolmadı.

*Sizińshe, bul balanıń puqaralıǵı haqqındaǵı máseleni qalay sheshiw kerek?*

***2-jaǵday***

Erli-zayıplı U.lar puqaralıq halatı aktlerin jazıw organları (PHAJ)na perzentlerin dizimge alıw haqqındaǵı arza menen xabarlastı.

Arza kórilip atırǵanda PHAJ xızmetkerleri erli-zayıplı U. lardıń puqaralıǵı joq shaxslar ekenligin anıqladı hám balanı dizimge alıwdan bas tarttı. Óziniń bas tartıwdaǵı juwapların olar bala da, ata-anası sıyaqlı puqaralıǵı joq shaxs sanaladı, mine sonıń ushın Ózbekstan puqarası sıpatında dizimge alınıwı múmkin emes, dep túsindirdi.

*Sizińshe, PHAJ xızmetkerleri haq pa? Erli-zayıplı U. lardıń PHAJ ǵa múrajatı múnásibeti menen payda bolǵan máselege «Ózbekstan Respublikası puqaralıǵı haqqında»ǵı Nızamnıń qaysı qaǵıydalarınan juwap tabıw múmkin?*

***Normativ hújjet***

**Sizge belgili me, yaǵnıy:**

– tuwılǵanı haqqındaǵı gúwalıq, puqaraǵa 16 jasqa tolǵanında beriletuǵın pasport puqaralıqtı tastıyıqlawshı hújjetler esaplanadı;

– jubaylardan biriniń puqaralıǵın ózgertiwi basqa jubayınıń puqaralıǵınıń ózgeriwine alıp kelmeydi;

– shet elli er adam yaki shet elli hayal menen nekeden ótiwi jubaylardıń puqaralıǵın ózgertiw minnetlemesin júklemeydi;

– puqaralıǵı bolmaǵan shaxslardıń Ózbekstan aymaǵında tuwılǵan balası Ózbekstan Respublikası puqarası esaplanadı;

– shet el puqarası yaki puqaralıǵı bolmaǵan bala perzentlikke alınǵan jaǵdayda ol Ózbekstan Respublikası puqarasına aylanadı;

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях

UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

– 14 jastan 18 jasqa shekemgi bolǵan balalardıń puqaralıǵın olardıń ata-anaları puqaralıǵı ózgergen jaǵdaylarda, sonday-aq, perzentlikke alıw halatlarında ózgertiw tek balalardıń razılıǵı menen bolıwı múmkin;

– eger Ózbekstan Respublikasınıń xalıqaralıq shártnaması menen «Ózbekstan Respublikası puqaralıǵı haqqında»ǵı Nızamnan ózgeshe qaǵıydalar engiziletuǵın bolsa, xalıqaralıq shártnama qaǵıydaları qollanıladı.

## *Juwmaq shıǵaramız*

**Ózbekstan Respublikası puqaralıǵı:**

- insannıń mámleket penen huqıqıy baylanısları, insan hám puqaralardıń mámleket tárepinen qorǵalıwı;
- puqaralardıń nızamlarǵa boysınıw minneti;
- puqaralıǵı bolmaǵan shaxslar: mámleketlik hákimiyat organlarına saylanbaydı, saylawlarda qatnaspaydı, armiyada xızmet etpeydi, siyasiy partiyalarǵa aǵza bolmaydı;
- pasport — 16 jastan;
- puqaralıqqa iye bolıw:
  tuwılǵan waqıtta,
  qabıl etiw haqqındaǵı arza boyınsha;
- «Ózbekstan Respublikası puqaralıǵı haqqında» Nızam.

## *Ózińızdi sınań!*

1. Puqaralıq degenimiz ne? Insaniyat tariyxında puqaralıq institutı barlıq waqıt bolǵan ba?
2. Sizińshe, puqaralar huqıqların ámelge asırıw ushın zárúr sharayatlardı kim támiyinlewi lazım?
3. Puqara hám mámleket arasında qanday óz ara baylanıs payda boladı?
4. Házirgi demokratiyalıq mámleket puqarası qanday normalar qorǵawı astında boladı?
5. Ózbekstanda puqaralıqqa iye bolıw ushın qanday nızamlı tiykarlar názerde tutılǵan?
6. Demokratiyalıq jámiyette puqara hám mámlekettiń óz ara qatnasıqları qanday principlerge tiykarlanadı?
7. Shet el puqaraları hám puqarlıǵı bolmaǵan shaxslar puqaralıǵı bolǵan shaxslar menen birdey huqıqlarǵa iye bola ma?
8. «Insannıń huqıqıy biyligi» túsinigin táriypleń, onıń ózgesheliklerin sanap beriń.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 11-§. INSAN HUQÍQÍ HÁM ERKINLIKLERI KEPILLIKLERI

**Tema ústinde islew nátiyjesinde:**

– insan huqıq hám erkinlikleriniń konstituciyalıq kepilligi haqqında;

– insan huqıqların qorǵaw mexanizmi haqqında;

– óz huqıqlarıńızdı qorǵaw ushın qanday organlarǵa múrájat etiw kerekligi haqqında bilip alasız.

**1. Óz huqıqların qorǵaw ushın qay jerge múrajat etiw kerek?**
**2. Insan huqıqı hám erkinligi kepillikleri.**
**3. Insan huqıqların qorǵaw boyınsha milliy institutlar.**

## 1. ÓZ HUQÍQLARÍN QORǴAW USHÍN QAY JERGE MÚRAJAT ETIW KEREK?

Tilekke qarsı, insan ayırım jaǵdaylarda kemsitiw hám xorlawlarǵa dus keledi. Insan huqıqlarına zıyan tiygizilgen barlıq halatlarda ol óz huqıqların qorǵawǵa zárúrlik sezedi.

Házirgi kúnde nızamları, sud hám huqıq-tártip organları arqalı mámleket mine usınday qorǵawshı rolinde kózge taslanadı.

***Tiykarǵı Nızam belgileydi***

Hárbir shaxsqa huqıq hám erkinliklerin sud arqalı qorǵaw, mámleketlik organlar, lawazımlı shaxslar, jámiyetlik birlespelerdiń nızamǵa jat is-háreketleri ústinen sudqa shaǵım etiw huqıqına kepillik beriledi.

**Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası, 44-statya.**

Bul huqıq qánigeli yuridikalıq járdemge mútáj bolǵan hárbir adam advokatqa xabarlasıp, mine usınday járdemnen paydalanıwı múmkin ekenligin názerde tutadı. Qanday da bir jaǵdayda, hátte eger ol jınayat islep ayıplanǵan bolsa da, insanǵa bul járdemdi beriwden bas tartıwǵa hesh kimniń haqısı joq.

Mámleketimizde jas óspirimler, miynetke jaramsızlar hám jalǵız baslı kekse adamlar ayrıqsha qorǵaladı.

***Tiykarǵı Nızam belgileydi***

Jas óspirimler, miynetke jaramsızlar hám jalǵız baslı kekselerdiń huqıqları mámlekettiń qorǵawında bolıp esaplanadı.

**Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası, 45-statya.**

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях

UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## 2. INSAN HUQÍQ HÁM ERKINLIKLERINIŃ KEPILLIKLERI

Huqıqıy mámlekette insan huqıqlarına boysınıwına kepillik beretuǵın kóp ǵana usıllar háreket etedi. Olardıń arasında ayrıqsha orın sud qorǵawına tiyisli. Bul qorǵaw formasınan hárbir adam paydalanıwı múmkin. Bunıń ushın sudqa sudtıń talqılawı ushın tiykar bolıp xızmet etetuǵın dawa arzası menen múrajat etiw jetkilikli.

Huqıqıy mámlekette sud ǵárezsiz ádil sudlaw organı bolǵanı sebepli hár qanday tartıslı isti sheshetuǵın sudya tek nızamǵa boysınadı.

Sudya jumısları dawamında qalıs bolıwı, yaǵnıy óziniń jeke simpatiya hám antipatiyasınan joqarı turıwı, paraǵa satılmaslıǵı lazım. Hesh kim, hákimiyat hám joqarǵı basqarıw organları da sudtıń jumısına aralasıwǵa haqısı joq.




**«Fizikalıq hám yuridikalıq shaxslardıń múrájatları haqqında»ǵı Nızamǵa muwapıq:** fizikalıq hám yuridikalıq shaxslarǵa mámleketlik organlar, shólkemler hám olardıń lawazımlı shaxslarına jeke tártipte yaki jámáát bolıp múrajat etiwine kepillik beriledi.

## 3. INSAN HUQÍQLARÍ BOYÍNSHA MILLIY INSTITUTLAR

Ózbekstannıń ǵárezsiz rawajlanıw jıllarında insan huqıqların qorǵaw boyınsha insan huqıqların qorǵaw mexanizmin biraz keńeytiwge baǵdarlanǵan jańa milliy institutlar dúzildi.

Olardıń qatarına tómendegiler kiredi:

– Oliy Majlistiń insan huqıqları boyınsha Wákillik instituti – **Ombudsman;**

– Ózbekstan Respublikası Insan huqıqları boyınsha Milliy oray;

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях

UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## OMBUDSMAN

Insan huqıqları boyınsha Wákillik institutı – Ombudsman 1995-jılı nızam shıǵarıwshı hákimiyat sistemasında, yaǵnıy Oliy Majlis janında shólkemlestirilgen bolıp sudlawshı sanalmaydı. Ombudsman mámleketlik organlar tárepinen insan huqıqlarına boysınılıwı ústinen parlament qadaǵalawın ámelge asıradı.

**Ombudsmannıń huqıqları:**

- shaǵımlardı kórip shıǵıw;
- arza beriwshi óz huqıqları, erkinlikleri hám nızamlı máplerin qorǵaw ushın paydalanıw múmkin bolǵan qurallar hám jolların kórsetiw;
- shaǵım arzanıń mánisi boyınsha shehsiw wákilligi bolǵan shólkem yamasa lawazımlı shaxsqa beriw;
- arza beriwshiniń huqıq hám nızamlı máplerine tiyisli hújjetler, qararlar hám basqa materiallar menen tanıstırıw;
- biykarlaw sebeplerin májbúriy tárizde kórsetken halda shaǵımdı kórip shıǵıwdan bas tartıw;
- nızamshılıqqa qarsı bolmaǵan basqasha ilajlar qollanıw.

http://eduportal.uz

Ombudsman janında konstituciyalıq huqıq hám erkinliklerge boysınılıwı boyınsha komissiya dúzilgen. Ol puqaralar hám shólkemlerden óz atına kelgen múrájatlardı kórip shıǵadı.

Óz nızamlı huqıqları buzılǵanlıǵı haqqında shaǵım menen hárbir adam (respublika puqarası, shet el puqarası yaki puqaralıǵı bolmaǵan shaxs) Ombudsmanǵa shaǵım boyınsha tekseriw nátiyjeleri tiykarında ol tómendegilerdi orınlawı lazım:

— Arza iyesine onıń múrajatı kórip shıǵılǵannan keyingi nátiyjeler haqqında xabarlaw;

— háreketlerinde puqaralardıń huqıqları, erkinligi hám nızamlı mápleri buzılıwları anıqlanǵan jumıs islep atırǵan yamasa islemey atırǵan shólkem yaki lawazımlı shaxsqa buzılǵan huqıqların tiklew boyınsha usınıslardan ibarat óz juwmaǵın jiberiw. Wákildiń juwmaǵın alǵan shólkem yamasa

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях

UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE
shaxs onı kórip shıǵıwı hám bir aydan aspaǵan múddette tiykarlanǵan juwap jónetiwi lazım.

Wákildiń juwmaǵında tómendegi usınıslar bolıwı múmkin: shólkem yamasa lawazımlı shaxs tárepinen jumıs aqırına shekem jetkeriliwi shárt; shólkem yamasa lawazımlı shaxstıń qararı ózgertiliwi yamasa biykar etiliwi lazım; shólkem yamasa lawazımlı shaxstıń qararın tiykarlaw lazım; shólkem yamasa lawazımlı shaxs qosımsha qarar qabıl etiwi kerek.

## Insan huqıqları boyınsha Ózbekstan Respublikası Milliy orayı

Insan huqıqları boyınsha Ózbekstan Respublikası Milliy orayı 1996-jılı 31-oktyabrde atqarıw hákimiyatı sistemasınıń quramında dúzilgen. Ol elde huqıqtı qorǵaw jumısın shólkemlestiriwshi mámleketlik shólkem esaplanadı.

**Insan huqıqları boyınsha Milliy oraydıń wazıypaları:**

– insan huqıqları tarawındaǵı mámleketlik siyasattı nátiyjeli ámelge asırıwǵa, usı tarawda Ózbekstan Respublikası xalıqaralıq minnetlemelerin orınlaw boyınsha mámleketlik organlardıń jumısına kómeklesiw;

– insan huqıq hám erkinliklerine ámel qılıw halatın úyreniw, analizlew hám ulıwmalastırıw, insan huqıqların qorǵaw boyansha xalıqaralıq hám regionlıq strukturalar usınıslarınıń orınlanıwı monitoringin ámelge asırıw;

– Ózbekstan Respublikasında insan huqıqlarına boysınılıwı hám qorǵalıwı boyınsha milliy bayanatlar tayarlaw;

– insan huqıqların qorǵaw boyınsha xalıqaralıq hám regionlıq dúzilmeler usınısların ámelge asırıw boyınsha milliy háreketler baǵdarlamaların islep shıǵıw;

– insan huqıqları tarawındaǵı normativ-huqıqıy hújjetlerdi jetilistiriw, milliy nızamshılıq hújjetlerine Ózbekstan Respublikasınıń insan huqıqlarına tiyisli xalıqaralıq shártnamaların qollanıwdı támiyinlew boyınsha usınıslar tayarlaw;

– insan huqıqların qorǵaw hám insan huqıqların ámelge asırıw boyınsha mámleketlik organlarǵa, puqaralıq jámiyeti institutlarına hám basqa shólkemlerge ámeliy járdem kórsetiw;

– xalıq arasında insan huqıqları tarawında huqıqıy úgit-násiyat jumısların alıp barıw;

– insan huqıqlarıná ámel qılınıwı máseleleri boyınsha izertlewler shólkemlestiriw hám ótkeriw, sonday-aq, basıp shıǵarıw xızmetin ámelge asırıw;

– insan huqıqları tarawında xalıqaralıq hám regionlıq shólkemler menen birge islesiw.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## 1-tapsırma

Kóz aldıńızǵa keltiriń, siz ximiya kombinatı jaylasqan qalada jasaysız. Bul kárxana bir neshe jıllar dawamında islep kelmekte. Mine usı dáwir dawamında xalıq arasında júrek qan-tamır hám ókpe kesellikleri kóbeydi. Xalıqtıń salamatlıǵı jaǵdayın tereń tekseriw nátiyjesinde keselliktiń kóbeyip barıwı qorshap turǵan ortalıqtıń pataslanıwı menen baylanıslı ekenligi anıqlandı. Kárxana hákimshiligi tazalaw qurılmaların ornatıw boyınsha wádelerin orınlamay atır.

*Jámáátshilik usı mashqalanı qalay sheshiwi múmkin? Usınday jaǵdayda qanday háreketler nátiyjeli boladı?*

## 2-tapsırma

*Tómendegi jaǵdaylarda insan huqıqların qorǵawdıń qanday mexanizmlerinen paydalanıw múmkin?*

**1.** Sizdi qorqıtpaqta, sizge jazalaw menen qáwip salmaqta, tınımsız qońıraw etip, kemsitpekte. *Ne islew kerek?*

**2.** Sizdi jınayat islegenlikte ayıplap atır. Qaysı shólkemniń qorǵawına súyeniwińiz múmkin? *Bunday jaǵdayda ne islewińiz kerek?*

**3.** Siz nahaq jábirlengenińizge, sizdi qapa etkenine, kemsitkenine isenim payda ettińiz. *Ne islew kerek?*

**4.** Keshte dostıńız benen shınıǵıwdan kiyatırsız. Sizdi milicioner toqtattı, miliciya bólimine alıp ketpekshi bolıp tur. *Bunday jaǵdayda ózińizdi qalay uslawıńız kerek?*

## Juwmaq shıǵaramız

**Huqıq hám erkinlikler kepillikleri:**

- insan huqıqların qorǵaw mexanizmi: sudlar, prokuratura, miliciya, advokatura;
- insan huqıqların júzege shıǵarıw monitoringi;
- «Fizikalıq hám yuridikalıq shaxslardıń múrajatları haqqında»ǵı Nızam;
- Ombudsman;
- 1996-jıl – Insan huqıqları boyınsha Ózbekstan Respublikası Milliy orayı dúzildi;

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Ózińizdi sınań!

1. «Konstituciyalıq kepillikler» degen túsiniktiń mánisin aytıp beriń.
2. Ózbekstanda insan huqıqlarınıń qanday qosımsha milliy mexanizmleri jaratılǵan? Olar qanday wazıypalardı atqaradı?
3. Ne ushın insanǵa kásiplik bilimler menen birgelikte huqıqıy bilimler de zárúr?

## Normativ hújjet

### «FIZIKALÍQ YAMASA YURIDIKALÍQ SHAXSLARDÍŃ MÚRAJATLARÍ HAQQÍNDA»ǴÍ ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ NÍZAMÍ

*(kóshirme)*

**6-statya. Múrajatlarǵa qoyılatuǵın talaplar**

Fizikalıq shaxstıń múrajatında fizikalıq shaxstıń familiyası (ismi, ákesiniń ismi), onıń jasaytuǵın jeri haqqındaǵı maǵlıwmatlar kórsetilgen bolıwı kerek.

Yuridikalıq shaxstıń múrajatında yuridikalıq shaxstıń tolıq atı, onıń jaylasqan jeri (pochta mánzili) haqqındaǵı maǵlıwmatlar kórsetilgen bolıwı kerek.

Fizikalıq hám yuridikalıq shaxstıń múrajatında mámleketlik organnıń, shólkemniń anıq atı, lawazımı yaki lawazımlı shaxstıń familiyası (ismi, ákesiniń ismi) kórsetilgen, sonday-aq múrajattıń mánisi bayan etilgen bolıwı kerek.

Múrajatlarda múrajat etiwshiniń electron pochta mánzili, baylanıs telefonları hám fakslar nomeri kórsetiliwi múmkin.

Múrajatlar mámleketlik tilde hám basqa tillerde beriliwi múmkin.

Jazba múrajatlar múrajat etiwshi fizikalıq shaxstıń imzası yaki múrajat etiwshi yuridikalıq shaxs wákillikli shaxsınıń imzası menen tastıyıqlanǵan bolıwı lazım. Fizikalıq shaxstıń jazba múrajatın múrajat etiwshiniń imzası menen tastıyıqlaw imkaniyatı bolmaǵan jaǵdayda, bul múrajat onı jazıp Bergen shaxstıń imzası menen tastıyıqlanıp, onıń familiyası (ismi, ákesiniń ismi) da qosımsha tárizde jazıp qoyılıwı kerek.

Múrajat etiwshilerdiń wákilleri arqalı berilgen múrajatlarǵa olardıń wákilliklerin tastıyıqlawshı hújjetler qosımsha qılınadı.

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 12-§. ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ PUQARALARÍNÍŃ KONSTITUCIYALÍQ MINNETLERI

**Tema ústinde islew nátiyjesinde:**

– puqaralardıń konstituciyalıq minnetleri neden ibarat ekenligin;
– jas óspirimlerdiń Ózbekstan Respublikası nızam hújjetlerin buzǵanı ushın juwapker ekenligin;
– huqıq hám minnetlerdiń tıǵız baylanıslılıǵın bilip alasız.

**1. Huqıqlar hám minnetler birligi.**
**2. Nızam aldında hámme teń esaplanadı.**
**3. Konstituciyalıq minnetlerge boysınbaǵanlıǵı ushın juwapkerlik.**

## 1. HUQÍQLAR HÁM MINNETLER BIRLIGI

Ózbekstan Respublikası Konstituciyasında tek Ózbekstan Respublikası puqaralarınıń tiykarǵı huqıqları emes, al olardıń minnetleri de belgilep berilgen.

**Ózbekstan Respublikası Konstituciyası (II bap) puqaralardıń tómendegi minnetlerin názerde tutadı:**

**Ózbekstan Respublikası puqaralarınıń minnetleri:**

- Konstituciya hám nızamlarǵa boysınıw (48-statya);
- Ózbekstan xalqınıń tariyxıy, ruwxıy hám mádeniy miyrasın qásterlep saqlaw (49-statya);
- qorshap turǵan ortalıqqa abaylap qatnas jasaw (50-statya);
- nızamda belgilengen salıqlar, jergilikli jıyımlardı tólew (51-statya);
- óz elin qorǵaw, áskeriy yaki alternativ xızmetti ótew (52-statya).

Kópshilikke belgili bir haqıyqat bar:

**«Dál usı huqıqlarsız minnetler bolmaǵanı sıyaqlı minnetlersiz huqıqlar da bolmaydı».**

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях



UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Bunı turmıstıń ózi tastıyıqlaydı. Jámiyette jasap, ózine uqsaǵanlar menen qatnasta bolıp, insan tolıq erkin bola almaydı, átiraptaǵı adamlardı inabatqa almawdıń hesh ilajı joq.

Bul princip hárbir puqaraǵa tiyisli esaplanadı hám de eldiń Konstituciyası hám nızamlarında bekkemlep qoyılǵan minnetlemelerden bas tartıwǵa hesh kim haqılı emes ekenligin ańlatadı.

Sonday-aq, Konstituciyada óz huqıq hám erkinliklerin ámelge asırıwda puqaralar basqa adamlardıń húqıqları, erkinlikleri, abıroy hám qádirin húrmet etiwi kerekligi ayrıqsha atap kórsetiledi (48-statya). Konstituciyalıq minnetler hám nızamlar puqaralar tárepinen orınlanbasa hákimshilik, puqaralıq yaki jınayıy juwapkerlik kúshke kiredi.

***Tapsırma***

*Kóz aldıńızǵa keltiriń, siziń klasıńız – onsha úlken emes jámiyet. Sizińshe, eger onıń puqaraları bárshe huqıq hám erkinliklerge iye bolsa, biraq olardıń birde-bir minneti bolmasa, ne júz beredi?*

## 2. NÍZAM ALDÍNDA HÁMME TEŃ ESAPLANADÍ

Nızam aldında jalpı teńlik principi sociallıq shıǵısı, iyelegen lawazımı hám basqalarǵa qaramastan mámlekettiń barlıq puqaralarına engiziledi. Birde-bir puqara Konstituciya menen belgilengen minnetlerden bas tartıwı yamasa azat etilmewi shárt.

Konstituciya hám nızamlarǵa boysınıw mámleket puqaralarınıń eń tiykarǵı minneti esaplanadı.

***Tiykarǵı Nızam belgileydi***

> Barlıq puqaralar Konstituciyada belgilep qoyılǵan minnetlerdi orınlaydı.
>
> **Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası, 47-statya.**

### Tariyxıy hám mádeniy miyrastı qásterlep saqlaw

Ózbekstan xalqınıń tariyxıy estelikleri, mádeniy hám ruwxıy miyrası pútkil xalıqtıń milliy baylıǵı esaplanadı. Bul milliy baylıq ásirler dawamında jaratıldı hám hár birimiz ata-babalarımızdıń tariyxıy hám mádeniy miyrasın saqlap qalıwımız lazım.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях

UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Qorshap turǵan tábiyiy ortalıqqa abaylap qatnas jasaw

Qorshap turǵan tábiyiy ortalıqqa abaylap qatnasta bolıw zárúrligi Konstituciyada (50-statya) hám «Ózbekstan Respublikasınıń tábiyatın qorǵaw haqqında»ǵı Nızamda sáwlelendirilgen bolıp, olar puqaralardıń moynına tómendegi minnetlerdi júkleydi:

– tábiyat resurslarınan maqsetke muwapıq paydalanıw;
– tábiyat baylıqların qásterlep saqlaw;
– tábiyat obyektleri menen baylanıslı bolǵan mádeniy miyrastı saqlap qalıw.

Búgingi kúnde insan ómiri ushın tábiyattı joq etiw, hawa, jer hám suwdı pataslawdan artıq qáwip-qáter joq. Tábiyattı qutqara otırıp, biz óz-ózimizdi apatshılıqtan saqlaymız.

***Tiykarǵı Nızam belgileydi***

Puqaralar Ózbekstan xalqınıń tariyxıy, ruwxıy hám mádeniy miyrasın qásterlep saqlawǵa májbúr esaplanadı.

Mádeniyat estelikleri mámleket qorǵawında.

**Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası, 49-statya.**

## Watandı qorǵaw

Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyasında Watan qorǵawshısı bolıw eldiń hárbir puqarasınıń minneti dep járiyalanǵan (52-statya). «Ulıwma áskeriy minnet hám áskeriy xızmet haqqında»ǵı Nızamǵa muwapıq óz Watanın qorǵaw minneti puqaralar tárepinen áskeriy yaki alternativ xızmetti ótew jolı menen atqarıladı.

Alternativ xızmette ádette xalıq xojalıǵı kárxanalarında qanigelik talap etilmeytuǵın jumıslardı orınlawǵa tartıw kózde tutıladı. Hayallar tınısh dáwirde áskeriy xızmetke shaqırılmaydı.





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Ózbekstanda turaqlı yamasa waqıtsha jasap atırǵan basqa mámleketlerdiń puqaraları hám puqaralıǵı joq shaxslar áskeriy xızmetti ótemeydi hám de elimizdiń oqıw orınlarında áskeriy tayarlıqtan ótpeydi. Múddetli áskeriy xızmetke salamatlıǵına qarap áskeriy xızmetke jaramlı, shaqırıw kúninde 18 jasqa tolǵan er balalar shaqırıladı. 1993-jılı 14-yanvar kúni biziń mámleketimizde **Watan qorǵawshıları kúni** dep jariyalanǵan.

***Tiykarǵı Nızam belgileydi***

Ózbekstan Respublikasın qorǵaw – Ózbekstan Respublikası hárbir puqarasınıń minneti esaplanadı. Puqaralar nızamda belgilengen tártipte áskeriy yaki alternativ xızmetti ótewge májbúr.

**Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası, 52-statya.**

## Bilim alıw – jas óspirimlerdiń tiykarǵı minnetlemesi

Er jetpegen elimiz puqaralarınıń tiykarǵı minnetlerinen biri bazalıq ulıwma orta bilim alıwdan ibarat. Mektepte 9 jıllıq bilim alǵannan soń bilim alıwshılar 10–11-klaslarda yaki akademiyalıq liceylerde yamasa 11-klastı pitkergennen keyin kolledjler yaki joqarı oqıw orınlarında bilim alıwdı dawam ettiredi.

Ózbekstan Respublikası Konstituciyasına muwapıq hárbir adam bilim alıw huqıqına iye hám hár adamnıń biypul ulıwma bilim alıwına kepillik beriledi (41-statya).

Házirgi kúnde respublikamızda joqarı orınları, orta arnawlı, kásip-óner bilim beriw mákemeleri, ulıwma orta bilim beretuǵın mektepler jumıs alıp barmaqta. Olardıń pútkil kúsh-ǵayratı bilim alıwshılar hár tárepleme jetilisken, joqarı mádeniyat dárejesindegi dóretiwshi shaxslar bolıwına qaratılǵan.






*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 3. KONSTITUCIYALÍQ MINNETLEMELERGE ÁMEL QÍLMAǴANÍ USHÍN JUWAPKERLIK

Ózbekstan Respublikasınıń Hákimshilik juwapkerlik haqqındaǵı Kodeksine muwapıq, nızam buzıwshılıq júz bergen kúnge shekem 16 jasqa tolǵan puqaralar hákimshilik juwapkerlikke tartılıwı lazım.

13 jastan óspirimler ayıptı awırlastıratuǵın jaǵdaylarda qasttan adam óltiriw, al 14 jastan qasttan adam óltiriw, qasttan júdá awır yaki jeńil jaraqatlaǵan, qıynaw, namısına tiyiw, adam urlaw, basqınshılıq, talanshılıq, urlıq, transport qurallarін aydap qashıw hám basqa da awır nızam buzıwshılıqlar ushın jınayıy juwapkerlikke tartıladı.

**Jas óspirim nızam buzıwshılarǵa tómendegi jaza túrleri qollanılıwı múmkin:**

– keltirilgen zıyandı qaplaw minnetlemesin qoyıw;
– járiyma;
– azatlıqtan ayırıw.

Jas óspirim nızam buzıwshılar jazanı jas óspirimler ushın mólsherlengen koloniyalarda yaki jabıq túrdegi arnawlı tálim-tárbiya mákemelerinde óteydi.

***Juwmaq shıǵaramız***

**Puqaralardıń minnetleri:**

- nızam aldında hámme teń esaplanadı;
- huqıqlar minnetlersiz bolmaydı;
- Konstituciyaǵa hám nızamlarǵa boysınıw;
- basqa adamlardıń huqıqları, erkinlikleri, abıroyı hám qádir-qımbatın húrmet etiw;
- tariyxıy hám mádeniy estelikleri qásterlep saqlaw;
- nızam menen belgilengen salıqlardı tólew;
- áskeriy yamasa alternativ xızmetti ótew;
- qorshap turǵan tábiyiy ortalıqqa abaylı qatnasta bolıw, qásterlep saqlaw.

***Ózińızdi sınań!***

**1.** Sizińshe, mámleket puqaraları huqıq hám erkinlikleriniń ámelge asıwı ushın olardıń Konstituciyada bekkemlep qoyılıwı faktiniń ózi ǵana jeterli me?

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях

UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**2.** Ózbekstan Respublikası Konstituciyasında mámleket puqaraları ushın belgilengen minnetlerdi aytıp beriń.
**3.** Qanday pikirdesiz, nege huqıqlar minnetlersiz bolmaydı?
**4.** Elimiz Konstituciyasına hám nızamlarına boysınbaǵanı ushın jas óspirimlerge qanday hákimshilik hám jınayıy juwapkerlik belgilengen?

***Normativ húјјet***

**JAS ÓSPIRIMLERDIŃ ISLERI BOYÍNSHA UYÍMLAR ARALÍQ KOMISSIYALAR HAQQÍNDAǴÍ NÍZAM**
*(Kóshirme)*

**9-bap. TÁSIR ETIW ILAJLARÍ HÁM OLARDÍ QOLLANÍW TÁRTIBI**

21. Rayon (qala) komissiyaları usı Nızamnıń 20-punktinde kózde tutılǵan halatlarda jas óspirimlerge tásir etiw ilajı sıpatında:
— rayon (qala) sudına jas óspirimge jábirleniwshiden keshirim soraw minnetlemesin júklew haqqında usınıs kirgiziwi;
— Eskertiliwi;
— rayon (qala) sudına 15 jasqa kirgen jas óspirimge, eger zıyan muǵdarı belgilengen minimal is haqı muǵdarınan kóp bolmasa, keltirilgen materiallıq zıyandı qaplaw yamasa saplastırıw minnetlemesin júklew yaki belgilengen minimal is haqı muǵdarınan kóp bolmaǵan materiallıq zıyandı óz miyneti menen saplastırıw minnetlemesin júklew haqqında usınıs kirgiziwi;
— 16 jasqa kirgen óspirim hám erkin pul tabatuǵın shaxsqa Ózbekstan Respublikasınıń Hákimshilik juwapkerlik haqqındaǵı Kódeksinde kózde tutılǵan halatlarda hám muǵdarda jariyma salıwı;
— jas óspirimdi ata-anası yamasa olardıń ornın basatuǵın shaxslarǵa, yaki jámáátlik tárbiyashı qadaǵalawına, sonday-aq, miynet jámááti yamasa mámleketlik emes kommerciyalıq emes shólkemlerdiń baqlawına olardıń razılıǵı menen beriwi;
— jas óspirimdi nızamshılıqta názerde tutılǵan halatlarda hám tártipte qánigelestirilgen tálim-tárbiya mákemesine jaylastırıw haqqında sudqa usınısnama beriwi múmkin.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях

UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍNÍŃ JÍNAYAT KODEKSI

*(Kóshirme)*

**43-statya. Jaza sisteması.**

Jınayat júz bergende ayıplı dep esaplanǵan shaxslarǵa tómendegi tiykarǵı jazalar qollanılıwı múmkin: a) jariyma; b)belgili bir huqıqtan ayırıw; b1) májbúriy jámiyetlik jumıslar; v) minez-qulqın dúzetiw isleri; g) xızmet boyınsha sheklew; d1) azatlıqtı sheklew; e) tártipke salıw bólimine jiberiw; j) azatlıqtan ayırıw; z) ómirlikke azatlıqtan ayırıw.

Qamaqtaǵılarǵa tiykarǵı jazadan tısqarı áskeriy hám arnawlı dárejeden ayırıw tárizindegi qosımsha jaza da qollanılıwı múmkin. Xızmet boyınsha sheklew yamasa tártipke salıw bólimine jónetiw sıyaqlı jazalar tek áskeriy xızmetkerlerge qollanıladı. Belgili huqıqtan ayırıw tek tiykarǵı jaza sıpatında emes, al qosımsha jaza sıpatında da qollanılıwı múmkin.

**82-statya. Járiyma**

Járiyma eń az is haqınıń eki esesinen jigirma esesine shekem muǵdarda tayınlanadı. Ayıpker járiyma tólewden altı ay dawamında bas tartsa, sud tólenbegen járiyma muǵdarın qulqın dúzetiw jumısları jazası menen almastıradı. Bunda eń az is haqınıń eki esesi muǵdarındaǵı járiyma qulqın dúzetiw jumıslarınıń bir ayına teńlestirip esaplanadı.

**83-statya. Qulqın dúzetiw jumısları.**

Qulqın dúzetiw jumısları tek miynetke jaramlı jas óspirimlerge óz jumıs ornında ótew, ayıpker hesh jerde islemese, usı jazanıń orınlanıwın qadaǵalawshı organlar belgilep beretuǵın ózi jasaytuǵın aymaqtaǵı basqa orınlarda ótew sıpatında bir aydan bir jılǵa shekem tayınlanadı.

**85-statya. Azatlıqtan ayırıw.**

Jas óspirimlerge azatlıqtan ayırıw jazası altı aydan on jılǵa shekem múddetke tayınlanadı.

Azatlıqtan ayırıw jınayat islegen waqtında on úsh jastan on altı jasqa shekem bolǵan shaxslarǵa: b) awır jınayat ushın – jeti jılǵa shekem; d) júdá awır jınayat ushın – on jılǵa shekem múddetke tayınlanadı.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях

UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Úyrenilgen temalar boyınsha bilimlerińizdi sınań**

## ARALÍQ QADAǴALAW USHÍN SORAWLAR

***Qıynalǵanda qawsırma ishinde kórsetilgen sabaqlıq betlerine múrajat etiń.***

1. Hákimiyat degenimiz ne? (33-b.)
2. Ózbekstan Respublikasında mámleketlik hákimiyattın birden-bir deregi kim? (33-b.)
3. Belgili bir mámleketke tiyisli ekenligin dálillep bere almaǵan shaxs qalay ataladı? (37-b.)
4. Ózbekstan Respublikası Konstituciyasınıń Ekinshi bólimi qaysı máselelerge baǵıshlanǵan? (34-b.)
5. Ózbekstan Respublikası Konstituciyasında bekkemlep qoyılǵan jeke huqıq hám erkinliklerdi sanap beriń. (35-b.)
6. Ózbekstan Respublikası Konstituciyasında bekkemlep qoyılǵan siyasiy huqıqlardı sanap beriń. (35-b.)
7. Ózbekstan Respublikası Konstituciyasında bekkemlep qoyılǵan ekonomikalıq, sociallıq hám mádeniy huqıqlardı sanap beriń. (35-36-b.)
8. Shaxstıń anıq mámleket penen turaqlı baylanısı qalay ataladı? (36-b.)
9. Puqaralıǵı bolmaǵan shaxs qanday huqıqlarǵa iye emes? (62-b.)
10. Diskriminaciya degenimiz ne? (62-b.)
11. Ózbekstan Respublikasında puqaralıqqa tiyisli isler menen qaysı mámleketlik shólkemler shuǵıllanadı? (63-b.)
12. Ózbekstan puqaralıǵın qalayınsha alıw múmkin? (63-b.)
13. Ózbekstan Respublikası puqaralıǵın toqtatıp qoyıw ushın qaysı sebepler tiykar bolıwı múmkin? (65-b.)
14. Belgili bir mámleket puqaralıǵın qanday hújjet tastıyıqlaydı? (63,66-b.)
15. Biometriyalıq pasporttıń ózgesheliklerin sanap beriń. (63-b.)
16. «Ózbekstan Respublikasında ólim jazasın biykarlaw haqqında»ǵı Nızam qashan qabıl etilgen? (41-b.)
17. Mámleketlik hákimiyat organlarına puqaralardıń múrajatları túrlerin sanap beriń. (58-b.)
18. Ózbekstan Respublikası puqarasınıń ekonomikalıq hám sociallıq huqıqların sanap beriń. (58-b.)
19. Kárxana hákimshiligi neshe jastan baslap jumısqa qabıl etiwge haqılı? (48-b.)
20. Jas óspirim qanday shártler menen jumısqa qabıl etiliwi múmkin? (51-b.)
21. Insan huqıqları boyınsha wákil — Ombudsman huqıqların sanap beriń. (70-b.)
22. Insan huqıqları boyınsha Ózbekstan Respublikası Milliy orayı wazıypaların sanap beriń. (71-b.)

Ózbekstan Respublikası Konstituciyası menen mámleket puqaralıǵı ushın belgilengen wazıypalar hám minnetlemelerdi sanap beriń. (74-b.)

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# III bólim

# JÁMIYET HÁM SHAXS



Puqaralar óz huqıq hám erkinliklerin ámelge asırıwda basqa shaxslardıń, mámleket hám jámiyettiń nızamlı mápleri, huqıqları hám erkinliklerine zıyan tiygizbewi shárt.

**Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası, 20-statya.**

## 13-§. JÁMIYETLIK BIRLESPELER HÁM ǴALABA XABAR QURALLARÍNÍŃ JUMÍSÍ

**Tema ústinde islew nátiyjesinde:**

– demokratiyalıq mámlekettegi ideologiyalıq hám siyasiy qaraslardıń hár qıylılıǵın;
– demokratiyanıń quram bólimi sıpatında jámiyetlik birlespelerdiń jumısın;
– ǵalaba xabar qurallarınıń jumıs júrgiziw principlerin bilip alasız.

**1. Jámiyetlik birlespeler ne ushın kerek?**
**2. Jámiyetlik birlespelerdi dúziw hám jumıs júrgiziw principleri.**
**3. Ǵalaba xabar qurallari.**

### 1. JÁMIYETLIK BIRLESPELER NE USHÍN KEREK?

**Jámiyetlik birlespeler** – bul óz mápleri hám tilekleri, óz qábiletleri hám talantların kórsetiw imkaniyatınan kelip shıqqan halda hár qıylı toparlarǵa birlesiw jolı menen jámiyetlik turmısta qatnasıw ushın elimiz xalqı birlespeleriniń ámelde payda bolıwı.

*Sizińshe, jámiyetlik birlespeler hám ǵalaba xabar quralları mámleketke ne ushın kerek? Adamlardıń hár qıylı toparları, partiyalar hám massalıq háreketlerdiń jámiyet turmısındaǵı qatnası qanshelli áhmiyetli?*

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

### 1-tapsırma

*Ózbekstan Respublikasındaǵı qanday jámiyetlik birlespelerdiń jumısı haqqında esitkenińizdi, gazetalarda oqıǵanıńızdı esleń.*

**Jámiyetlik birlespeler** birdey mápler tiykarında puqaralardıń qálewi nátiyjesinde payda bolǵan dúzilme esaplanadı.

Jámiyetlik birlespeler tómendegi formalarda boladı: jámiyetlik shólkemler; massalıq háreketler; jámiyetlik qorlar hám basqa húkimetlik emes mákemeler.

Ózbekistan Respublikasında mınaday jámiyetlik shólkemler bar, atap aytqanda, Ózbekstan hayal-qızlar komiteti, «Salamat áwlad ushın» xalıqaralıq qorı, «Jaslar awqamı», «Sen jalǵız emesseń» Respublika jámáátshilik balalar qorı, «Nuraniy» veteranlar keńesi, «Máhálle» qorı hám basqalar.

### 2-tapsırma

*Kesteni toltırıń.*

| Jámiyetlik birlespeler | Atı |
|---|---|
| Kásiplik awqamlar | |
| Siyasiy partiyalar | |
| Mayıplar shólkemleri | |
| Dóretiwshi awqamlar | |
| Jámiyetlik qayır-saqawat qorları | |
| Hayal-qızlar, balalar shólkemleri | |

### Tiykarǵı Nızam belgileydi

Ózbekstan Respublikası puqaraları kásiplik awqamlarǵa, siyasiy partiyalarǵa hám basqa da jámiyetlik birlespelerge jámlesiw, massalıq háreketlerde qatnasıw huqıqına iye bolıp esaplanadı.

**Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası, 34-statyadan.**

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

### *Tiykarǵı Nızam belgileydi*

Ózbekstan Respublikasında nızamda belgilengen tártipte dizimnen ótkerilgen kásiplik awqamlar, siyasiy partiyalar, alımlardıń jámiyetleri, hayal-qızlar, nuranıylar hám jaslar shólkemleri, dóretiwshi awqamlar, massalıq háreketler hám puqaralardıń basqa awqamları jámiyetlik birlespeler sıpatında tastıyıqlanadı.

**Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası, 56-statya.**

## 2. JÁMIYETLIK BIRLESPELERDI DÚZIW HÁM JUMÍSÍN JÚRGIZIW PRINCIPLERI

Mámleketlik shólkemler menen bir qatarda elimizdiń miynet etip atırǵan xalqınıń huqıqların qorǵaytuǵın kásiplik awqamlar jurtımızdaǵı eń ǵalabalıq jámiyetlik birlespeler bolıp tabıladı. Búgingi kúnde kásiplik awqam shólkemleri mámleketlik basqarıw organlarınan ǵárezsiz bolıp, tek xızmetker hám jámiyet mápleri paydası ushın jumıs alıp baradı.




### *Tiykarǵı Nızam belgileydi*

Kásiplik awqamları xızmetkerleriniń sociallıq-ekonomikalıq huqıqların hám máplerin ańlatadı hám qorǵaydı. Kásiplik awqam shólkemlerine aǵza bolıw erkli esaplanadı.

**Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası, 59-statya.**

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Barlıq jámiyetlik birlespeler óz ustavları tiykarında hám Ózbekstan Respublikasınıń hárekettegi nızam hújjetleri sheńberinde jumıs alıp baradı.

*Tiykarǵı Nızam belgileydi*

Konstituciyalıq dúzimdi zorlıq penen ózgertiwdi maqset etip qoyatuǵın, respublikanıń suvereniteti, pútinligi hám qáwipsizligine, puqaralardıń konstituciyalıq huqıq hám erkinliklerine qarsı shıǵatuǵın, urıstı, sociallıq, milliy, rasalıq hám diniy kelispewshilikti tarqatıwshı, xalıqtıń salamatlıǵı hám ruwxıylıǵına qáwip salıwshı, sonday-aq, áskeriylestirilgen birlespelerdiń, milliy hám diniy ruwxtaǵı partiyalardıń hám jámiyetlik birlespelerdiń dúziliwi hám jumısı qadaǵan etiledi.

Jasırın jámiyet hám awqamlar dúziw qadaǵan etiledi.

**Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası, 57-statya.**

Jámiyetlik birlespelerdi tarqatıp jiberiw, olardıń jumısın qadaǵan etiw yamasa sheklew tek sud qararı tiykarında ǵana ámelge asırıladı.

**Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası, 62-statya.**

## 3. ǴALABA XABAR QURALLARÍ

Ózbekstan Respublikası Konstituciyasına (67-statya) hám Ózbekstan Respublikasınıń «Ǵalaba xabar quralları haqqında»ǵı Nızamına muwapıq, hárbir puqaraǵa sóz erkinligi: radio arqalı, baspasózde, televideniede hám basqa ǵalaba xabar qurallarında shıǵıw, óz pikiri hám isenimin áshkara bayan etiwge huqıq berilgen.

*Tiykarǵı Nızam belgileydi*

Ǵalaba xabar quralları erkin hám nızamǵa muwapıq isleydi. Olar xabardıń durıslıǵı ushın belgilengen tártipte juwapker esaplanadı.

Cenzuraǵa jol qoyılmaydı.

**Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası, 67-statya.**

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE




## Este saqlań!

**Cenzura** – ideologiyalıq jaqtan zıyanlı esaplanǵan maqalalardı qadaǵan etiw maqsetinde gazetalar, jurnallar hám basqa basılımlardıń basıp shıǵarıw aldınan kózden ótkeriliwi.

Hárbir adam haqqında onıń razılıǵısız xabar jıynaw, saqlaw hám paydalanıw qadaǵan etilgen. Tek nızamda belgilengen jaǵdaylar buǵan kirmeydi.

Eger ǵalaba xabar qurallarında nadurıs maǵlıwmatlar yamasa insan qádir-qımbatın hám abıroyın kemsitetuǵın materiallar járiyalanǵan bolsa, ol mine usı maǵlıwmatlardı basıp shıǵarǵan baspada bunday maǵlıwmatlarǵa biykarlawshı juwap beriwge haqılı esaplanadı.

## 3-tapsırma

*Sizińshe, adamlar ózleri qálegen barlıq nárselerdi járiyalaw imkaniyatına iye bolıwı kerek pe? Ǵalaba xabar qurallarında járiyalanıwı lazım hám járiyalanbawı shárt bolǵan nárselerdiń dizimin jazıń.*

Óz jumısında adamlardı onıń is-háreketlerine qarsı qayraǵan ayırım bir gazetalardı húkimet belgili múddetke jawıp qoyadı.

*Sizińshe, bul insan huqıqlarına zıyan tiygize me? Keleshekte mámleket basshısı ornında bolǵanıńızda, qanday jol tutqan bolar edińiz?*

Jámiyet hám hárbir adamnıń málimleme alıwı – ekonomikalıq hám ruwxıy kórkeyiwdiń kepili esaplanadı. Biraq, jasalma maǵlıwmat yaki jalǵan jámáátshilik pikiri qáliplespewi ushın xabar tarqatıw mámleket yamasa bir topar shaxslardıń monopoliyası bolıp qalmawı lazım.

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Demokratiyalıq huqıqıy mámleket qurıwdıń tiykarǵı shártlerinen biri – baspa sóz hám xabar erkinligi esaplanadı. Biraq, sóz hám baspa sóz erkinligi tolıq bola almaydı. Sebebi, televizor ekranında jańlaǵan, gazetada járiyalanǵan xabardı millionlaǵan adamlar esitedi, oqıydı. Eger qanday da bir adam, kárxana, óndiris tarmaǵı haqqında qáte maǵlıwmat aytılsa, bunıń menen olardıń abıroyına zıyanı tiyedi, huqıqları buzıladı. Jala maǵlıwmatlar, zorlıq is-háreketlerge shaqırıw hám basqa is-háreketler ushın olardı járiyalaǵan ǵalaba xabar quralları hárekettegi nızamǵa muwapıq juwapkershilikke tartıladı.

### 4-tapsırma

*Sizińshe, ǵárezsiz baspasóz bola aladı dep esaplaysız ba?*

*Qaysı gazetalardı turaqlı oqıp barasız?*

*Dıqqatıńızdı tartatuǵın hám onı turaqlı oqıp barıwıńız ushın, sizińshe gazeta qanday bolıwı kerek?*

**Nızamǵa muwapıq tómendegi jaǵdaylarda ǵalaba xabar quralların paydalanıwǵa jol qoyılmaydı:**

- hárekettegi dúzimdi, Ózbekstan Respublikasınıń aymaqlıq pútinligin zorlıq penen ózgertiw maqsetinde bolsa;
- urıs hám zorlıqtı, milliy, rasalıq hám diniy jánjeldi úgitlew maqsetinde bolsa;
- mámleketlik sırlardı yaki nızam menen qorǵalatuǵın basqa sırlardan ibarat maǵlıwmatlardı áshkara etiw;
- milliy, rasalıq, etnik yaki diniy jánjeldi keltirip shıǵaratuǵın xabarlardı tarqatıw;
- ǵalaba xabar quralları arqalı puqaralardıń abıroyı, qádir-qımbatı yamasa jumıstaǵı abıroyına daq túsiretuǵın xabarlar tarqatıw, olardıń jeke turmısına aralasıw qadaǵan etiledi.

Sonday-aq, tergew hám prokuratura organlarınıń ruxsatısız dáslepki tergew materialların járiyalaw da qadaǵan etiledi.

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Juwmaq shıǵaramız

**Jámiyetlik birlespeler, ǵalaba xabar quralları:**

- maqset – sociallıq-ekonomikalıq hám jámiyetlik-siyasiy mashqalalardı sheshiw;
- jámiyetlik birlespeler, siyasiy partiyalar;
- qayırqomlıq qorları;
- kásiplik awqamlar;
- dizimnen ótiw májbúriy esaplanadı!
- ıqtıyarlılıq;
- siyasiy plyuralizm;
- ǴXQ – cenzuraǵa jol qoyılmaydı;
- jala ushın – sud juwapkershiligi;
- málimleme alıw – kórkeyiw girewi;
- «Ǵalaba xabar quralları haqqında»ǵı Nızam.

## Ózińızdi sınań!

1. Jámiyetlik birlespelerdiń mámleketlik organlardan ayırmashılıǵın aytıń.
2. Ózbekstan Respublikasında bar bolǵan jámiyetlik birlespelerdiń túrlerin sanań.
3. Jámiyetlik birlespeler qanday principler tiykarında dúziledi hám qalay jumıs alıp baradı?
4. Mámleket hám jámiyetlik birlespelerdiń óz ara baylanısları qanday tárizde ámelge asırıladı?
5. Ózbekstan Respublikasında qanday partiyalar hám jámiyetlik birlespelerdi shólkemlestiriw qadaǵan etilgen?
6. Sóz hám baspasóz erkinligi qanday tárizde jámiyetke unamsız tásir kórsetiwi múmkin?
7. Qanday xabar qurallarıń ǵárezsiz dep esaplaw múmkin?
8. Gápti dawam etiń: «Men gazetalardı oqımayman, sebebi ...».

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях

UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 14-§. SIYASIY PARTIYALARDÍŃ JUMÍSÍ

**Tema ústinde islew nátiyjesinde:**

– demokratiyalıq huqıqıy mámlekette partiyalar xızmetiniń áhmiyeti haqqında;

– Ózbekstan Respublikasında siyasiy partiyalardıń jumısı hám olardıń baǵdarlamaları haqqında bilip alasız.

**1. Puqaralardıń mámleketti basqarıwda qatnasıwı.**

**2. Ózbekstan Respublikasında kóp partiyalılıq sistemasınıń qáliplesiwi.**

## 1. PUQARALARDÍŃ MÁMLEKETTI BASQARÍWDA QATNASÍWÍ

Insanlar turmısında túrli mashqalalar bar. Mine, usı mashqalalardıń ayırımların adamnıń bir ózi, al basqalar tek ǵana ózgeler menen jámlesken halda sheshiwi múmkin.Máselen, isbilermenlikti rawajlandırıw menen baylanıslı bolǵan mashqalalar – isbilermenlerdiń máplerin qorǵaw, kredit alıw, salıqqa tartıw, sırtqı bazarǵa shıǵıw máselelerin sheshiw ushın isbilermenler awqamı dúziledi. Sonday-aq, basqa toparlar: pensionerler, mayıplar, jaslar, oqıtıwshılar, shıpakerler hám basqalar da óz mashqalaların sheshiw maqsetinde birlesedi.

### *1-tapsırma*

*Tórt toparǵa bóliniń.*

*Siziń toparıńız eń jámlesken hám tatıw ekenligin, sonıń ushın da onıń wákilleri nızam shıǵaratuǵın organ deputatları arasında kópshilikke iye bolıwı kerek ekenligin dálillewge háreket etip kóriń.*

Mine, demokratiyalıq jámiyet mámleket hákimiyatı organlarında áne sol toparlardan tek birewiniń wákilleri ǵana bolıwı imkaniyatı joq ekenine ózińiz de isenim payda ettińiz.

Mine, usı toparlardan hár biriniń mápleri ańlatılıwı hám qorǵalıwına qalayınsha erisiw múmkin?

### *2-tapsırma*

*Altı toparǵa bóliniń: eki topar siyasiy partiyalardı, qalǵanları bolsa pensionerler, jaslar, fermerler hám hayallar birlespeleri wákillerin ańlatsın.*

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях



UZEDU.ONLINE

http://eduportal.uz

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Siyasiy partiyalardıń wákilleri** baǵdarlamalar islep shıǵıp, olarda joqarıda aytıp ótilgen toparlardıń máplerin inabatqa alǵan halda óz maqset hám wazıypaların belgileydi hám de qollap-quwatlawına erisiw ushın olardıń arasında úgit-násiyat jumısların júrgizedi.

**Pensionerler, jaslar, fermerler hám hayallar toparları** o'zlerine tán bolǵan mashqalalardı anıqlaydı.

Úgit-násiyat isleri dawamında mine usı partiyalardan qaysı birin abzal kóretuǵınıńız anıqlanıwı lazım.

## 2. ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍNDA KÓP PARTIYALÍLÍQ SISTEMASÍNÍŃ QÁLIPLESIWI

Siyasiy partiyalar dúziw hám olardıń jumısında qatnasıw puqaralardıń áhmiyetli siyasiy huqıqlarınan biri sanaladı. Solay etip, siyasiy partiya degenimiz ne ózi?

***Este saqlań!***

**Siyasiy partiya** – Ózbekstan Respublikası puqaralarınıń kóz qaraslar, mápler hám maqsetlerdiń birligi tiykarında dúzilgen, mámleketlik hákimiyat organların qáliplestiriwde jámiyettiń belgili bóliminiń siyasiy erkin júzege shıǵarıwǵa umtılıwshı hám de óz wákillikleri arqalı mámleket hám jámiyet islerin basqarıwda qatnasıwshı kewilli birlespesi.

**Ózbekstan Respublikasınıń «Siyasiy partiyalar haqqında»ǵı Nızamı, 1-statya.**

Tariyxtıń barısı bir partiyalılıq sisteması mámlekette diktatura ornatılıwına alıp keliwin tastıyıqladı. Al, kóp partiyalılıq sisteması puqaralarǵa túrli partiyalardan talabanlardı tańlap alıwǵa, jámiyetti rawajlandırıwda belgili baǵdarlamaǵa jeńillik beriwge imkaniyat jaratadı.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях

UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## *Tiykarǵı Nızam belgileydi*

Siyasiy partiyalar hár qıylı qatlam hám toparlardıń siyasiy erkin ańlatadı hám ózleriniń demokratiyalıq jol menen saylap qoyılǵan wákilleri arqalı mámleket hákimiyatın dúziwde qatnasadı.

**Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası, 60-statyadan.**

Hárbir puqara óziniń pikirinshe onıń máplerin ańlatatuǵın, eldiń rawajlanıwına imkaniyat jaratıp beretuǵın partiyanı tańlap alıwı ushın demokratiyalıq huqıqıy mámlekette keminde eki partiya bolıwı kerek.

Házirgi waqıtta Oliy Majlis Nızamshılıq palatasında bes siyasiy partiya wákilleri qatnaspaqta. Olar nızamshılıqtı qáliplestiriw hám ekonomika, mádeniyat hám sociallıq tarawlarda mámleket siyasatın júrgiziwge úlken tásir kórsetpekte.




http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

| Partiyanıń atı | Dizimnen ótken sánesi | Maqseti |
|---|---|---|
| Ózbekstan Xalıq demokratiyalıq partiyası (XDP) | 1991-jıl | Sociallıq ádillik, mámlekettiń rawajlanıwı hám ruwxıy jańalanıwın támiyinlew |
| «Adolat» social-demokratiyalıq partiyası | 1995-jıl | Huqıqıy demokratiyalıq mámleket qurıw, sociallıq ádillik ornatıw |
| Ózbekstan «Milliy tiklanish» demokratiyalıq partiyası | 1995-jıl | Mámlekettiń ulıwma insanıy qádriyatlar tiykarında milliy tikleniwi |
| Isbilermenler hám isbilermenler háreketi – Ózbekstan liberal-demokratiyalıq (ÓZLiDeP) partiyası | 2003-jıl | Orta qatlam, kishi biznes iskerleri, isbilermen adamlar, óndiris hám basqa-rıwdıń joqarı qánigeli mamanlarınıń máplerin qorǵaw |
| Ózbekstannıń Ekologiyalıq háreketi | 2019-jıl | Qorshaǵan ortalıqtı qorǵawda jámiyet belsendiligin hár tárepleme asırıw |

## Juwmaq shıǵaramız

**Siyasiy partiyalar iskerligi:**

- maqset – jámiyetlik-siyasiy mashqalalardı sheshiw;
- pikirlerdiń siyasiy hám ideologiyalıq ráńbáráńligi;
- kóp partiyalılıq – pikirlerdiń hár qıylılıǵı;
- partiya – mámleket hákimiyatın qáliplestiredi, óz wákilleri arqalı mámleketti basqaradı;
- «Siyasiy partiyalar haqqında»ǵı Nızam;
- «Mámleketlik basqarıwdı jańalaw hám demokratiyalastırıw hám eldi modernizaciya qılıwda siyasiy partyalardıń rolin kúsheytiw haqqında»ǵı Konstituciyalıq Nızam.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Ózińızdi sınań!

1. Adamlar qanday maqsette siyasiy partiyalarǵa hám háreketlerge jámlesedi?
2. Kóp partiyalılıq háreketi elde demokratiyanıń rawajlanıwına qalayınsha unamlı tásir kórsetedi?
3. Mámleket Konstituciyası hám nızamlarına muwapıq Ózbekstan Respublikasında qanday partiyalar dúziliwi qadaǵan etilgen?
4. Búgingi kúnde Ózbekstan Respublikasında jumıs alıp barıp atırǵan siyasiy partiyalardı sanap beriń.

### SIYASIY PARTIYALAR HAQQÍNDA ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ NÍZAMÍ

*(Kóshirme)*

**2-statya. Siyasiy partiyalar jumısınıń huqıqıy tiykarları**

**Siyasiy partiyalar óz jumısın** Ózbekstan Respublikası Konstituciyası, usı Nızam, basqa nızamshılıq hújjetleri, sonday-aq óz ustavları tiykarında ámelge asıradı.

**3-statya. Siyasiy partiyalar dúziw hám iskerlik principleri**

Siyasiy partiyalardıń tilek-qálewin erkin ańlatıw, kewilli aǵza bolıw hám partiyadan shıǵıw, óz aǵzalarınıń teń huqıqlılıǵı. Ózin-ózi basqarıw, nızamlılıq hám áshkaralıq tiykarında puqaralardıń huqıq hám erkinliklerin ámelge asırıw maqsetinde dúziledi.

Siyasiy partiyalar dúziw hám jumıs alıp barıw tómendegi halatlarda:

Konstituciyalıq dúzimdi zorlıq penen ózgertiwdi maqset etip qoyıwshı;

Ózbekstan Respublikasınıń suvereniteti, bir pútinligi hám qáwipsizligine, puqaralardıń konstituciyalıq huqıq hám erkinliklerine qarsı shıǵıwshı;

urıstı, sociallıq, milliy, rasalıq hám diniy qarsılıqtı úgit-násiyatlawshı;

xalıqtıń salamatlıǵına hám mánawiyatına qáwip salıwshı;

milliy hám diniy ruwxtaǵı siyasiy partiyalardıń dúziliwi hám jumısı qadaǵan etiledi.

**4-statya. Siyasiy partiyalarǵa aǵzalıq**

Siyasiy partiyalarǵa aǵza bola almaydı:

sudyalar;

prokuror hám prokuratura tergewshileri;

ishki isler, Máleketlik qáwipsizlik xızmeti organı xızmetkerleri;

áskeriy xızmetkerler;

shet el puqaraları hám puqaralıǵı bolmaǵan shaxslar.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях

UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 15-§. SHAŃARAQ – JÁMIYETTIŃ BÚGINI HÁM KELESHEGINIŃ NEGIZI

**Tema ústinde islew nátiyjesinde:**

– shańaraqtıń jámiyet hám jámiyettiń shańaraqqa bolǵan tiykarǵı huqıqları hám minnetlemeleri haqqında;
– neke shártleri haqqında;
– erli-zayıplılardıń huqıq hám minnetlemeleri haqqında;
– perzentlerdiń huqıqları haqqında bilip alasız.

**1. Shańaraq hám jámiyet.**
**2. Shańaraq mámleket qorǵawında.**
**3. Nekeden ótiw shártleri.**
**4. Balalardıń huqıqları.**

## 1. SHAŃARAQ HÁM JÁMIYET

Jámiyette shańaraqtıń roli júdá áhmiyetli bolıp, ol ádil tárizde hár qanday jámiyettiń negizi sıpatında kórip shıǵıladı. Sebebi, shańaraq sociallıq turmıstıń ayrıqsha tarawın ózinde jámlep, onda keleshekte jámiyette jasawı, elimizdiń puqarasına aylanıwı kerek bolǵan shaxstıń dúnyaǵa keliwi, ayaqqa turıwı hám qáliplesiwi procesleri ótedi.

Jámiyettiń jaǵdayı da, óz gezeginde, insan shańaraqta qanday tárbiya alǵanlıǵına, bul jerden qanday ruwxıy isenimdi qálbine sińdire bilgenligine, shaxs shańaraqta kámalǵa keliwine zárúr sharayatlar qanshelli sáykesligine baylanıslı boladı. Sonlıqtan shańaraqtı qorǵawǵa qálegen jámiyette, hár qanday mámlekette ayrıqsha itibar beriledi.

***Tiykarǵı Nızam belgileydi***

Shańaraq jámiyettiń tiykarǵı buwını esaplanadı hám de jámiyet mámleket qorǵawında bolıw huqıqına iye.

**Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası, 63-statyadan.**

Elimizde shańaraq, analıq hám balalıqtıń konstituciyalıq qorǵalıwı insan huqıqları boyınsha xalıqaralıq hújjetlerge sáykes keledi.

Nızamlar menen ana hám bala mápleriniń qorǵalıwı támiyinlenedi.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Shańaraqtaǵı qatnasıqlar tarawındaǵı konstituciyalıq principler:**

- hayallar hám erkeklerdiń huqıqlarınıń teńligi;
- neke erkinligi, ómirlik joldasın tańlaw erkinligi;
- nekeden ótken shaxslardıń teń huqıqlıǵı;
- ata-analarınıń kelip shıǵıwı hám puqaralıq ornına qaramastan nızam aldında perzentler huqıqlarınıń teńligi;
- jetim balalar hám ata-anasınıń miyrasınan ayrılǵan balalardı baǵıw, tárbiyalaw hám bilim alıwına kepillik beriliwi;
- analıq hám balalıqtı qorǵaw.

**Mámleket tómendegi minnetlemelerdi óz moynına aladı:**

- shańaraqtı qorǵaw;
- jetim balalar hám ata-ana ǵamxorlıǵınan ayrılǵan balalardı baǵıw, tárbiyalaw hám bilim alıwın támiyinlew;
- jetim balalar hám ata-ana ǵamxorlıǵınan ayrılǵan balalarǵa qayırxomlıq jumısların xoshametlew.

***Tiykarǵı Nızam belgileydi***

Ata-analar óz perzentlerin kámalǵa keltirgenge shekem baǵıw hám tárbiyalawǵa májbúr esaplanadı.

Mámleket hám jámiyet jetim balalardı hám ata-analarınıń miyrasınan ayrılǵan balalardı baǵıw, tárbiyalaw hám oqıtıwdı támiyinleydi, balalarǵa qayırqomlıq jumısların xoshametleydi.

**Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası, 64-statya.**

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## 2. SHAŃARAQ MÁMLEKET ǴAMXORLÍǴÍNDA

Shańaraqtı qorǵaw mámlekette hár qıylı nızamlardı qabıl etiw, jámiyetlik qorlar hám shólkemler tárepinen ruwxıy hám materiallıq qollap-quwatlaw tárizinde ámelge asırıladı. Sonlıqtan, ǵárezsizlik jıllarında respublikada «Balalar qorı», «Máhálle», «Ekosan», milliy «Qızıl yarım ay» jámiyeti sıyaqlı kóp balalı hám kem támiyinlengen shańaraqlarǵa, balalarǵa, jalǵız baslılarǵa hám basqalarǵa imkaniyatı barınsha mádet berip atırǵan jámiyetlik qorlar shólkemlestirildi.

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń pármanına muwapıq 1993-jılı 7-mayda elimizde birinshi orden **«Salamat áwlad ushın»** ordeni shólkemlestirildi.

Analıq hám balalıqtı qorǵawda, salamat áwladtıń kamalǵa keliwi ushın materiallıq sharayatlar hám ruwxıy ortalıqtı támiyinlewde ayrıqsha xızmet kórsetken shaxslar «Salamat áwlad ushın» ordeni menen sıylıqlanadı.





## 3. NEKEDEN ÓTIW SHÁRTLERI

Nekeden ótiw ushın kúyew hám kelinniń erikli razılıǵı zárúr, sonday-aq, olar belgili jasqa tolǵan bolıwı shárt (qızlar hám jigitler 18 jastan).

Erikli razılıq nekeden ótiw máselesi sheshilip atırǵanda úshinshi shaxslardıń zorlıǵı bolmawı kerekligin ańlatadı. Úshinshi shaxslar, sonıń ishinde, ata-analar tárepinen nekelesiwge tosqınlıq jınayıy jazalanatuǵın háreketke aylanıwı múmkin. Aǵayin-tuwǵanlardıń keńes beriwi, neke toyına tayarlanıwǵa járdem beriwi, materiallıq hám ruwxıy jaqtan qollap-quwatlawları múmkin.

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

### 1-tapsırma

*Sizińshe nege mámleketimizde májbúriy neke qadaǵan hám jınısıy juwapkerlikke tartılaǵın qılmıs esaplanadı? Juwabıńızdı tiykarlań.*

**Tómendegi jaǵdaylarda nekeden ótiw qadaǵan etiledi:**

— táreplerdiń biri dizimge alınǵan basqa nekede bolsa; ruwxıy kesel yamasa aqılı kemisligi sebepli sud tárepinen sóylesiwge uqıpsız dep tabılǵan adamlar arasında: tuwısqanlıǵı boyınsha tuwrı tutasqan aǵayinler arasındaǵı nekege jol qoyılmaydı.

Erli-zayıplar ózleriniń jas óspirim balalarınıń tárbiyası ushın, olardıń isleri hám qılmısları ushın juwapker boladı. Óz náwbetinde perzentler de óz ata-analarına ǵamxorlıq etiwi, olarǵa járdem beriwi, qollap-quwatlawı kerek. Erjetkenge shekem bul minnetleme ruwxıy sıpatta bolıp, al olar 18 jasqa tolǵannan keyin yuridikalıq kúshke kiredi.

## 4. PERZENTLERDIŃ HUQÍQLARÍ

Perzentlerdiń huqıqları «Bala huqıqları haqqında Конvenciya» (1989-jıl) sıyaqlı belgili xalıqaralıq hújjette hám Ózbekstan Respublikasınıń «Bala huqıqları kepillikleri haqqında»ǵı Nızamında (2008-j.) bekkemlep qoyılǵan. Usı nızamlarǵa muwapıq insan tuwılǵanınan 18 jasqa shekem bala esaplanadı hám tómendegilerge haqılı:








*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Balalardıń huqıqları:**

- jasawǵa, aqılıy hám fizikalıq jaqtan rawajlanıwǵa;
- ismi hám puqaralıǵı bolıwına;
- shańaraqta tárbiyalanıwǵa;
- pikir, hújdan hám diniy isenim erkinligine;
- bilim alıwǵa;
- zorlıqsız turmısqa, jeke qádir-qımbatınıń húrmet etiliwine hám basqalar.

**Pikirlew ushın sorawlar:**

**1.** Ne dep esaplaysız, áyyemgi grek alımı Aristotel: «Platon maǵan dos, biraq haqıyqat ullıraq» degen sózdi aytqanda neni názerde tutqan?

*Bul gápti miynet múnásibetine qanday halatta qollanıw múmkin?*

**2.** Shayır hám mámleketlik isker Alisher Nawayı bılay degen: «Eger sen insan bolsań, xalıqtıń talabı haqqında bas qatırmaytuǵındı insan dep esapla ma».

*Bunday pikirge qosılasız ba? Juwabıńızdı tiykarlań.*

**3.** Áyyemgi Rim filosofı Seneka bılay degen edi: «barlıq jeńisler óz ústińnen jeńiske erisiwden baslanadı. Bul eń joqarı hákimiyat. Óz sezimlerińniń qulına aylanıw – eń qorqınıshlı qullıq esaplanadı». Usı gáplerdi miynetke, bilimlendiriwge yaki basqa qandayda bir shınıǵıwǵa baylanıslı túsindiriwge urınıp kóriń.

*Siz bul pikirge qosılasız ba? Qosılsańız, ne ushın?*

**4.** Ózbek naqılında bılay delinedi: «Miynet – jeńis, dańq-abıroy hám baylıq gilti ». Siz bul pikirge qosılasız ba?

*Siz ataqlı hám dáwletli bolıwdıń basqa nızamlı jolın usınıs ete alasız ba?*

**5.** Amir Temur óziniń «Temur túzikleri» shıǵarmasında mınaday deydi: «Eger mámleket nızamlarǵa súyenbese, ol óziniń dańq-abıroyı hám ullılıǵın uzaq waqıt saqlay almaydı».

*Siz bunday pikirge qosılasız ba? Eger qosılsańız, ne ushın?*

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**6.** Ullı enciklopedist-alım Abu Ali ibn Sino jazǵan: «Biykarshılıq hám kewil xoshlıq tek ádepsizlikti payda etedi, olar sonıń menen birge nawqaslıqqa sebep boladi».

*Bul sózlerdiń mánisin túsindirip beriń.*

## 2-tapsırma

*1. Sizińshe, mámleket shańaraq qatnasıqların tártipke salıp turıwı kerek pe? Múmkin, bul nárse hár kimniń jeke isi shıǵar?*

*2. Ata-analar ajırasıp atırǵanda, siziń názerińizde, jas óspirim perzent kim menen: anası yamasa ákesi menen qalıwı kerek?*

*3. Shańaraqta ata-analar hám perzentler arasındaǵı óz ara qatnasıqlarda qanday tipik mashqalalar payda boladı? Nege bunday jaǵday júz beredi?*

## Juwmaq shıǵaramız

**Shańaraq – jámiyet negizi:**

- shaxstıń kamalǵa keliwi – shańaraqta;
- hayallar hám erkekler huqıqlarınıń teńligi;
- shańaraqtıń mámleket tárepinen qorǵalıwı;
- «Salamat áwlad ushın» ordeni;
- neke: qızlar – jigitler, 18 jastan;
- neke erkinligi;
- perzentler tárbiyası boyınsha erli-zayıplardıń teń juwapkerligi;
- Bala huqıqları haqqındaǵı Konvenciya (1989-jıl);
- «Bala huqıqları kepillikleri haqqında»ǵı Nızam (2008-jıl).

## Ózińizdi sınań!

**1.** Nege konstituciyalıq huqıq normaları menen shańaraq jámiyettiń negizi dep tán alınadı?
**2.** Shańaraq – neke qatnasıqlarınıń huqıqıy tiykarların sanap beriń.
**3.** Ata-analar hám balalardıń huqıq hám minnetlemelerin aytıp beriń.
**4.** Qanday jaǵdaylarda neke dúzilmewi múmkin?

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях

UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 16-§. ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍNÍŃ HÁKIMSHILIK-AYMAQLÍQ HÁM MÁMLEKETLIK DÚZILISI

**Tema ústinde islew nátiyjesinde:**

– házirgi mámleket dúzilisiniń formaları, olardıń artıqmashılıǵı hám kemshilikleri haqqında;

– Ózbekstan Respublikası hám Qaraqalpaqstan Respublikasınıń hákimshilik-aymaqlıq dúzilisi haqqında bilip alasız.

**1. Mámleket dúzilisiniń formaları.**

**2. Ózbekstan Respublikasınıń hákimshilik-aymaqlıq dúzilisi.**

**3. Qaraqalpaqstan Respublikasınıń mámleketlik dúzilisi.**

## 1. MÁMLEKET DÚZILISINIŃ FORMALARÍ

Hár qanday mámlekettiń tiykarǵı belgisi onıń xalqı jasap atırǵan aymaqtıń bar ekenligi bolıp tabıladı. Mámlekettiń nızamları hár adamǵa tiyisli bolıp, hárbir insan ómiriniń kóp ǵana táreplerin tártipke salıp turatuǵının bilesiz. Biraq mámleket aymaǵınıń hárbir bóliminde – awılda, qalada, rayonda hám basqalarda oraylıq hákimiyat organları sheshiwi qıyın bolǵan kúndelikli mashqalalar payda boladı. Sonıń ushın da mámleket hákimiyatınıń wákillikleriniń belgili bólimi oraylıq hákimiyat organlarınan jergilikli hákimiyat organlarına beriletuǵın bir tárizde bólistiriwge zárúrlik tuwıladı.

**Mámleket dúzilisiniń forması** – bul orınlardaǵı hákimiyat organlarınıń oraylıq hákimiyat organları menen óz ara qatnasıqların belgilep beretuǵın siyasiy hám aymaqlıq jaqtan shólkemlestiriliwi bolıp tabıladı.

**Mámleket dúzilisiniń forması tómendegilerdi kórsetedi:**

– mámleket aymaǵı neshe bólimge hám qanday tárizde bólingenin;

– jergilikli hám oraylıq hákimiyat organları arasındaǵı qatnasıqlar qalay ámelge asırılatuǵının;

– mine usı mámleket aymaǵında jasap atırǵan hárbir millettiń máppleriniń qalayınsha qorǵalatuǵının.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях

UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Dúnyadaǵı kópshilik eller mámleket dúzilisiniń unitar formasına iye. Bunday jaǵdayda mámleket aymaǵı hákimshilik aymaqlarǵa (wálayatlar, rayonlar hám basqalarǵa), yaǵnıy mámleketshilikke iye emes, al basqarıwdıń qolaylılıǵı ushın bar bolǵan bólimlerge bólinedi.

Ullı Britaniya, Franciya, Italiya, Norvegiya, Shveciya, Ispaniya, Portugaliya, Greciya, Yaponiya, Finlyandiya, Ózbekstan hám basqalar unitar mámleketler qatarına kiredi.

***Este saqlań!***

**Unitar mámleket** – birden-bir mámleket bolıp, onıń óz aldına hákimshilik-aymaqlıq birlikleri birdey huqıqlarǵa iye, pútkil mámleket aymaǵında birden-bir konstituciya, birden-bir húkimet hám bir nızam hújjetleri háreket etedi.

Mámleket dúzilisiniń basqa bir forması **federaciya** esaplanadı. Federaciya subyektleri óz konstituciyasına, óziniń joqarǵı nızam shıǵarıwshı, atqarıwshı hám sud organlarına iye boladı. Pútkil federaciya ushın birden-bir hákimiyat hám basqarıwdıń joqarǵı organları dúziledi. Atap aytsaq, AQSh, Kanada, Braziliya, Meksika, Avstriya, Belgiya, Shveycariya, Pakistan, Argentina, Rossiya hám basqalar federativ mámleket esaplanadı.

***Este saqlań!***

**Federaciya** – bir neshe subyektler respublikalar, shtatlar hám t.b. birlespesi kórinisindegi awqamlas mámleket. Federativ mámleketti qurawshı mámleket awqamları (shtatlar, jerler, provinciyalar, mámleketler) federaciya subyektleri sanaladı hám óziniń hákimshilik-aymaqlıq dúzilisine iye boladı.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях

UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Mámleket dúzilisiniń jáne bir forması– **konfederaciya** esaplanadı. Bunday birlesiwde hárbir mámleket óziniń suverenitetin, óz ǵárezsizligin saqlap qaladı. Konfederaciyada birden-bir aymaq, birden-bir puqaralıq bolmaydı, hárbir mámleket xalıqaralıq baylanıslardı erkin ornatadı. Keyingi payıtlarda Evropa Awqamı konfederativ birlesiwge mısal bola aladı.

***Este saqlań!***

**Konfederaciya** – belgili maqsetlerge erisiw (ellerdiń birgeliktegi qorǵanıwı, bajıxana jumısların, sırtqı sawda baylanısların shólkemlestiriw hám basqa) ushın birlesken suveren mámleketlerdiń waqıtsha awqamı. Sonıń menen birge hár bir mámleket óz suverenitetin saqlap qaladı.

***1-tapsırma***

*Úsh toparǵa bólinip, mámleket dúzilisi hár qıylı formalarınıń artıqmashılıqları hám kemshiliklerin anıqlawǵa urınıp kóriń.*

## 2. ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍNÍŃ HÁKIMSHILIK-AYMAQLÍQ DÚZILISI

Konstituciyaǵa muwapıq (68-statya) Ózbekstan Respublikası Qaraqalpaqstan Respublikası, wálayatlar, rayonlar, qalalar, awıllardan quralǵan. Ózbekstan Respublikası hákimshilik-aymaqlıq dúzilisiniń ózine tánligi onıń quramında rayonlar, qalalar hám awıllardan quralǵan suveren Qaraqalpaqstan Respublikasınıń bar ekenliginen ibarat.

Mámleketimizdiń hákimshilik-aymaqlıq dúzilisi eldi jaqsıraq basqarıwda júzege keletuǵın ekonomikalıq hám sociallıq mashqalalardı nátiyjeli sheshiwge imkaniyat beredi.

***2-tapsırma***

*Ózbekstan Respublikası Konstituciyasınıń 1–6-statyaları menen tanısıp shıǵıp, Ózbekstan Respublikası mámleket suverenitetine uqsaytuǵın belgilerdiń bar ekenligin anıqlań.*

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## 3. QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍNÍŃ MÁMLEKETLIK DÚZILISI



Qaraqalpaqstan Respublikası óz mámleketshiliginiń qáliplesiw tariyxına iye.

**1993-jılı 9-aprel**de Ózbekstan Respublikası Konstituciyasınıń ústinligin tán alǵan Qaraqalpaqstan Respublikasınıń Konstituciyası qabıl etildi. Kóp ótpey mámleket nıshanları – gerb, bayraq, gimn qabıl etildi.

Qaraqalpaqstan puqaraları sonıń menen birge Ózbekstan Respublikası puqarası esaplanadı hám de onıń qorǵawında boladı.

Qaraqalpaqstan Respublikası óz hákimshilik-aymaqlıq dúzilisi máselelerin erkin sheshedi.



Qaraqalpaqstan Respublikası óziniń Ózbekstan Respublikasınıń Tiykarǵı nızamına qarsı bolmaǵan Konstituciyaǵa iye esaplanadı. Ózbekstan nızamları Qaraqalpaqstan aymaǵında da qollanılıwı májbúriy bolıp tabıladı.

***Tiykarǵı Nızam belgileydi***

Ózbekstan Respublikası menen Qaraqalpaqstan Respublikasınıń óz ara múnásibetleri Ózbekstan Respublikası hám Qaraqalpaqstan Respublikası arasında Ózbekstan Respublikası Konstituciyası sheńberinde dúzilgen shártnamalar hám kelisimler menen tártipke salınadı.

Ózbekstan Respublikası hám Qaraqalpaqstan Respublikası arasındaǵı kelispewshilikler kelisimge keltiriwshi ilajlar arqalı sheshiledi.

**Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası, 75-statya.**

Ózbekstan Respublikasına unitar mámleket dúzilisi belgileri menen birge **federativ dúzilistiń ayırım elementleri** de tán bolıp tabıladı:

– Ózbekstan Respublikası quramında suveren Qaraqalpaqstan Respublikasınıń bar yekenligi;

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

– eki – Ózbekstan Respublikası hám Qaraqalpaqstan Respublikası Konstituciyalarınıń bar ekenligi;

– Qaraqalpaqstan Respublikasınıń óziniń mámleketlik organları: parlament (Joqarǵı Keńes), sud organları, atqarıwshı hákimiyat organları hám basqalardıń bar ekenligi;

– Qaraqalpaqstan Respublikasında mámleket nıshanları: gerb, bayraq, gimnniń bar ekenligi;

– Qaraqalpaqstan Respublikası óz hákimshilik-aymaqlıq dúzilisi máselelerin erkin sheshiw huqıqına iye ekenligi;

– Qaraqalpaqstan Respublikasınıń Ózbekstan Respublikası quramınan bólinip shıǵıw huqıqına iye ekenligi.

### *3-tapsırma*

Siz jaqsı bilesiz, hár qanday mámlekettiń aymaǵı óz shegaralarına hám hárbir mámleket alıp kelinip atırǵan, alıp ketilip atırǵan tovarlar, valyuta hám basqalar ústinen qadaǵalawdı ámelge asıratuǵın óz bajıxana punktlerine iye.

*Mine usı bajıxana punktlerine bolǵan óz múnásibetińizdi anıqlań («maqullayman» yamasa «qarsıman»).*

### *Juwmaq shıǵaramız*

**Mámleket dúzilisiniń formaları:**

- unitar;
- federaciya;
- konfederaciya.

http://eduportal.uz

### *Ózińizdi sınań!*

**1.** Suveren mámleket qanday belgilerge iye? Suveren mámleket belgilerinen qaysı birin eń áhmiyetlisi sıpatında táriyplew múmkin?
**2.** Mámleket dúzilisiniń ol yaki bul forması nege baylanıslı boladı?
**3.** Mámleket dúzilisi unitar formasınıń federativ formasınan parqı nede?
**4.** Qaraqalpaqstan Respublikası suvereniteti belgilerin sanań.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# IV bólim
# MÁMLEKETLİK BASQARÍW ORGANLARÍ

## 17-§. ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍNDA MÁMLEKET HÁKIMIYATÍNÍŃ DÚZILIWI

**Tema ústinde islew nátiyjesinde:**

– Ózbekstan Respublikasındaǵı mámleket hákimiyatı sisteması haqqında;

– Ózbekstanda mámleket hákimiyatı organlarınıń wákillikleri haqqında;

– nızam shıǵarıwshı, atqarıwshı hám sud hákimiyatınıń bóliniw principleri haqqında bilip alasız.

**1. Hákimiyatsız jámiyet bolıwı múmkin be?**
**2. Ózbekstan Respublikası mámleketlik hákimiyat sisteması.**
**3. Hákimiyattıń bóliniw principleri.**

### 1. HÁKIMIYATSÍZ JÁMIYET BOLÍWÍ MÚMKIN BE?

Hákimiyatı joq jámiyetti kóz aldıńa keltiriw qıyın, álbette. Jámiyettiń rawajlanıw tariyxınan alınǵan mısallarda (Áyyemgi Rim, Ullı Karl imperiyası hám basqalar) hákimiyat bolmaǵanda jámiyet ishki qarsılıqlar hám hákimiyat ushın gúresiw júgi astında nabıt bolatuǵının kóriwimiz múmkin.

Kóp ásirler dawamında insaniyat ideal mámleket qurıw ushın «baxıt-ıǵbal formulası»n biykarǵa izledi.

Shıǵıstıń orta ásir oyshıllarınan **Abu Nasr al-Farobiy** mámleket, mámleketti basqarıw formaları, mámlekettiń wazıypaları hám basqa usı sıyaqlı túsiniklerge sıpatlama berdi.

**Ózbekstannıń óz jańalanıw hám rawajlanıw princip-leri:**

- ulıwma insaniylıq qádiriyatlarǵa sadıqlıq;
- xalqımızdıń ruwxıy miyrasın bekkemlew hám rawajlandırıw;
- insannıń óz imkaniyatların erkin kórsete alıwı;
- Watandı súyiwshilik.

Al, **Abu Ali ibn Sina** sociallıq ádillik hám tártipti támiyinlegen ádil húkimdar húkimranlıq etken mámleketti ideal mámleket dep esaplaǵan.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE



http://eduportal.uz

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Sonıń menen birge, ol mámlekettiń hárbir puqarası paydalı miynet penen shuǵıllanıwı lazım dep kórsetedi.

Ǵárezsizlik járiyalanıwı menen Ózbekstanda óz jańalanıw hám jámiyettiń rawajlanıw jolın tańlap alıw imkaniyatı payda boldı.

Tolıq kelisimge kelingenge shekem adamlar hám jámiyet múnásibetlerin tártipke salıp turatuǵın kúsh kerek boladı. Búgingi kúnde mine usınday kúsh xalıqtıń hár qıylı qatlamları hám toparlarınıń bir-birine sáykes kelmeytuǵın máplerin kelistiriwge shaqıratuǵın nızamlı (legitim) hákimiyat esaplanadı.

### *1-tapsırma*

*1. «Hákimiyat» sózin esitkende Sizde qanday pikir payda boladı: hákimiyat wákilleriniń qáwip salıwshı is-háreketleri me yamasa puqaralardıń máplerin qorǵawǵa qaratılǵan is-háreketleri me?*

*2. Hákimiyat túsinigin sıpatlawshı belgilerdi sanawǵa urınıp kóriń. Gápti dawam etiń: hákimiyat – bul ...*

*3. Gápti dawam etiń: Egerde men sheklenbegen hákimiyattı qolǵa kirgizgenimde...*

*4. Húkimettiń qanday da bir qararın orınlaw boyınsha ata-anańız yaki jaqın tuwısqanlarıńız islegen is-háreketlerdi esleń.*

*5. Mine usı qararlar shańaraǵıńız hám jeke Siziń keyingi táǵdirińizge qanday tásirin tiygizdi?*

## 2. ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍNDAǴÍ MÁMLEKET HÁKIMIYATÍ SISTEMASÍ

Demokratiyalıq jámiyette nızam negizinde is alıp baratuǵın hákimiyattıń abıroyı joqarı boladı, adamlar bunday hákimiyatqa jazadan qorqıp emes, al onıń is-háreketlerin maqullaǵanı sebepli boysınadı.

**Hákimiyat** – adamlardıń minez-qulqına, olardıń is-háreketlerine hám ádetlerine tásir ótkeriw imkaniyatı esaplanadı. Hákimiyat konstruktiv (jaratıwshı) tábiyatqa iye bolıwı, sol sıyaqlı búlginshilik aqıbetine iye bolıwı da, mámleket xalqınıń kópshiliginiń mápleri jolında da, dál usı sıyaqlı, orınlanbaytuǵın wádelerdi pana etken halda olardıń máplerine qarsı tárizde ámelge asırılıwı da múmkin.

### *2-tapsırma*

*Mámleketler tariyxınan húkimdarlar háreketi unamlı yaki unamsız aqıbetlerge alıp kelgenine tiyisli mısallar keltiriń?*

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## 3. HÁKIMIYATLARDÍŃ BÓLINIW PRINCIPI

Konstituciyaǵa muwapıq Ózbekstan Respublikasında Oliy Majlis, Prezident, Ministrler Kabineti, sud hákimiyatı organları mámleket hákimiyatın ámelge asıradı.

Mámleketlik hákimiyat organları óz ara birge islesip bir-birine tásirin ótkeredi. Jámiyette tártipti támiyinleydi, adamlardı birlestiriwshi ideyalar islep shıǵadı.

Hárbir hákimiyat organınıń wákillikleri hákimiyat wákillikleri sheńberinen shetke shıǵıw, onnan paydalanıw hám mámleket hákimiyatınıń basqa organlarınıń xızmet tarawına aralasıwdıń aldın alıw maqsetinde júdá anıq etip belgilep beriledi.

Hákimiyattın mámleketlik organları jumısında eń áhmiyetlisi – bul Ózbekstan Respublikası Konstituciyasınıń 11-statyasında bekkemlep qoyılǵanınday **hákimiyatlardıń bóliniw principi**n ámelge asırıwdan ibarat. Bul nızamshılıq, atqarıwshı hám sud hákimiyatı óz jumısların erkin, bir-birine kesent bermey ámelge asırıwın ańlatadı.

### *3-tapsırma*

*Puqaralardıń mámleket hákimiyatı organlarına múnásibeti máselesi boyınsha óz kóz qarasıńızdı anıqlań.*

**Xalıqtıń ózin uslawı tómendegilerge tiykarlanadı:**

– hákimiyattıń ádil hám nızamlı is-háreketlerine iseniwine;
– hákimiyat organlarına boysınıw ádetine.
– hákimiyattan qorqıwına;

### *Juwmaq shıǵaramız*

**Mámleketlik hákimiyat organları dúzilisi:**

- mámleket hákimiyatı – adamlar hám jámiyet arasındaǵı qatnasıqlardı tártipke salıp turatuǵın kúsh;
- hákimiyat – jaratıwshı yamasa buzǵınshı háreketler;
- Oliy Majlis – Nızamshılıq palatası hám Senat;
- hákimiyattıń nızam shıǵarıwshı, atqarıwshı hám sud hákimiyatlarına bóliniwi.

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Ózińizdi sınań!

**1.** Demokratiyalıq-huqıqıy mámleketti qurıw barısında ne sebep hákimiyatlardıń bóliniwi principinen paydalanıw kerek?
**2.** Ózbekstan Respublikasında hákimiyatlardıń bóliniw principi qanday tárizde ámelge asırıladı?
**3.** Bir topar adamlarda jańa nızam islep shıǵıw yamasa hárekettegi názamǵa ózgerisler kirgiziw baslamashılıq ideyalar bolsa, qanday is alıp barıwı kerek?






**Nızamshılıq hákimiyatı** | **Atqarıwshı hákimiyat** | **Sud hákimiyatı**

**MÁMLEKETLIK HÁKIMIYAT**

**NÁZAMSHÍLÍQ**

**NÍZAMLAR** | **NÍZAMLAR** | **NÍZAMLAR** | **NÍZAMLAR** | **NÍZAMLAR** | **NÍZAMLAR** | **NÍZAMLAR**

**KONSTITUCIYA**

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 18-§. OLIY MAJLIS HÁM ONÍŃ WÁKILLIKLERI

**Tema ústinde islew barısında Siz tómendegilerdi:**

– Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisi wákillikleri;

– Oliy Majlis Nızamshılıq palatası hám Senatınıń tolıq wákillikleri haqqında bilip alasız;

**1. Oliy Majlis hám onıń wákillikleri quramın qáliplestiriw tártibi.**

**2. Oliy Majlis Nızamshılıq palatasınıń tolıq wákillikleri.**

**3. Oliy Majlis Senatınıń tolıq wákillikleri.**

## 1. OLIY MAJLIS HÁM ONÍŃ QURAMÍN DÚZIW TÁRTIBI

Oliy Majlis sonıń menen birge hákimiyattıń nızam shıǵarıwshı hám wákillik organı esaplanadı, yaǵnıy deputatlar hám senatorlar olardı saylaǵan xalıq máplerin ańlatadı.

***Tiykarǵı Nızam belgileydi***

Ózbekstan Respublikasınıń Oliy Majlisi joqarı mámleket wákillik organı bolıp, nızam shıǵarıwshı hákimiyattı ámelge asıradı.

Ózbekstan Respublikasınıń Oliy Majlisi eki palatadan – Nizamshılıq palatası (tómengi palata) hám Senattan (joqarı palata) ibarat.

Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Nızamshılıq palatası hám Senatınıń wákillik múddeti – bes jıl.

**Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası, 76-statya.**

Oliy Majlis Nızamshılıq palatası (tómengi palata) aymaqlıq saylaw okrugları boyınsha kóp partiyalılıq tiykarında bes jılǵa saylanatuǵın 150 deputattan ibarat. Nızamshılıq palatası jumısı onıń barlıq deputatlarınıń turaqlı kásip penen shuǵıllanıwına tiykarlanǵan.

Oliy Majlis Senatı (joqarǵı palata) aymaqlıq wákillik palatası bolıp, 100senatorlardan ibarat. Senatorlar Qaraqalpaqstan Respublikası, wálayatlar hám Tashkent qalasınan teń muǵdarda – altı adamnan saylanadı. Oliy Majlis Senatınıń on altı aǵzası ilim, kórkem óner, ádebiyat, óndiris tarawında, sonday-aq, mámleket hám jámiyetlik jumıslardıń

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях

UZEDU.ONLINE
http://eduportal.uz

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE




basqa tarawlarında úlken ámeliy tájiriybege iye bolǵan hám de ayrıqsha xızmet kórsetken eń abıroylı puqaralar arasınan Ózbekstan Respublikası Prezidenti tárepinen tayınlanadı.

Saylaw kúni jigirma bes jasqa tolǵan hám de keminde bes jıl Ózbekstan Respublikası aymaǵında turaqlı jasap atırǵan Ózbekstan Respublikası puqarası Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Nızamshılıq palatası deputatı, sonday-aq, Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Senatı aǵzası bolıwı múmkin. Sonıń menen bir shaxs bir waqıttıń ózinde Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Nızamshılıq palatası deputatı hám Senatı aǵzası bolıwı múmkin emes.

http://eduportal.uz

**ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ OLIY MAJLISI**

**Oliy Majlis Senatı**
- Keńesi
- Baslıq hám onıń orınbasarları
- Komitetler,
- 100 senator
- Oliy Majlis Joqarı palatası

**Oliy Majlis Nızamshılıq palatası**
- Keńes
- Spiker hám onıń orınbasarları
- Komitetler, komissiyalar
- 150 deputat
- Oliy Majlis Tómengi palatası

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Ózbekstan Respublikası Konstituciyası 78-statyasına muwapıq Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisi Nızamshılıq palatası hám Senatınıń birgeliktegi wákillikleri tómendegilerden ibarat:**

**Nızamshılıq:**

- Ózbekstan Respublikası Konstituciyasın qabıl etiw, oǵan ózgeris hám qosımshalar kirgiziw;
- Konstituciyalıq nızamlar, Ózbekstan Respublikasınıń nızamların qabıl etiw, olarǵa ózgeris hám qosımshalar kirgiziw;
- Ózbekstan Respublikasınıń referendumın ótkeriw hám onı ótkeriw sánesin belgilew haqqında qarar qabıl etiw;
- Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Insan huqıqları boyınsha wákili hám onıń orınbasarın saylaw;
- bajı, valyuta hám kredit jumısların nızam jolı menen tártipke salıw;
- Ózbekstan Respublikası Oraylıq saylaw komissiyasın dúziw.

**Ishki siyasat:**

- Ózbekstan Respublikası ishki hám sırtqı siyasattıń tiykarǵı baǵdarların belgilew hám de mámlekettiń strategiyalıq baǵdarlamaların qabıl etiw;
- Ózbekstan Respublikası nızam shıǵarıwshı, atqarıwshı hám de sud hákimiyatı organlarınıń sistemasın hám wákilliklerin belgilew;
- Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń usınıwına muwapıq Ózbekstan Respublikası Mámleket byudjetin qabıl etiw hám onıń orınlanıwın qadaǵalaw;
- saliqlar hám basqa májbúriy tólemlerdi engiziw;
- Ózbekstan Respublikası Esap palatasınıń esabatın kórip shıǵıw.

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Aymaqlıq ózgerisler:**

- Ózbekstan Respublikası quramına jańa mámleketlik dúzilmelerdi qabıl etiw hám olardıń Ózbekstan Respublikası quramınan shıǵıwı haqqındaǵı qararlardı tastıyıqlaw;
- Ózbekstan Respublikasınıń hákimshilik-aymaqlıq dúzilisi máselelerin nızam jolı menen tártipke salıw, shegaralardıń ózgertiw;
- rayonlar, qalalar, wálayatlardı shólkemlestiriw, saplastırıw, olardıń atın hám de shegaraların ózgertiw;

**Mámleketlik basqarıw organları:**

- Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń ministrlikler, mámleketlik komitetler hám mámleketlik basqarıwdıń basqa organların dúziw hám saplastırıw haqqındaǵı pármanların tastıyıqlaw;
- Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń usınısına muwapıq Ózbekstan Respublikası Bas ministri kandidaturasın kórip shıǵıw hám tastıyıqlaw, sonday-aq, mámleket social-ekonomikalıq rawajlanıwınıń áhmiyetli máseleleri boyınsha Bas ministrdiń esabatların esitiw hám talqılaw;

**Sırtqı sıyasat:**

- Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń Ózbekstan Respublikasına hújim qılınǵanda yaki qáwipten bir-birin qorǵaw boyınsha dúzilgen shártnama minnetlemelerin orınlaw zárúrligi tuwılǵanda urıs halatın járiyalaw haqqındaǵı pármanın tastıyıqlaw;
- Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń ulıwma yaki belgili dárejede mobilizaciya qılıw, ayrıqsha jaǵday engiziw, onıń ámel qılıwın uzaytıw yaki tamamlaw haqqındaǵı pármanların tastıyıqlaw;
- xalıqaralıq shártnamalardı ratifikaciya hám denonsaciya qılıw;

**Sıylıqlaw:**

- Mámleketlik sıylıqlar hám dárejelerdi shólkemlestiriw;

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## 2. OLIY MAJLISTIŃ NIZAMSHÍLÍQ PALATASÍNÍŃ TOLÍQ WÁKILLIKLERI

**Ózbekstan Respublikası Konstituciyasınıń 79-statiyasına muwapıq Ózbekstan Respublikasınıń nızamshılıq palatası tolıq wákilliklerine:**

1) Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Nızamshılıq palatası Spikeri hám onıń orınbasarların, komitet baslıqların hám olardıń orınbasarların saylaw;

2) Ózbekstan Respublikası Bas prokurorınıń usınıwına muwapıq Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Nızamshılıq palatası deputatına qol qatılmaw huqıqınan ayırıw haqqındaǵı máselelerdi sheshiw;

3) óz jumısın shólkemlestiriw hám palatanıń ishki tártip-qaǵıydaları menen baylanıslı máseleler boyınsha qararlar qabıl etiw;

4) siyasiy, sociallıq-ekonomikalıq turmıs tarawındaǵı ol yaki bul máseleler boyınsha, sonday-aq, mámlekettiń ishki hám sırtqı siyasatı máseleleri boyınsha qararlar qabıl etiw kiredi.





## 3. OLIY MAJLIS SENATÍNÍŃ TOLÍQ WÁKILLIKLERI

**Ózbekstan Respublikası Konstituciyasınıń 80-statyasına muwapıq Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisi Senatınıń tolıq wákilliklerine:**

1) Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisi Senatınıń Baslıǵın hám onıń orınbasarların, komitetlerdiń baslıqları hám olardıń orınbasarların saylaw;

2) Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń usınısına muwapıq Ózbekstan Respublikası Konstituciyalıq sudın saylaw;

3) Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń usınısına muwapıq Ózbekstan Respublikası Joqarǵı sudın saylaw;

4) Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń usınısına muwapıq Ózbekstan Respublikası Sudyalar Joqarǵı keńesiniń baslıǵın saylaw;

5) Ózbekstan Respublikası Bas ministriniń usınısına muwapıq Ózbekstan Respublikası Tábiyattı qorǵaw mámleketlik komitetiniń baslıǵın tayınlaw hám de onı lawazımınan azat etiw;

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

6) Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń Ózbekstan Respublikası Bas prokurorı hám Esap palatasın tayınlaw hám de olardı lawazımınan azat etiw haqqındağı pármanların tastıyıqlaw;

7) Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń Ózbekstan Respublikası Milliy qáwipsizlik xızmeti baslığın tayınlaw hám onı lawazımınan azat etiw haqqındağı pármanların tastıyıqlaw;

8) Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń usınısına muwapıq Ózbekstan Respublikasınıń shet ellerdegi diplomatiyalıq hám basqa wákillerin tayınlaw hám de olardı lawazımınan azat etiw;

9) Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń usınısına muwapıq Ózbekstan Respublikası Oraylıq bank basqarmasınıń baslığın tayınlaw hám onı lawazımınan azat etiw;

10) Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń usınısına muwapıq amnistiya haqqındağı hújjetlerdi qabıl etiw;

11) Ózbekstan Respublikası Bas prokurorınıń usınısına muwapıq Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Senatı ağzasına qol qatılmaw huqıqınan ayırıw haqqındağı máselelerdi sheshiw;

12) Ózbekstan Respublikası Bas prokurorınıń, Ózbekstan Respublikası Oraylıq banki basqarması baslığınıń esabatların tıńlaw;

13) óz jumısın shólkemlestiriw hám palatanıń ishki tártip qağıydaları menen baylanıslı máseleler boyınsha qararlar qabıl etiw;

14) siyasiy, sociallıq-ekonomikalıq turmıs tarawındağı ol yaki bul máseleler boyınsha máseleleri boyınsha qararlar qabıl etiw kiredi.

## Juwmaq shığaramız

**Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisi:**

- Oliy Majlis – Nızamshılıq palatası hám Senatı;
- Oliy Majlis Nızamshılıq Palatası wákillikleri;
- Oliy Majlis Senatı wákillikleri;

## Ózińizdi sınań!

1. Oliy Majlis qalay dúzilgen? Onıń quramına neshe deputat hám senator kiredi?
2. Oliy Majlis Nızamshılıq Palatası hám Senatınıń tolıq wákilliklerin sanap beriń.

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## 19-ÁMELIYAT SABAĞÍ
## NÍZAM JOYBARÍN QABÍL ETEMIZ

**Tema ústinde islew nátiyjesinde:**

— Nızamshılıq baslaması degenimiz ne hám ol ámeliyatta qalayınsha ámelge asırılıwı haqqında;

— Nızamshılıq procesi qanday basqıshlardan ibarat ekenligin bilip alasız.

**1. Nızamshılıq baslaması huqıqı.**

**2. Nızamshılıq procesi basqıshları.**

Bul sabaqta misli Oliy Majlis Nızam joybarın talqılawda «qatnasamız». Talqılawǵa qatnasıwǵa tayarlıq kóriw ushın tanıslarıńız hám klasslarıńızdı qanday mashqalalar kóbirek táshwishlendirip kiyatırǵanı haqqında kóbirek oylap kóriń. Mine usı mashqalalardı sheshiw ushın qanday nızamlar qabıl etiliwi kerek ekenligi haqqında pikir ju'rgiziń.

**Mısal ushın:** mine usı nızam, sonday-aq, onıń tiykarǵı qaǵıydalarınan (baplarınan) biri qalay atalatuǵının oylap tabıń hám dápterge jazıp qoyıń. Tómendegi sorawlarǵa juwap bergen halda mine usı nızamnıń qabıl etiliwine tiyisli «maqullayman» hám «qarsıman» dep dawıs beriwge dáliyller keltiriń:

1. Usı nızam ne ushın qabıl etiliwi kerek?
2. Nızamnıń qabıl etiliwi qanday unamlı hám unamsız aqıbetlerge alıp keledi?
3. Bul nızam kimge kerek?
4. Bul nızamǵa qaysı xalıqtıń qaysı toparları qarsılıq bildiriwi múmkin? Ne ushın?
5. Nızam shıǵarılıwı ushın ne islew kerek?
6. Nızam orınlanıwı ushın qanday qarjılar kerek? Olardı qay jerden alıw mu'mkin?

**Bunda maqul bolǵan nızam normaları haqqındaǵı Esletpeden paydalanıń.**

1. Nızam huqıq hám ádeplilik mánáwiyatına sáykes keliwi kerek.
2. Nızam Ózbekstan Respublikası Kontstituciyası hám nızamlarına sáykes keliwi lazım.
3. Nızam ápiwayı hám túsinikli tilde jazılǵan bolıwı lazım.
4. Nızam statyalarınıń orınlanıwı real bolıwı zárúr.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях

UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## 1. NÍZAMSHÍLÍQ BASLAMASÍ HUQÍQÍ

Demokratiyalıq huqıqıy mámlekette insanlardıń jámiyettegi júdá áhmiyetli múnásibetlerin nızamshılıq tiykarında basqarıw zárúrligi bar boladı. Sol sebepli mámleketimiz nızamshılıǵında hár bir insan nızam joybarların tayarlawda hám de bar nızamlardı ózgertiw hám tolıqtırıwda qatnasıwǵa haqılı ekenligi nızamda belgilep qoyılǵan. Deputatlardan ayırmashılıǵı, puqaralar óz usınısları menen Oliy Majliske emes, al ózleri tárepten saylanǵan Oliy Majlis deputatlarına múrajat etedi.

***Este saqlań!***

**Nızamshılıq baslaması** — nızam joybarınıń nızam shıǵarıwshı organǵa belgilengen tártipte rásmiy kirgiziliwi esaplanadı. Nızamshılıq baslaması — nızamshılıq procesiniń birinshi basqıshı bolıp tabıladı.

**Ózbekstan Respublikası Konstituciyasınıń 83-statyasına muwapıq nızamshılıq baslaması huqıqına:**

— Ózbekstan Respublikası Prezidenti;

— óz mámleket hákimiyatınıń joqarı wákillik organı arqalı Qaraqalpaqstan Respublikası;

— Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Nızamshılıq palatası deputatları;

— Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabineti;

— Konstituciyalıq sud, Joqarǵı sud;

— Ózbekstan Respublikası Bas prokurorı iye esaplanadı.

Bul huqıqtıń ámelge asırılıwı usınıs etilgen nızam joybarlarınıń Oliy Majlis Nızamshılıq palatası májlisinde kórip shıǵılıwı májbu’riyligi menen kepillik beriledi hám de deputatlardıń kópshilik dawıs beriwi sıpatında maqullanıw shárti menen tómendegiler qabıl etiledi:

— jańa nızam joybarın islep shıǵıw haqqındaǵı qarar;

— usınıs etilgen nızam joybarın jetilistiriwge jiberiw haqqındaǵı qarar.

## 2. NÍZAMSHÍLÍQ PROCESI BASQÍSHLARÍ

**Nızamshılıq procesi Oliy Majlis Nızamshılıq palatası deputatları hám senatorlarınıń mámleketlik xızmet forması esaplanadı. Ol tómendegi basqıshlardı óz ishine aladı:**

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях

UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**I basqısh:**
- Nızamshılıq baslaması — nızam joybarı Nızamshılıq palatasına kirgiziledi;

**II basqısh:**
- Nızamshılıq palatası tárepinen nızam joybarınıń kórip shıǵıwǵa qabıl etiliwi;
- Nızamshılıq palatası komitetlerinen biri tárepinen nızam joybarınıń aldınnan kórip shıǵılıwı;
- Nızamshılıq palatasınıń nızam joybarın kórip shıǵıwǵa qabıl etiw múmkinligi haqqındaǵı juwmaǵı;
- Nızamshılıq palatası tárepinen nızam joybarınıń kórip shıǵılıwı hám birinshi oqıwǵa tayarlaw (qaǵıyda boyınsha joybar úsh oqıwda kóriledi);
- Nızamshılıq palatası tárepinen nızamnıń qabıl etiliwi hám onıń Senatqa jiberiliwi;

**III basqısh:**
- Nızamnıń Senat tárepinen kórip shıǵılıwı hám onıń Ózbekstan Respublikası Prezidentine qol qoyıw ushın jiberiliwi;
- Nızam Senat tárepinen biykar etilgen yamasa Prezident tárepinen qaytarılǵan jaǵdaylarda nızam bir ay ishinde qayta kórip shıǵılıwı kerek;

**IV basqısh:**
- Prezidentke qol qoyıwǵa jiberiliwi hám nızamnıń baspasózde járiyalanıwı.

Nızamlardıń ǵalaba xabar qurallarında járiyalanıwı olardı qollanıwdıń májbúriy shárti esaplanadı. Nızamlar hám Oliy Majlis qararlarına qol qoyılǵannan soń bir hápteden keshiktirmesten járiyalanıwı lazım. Eger nızamda basqa sáne kórsetilmegen bolsa, járiyalanıwı menen normativ hújjet kúshke kiredi.

## *Tapsırma*

*Kóz aldıńızǵa keltiriń, Siz Oliy Majlis Nızamshılıq palatası deputatlıǵına saylandıńız. Ulıwma bilimlendiriw mekteplerinde oqıtıw shártleri haqqındaǵı nızam joybarın usınıs etiń.*

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



## ARALÍQ QADAǴALAW USHÍN SORAWLAR

*Qıynalǵanda qawsırma ishinde kórsetilgen sabaqlıq betlerine mu'rajat etiń.*

1. Jámiyetlik birlespeler qanday maqsetlerde shólkemlestiriledi? (82-b.)
2. «Jámiyetelik birlespe» túsinigine sıpatlama beriń. (83-b.)
3. Ózbekstan Respublikasında qanday jámiyetlik birlespeler bar? (83-b.)
4. Elimizde jámiyetlik birlespeler qanday principler tiykarında dúziledi? (84-b.)
5. Elimizde kásiplik awqamları qanday maqsette du'ziledi? (84-b.)
6. Ózbekstan Respublikasında qanday siyasiy partiyalar, jámiyetlik birlespelerdi dúziw qadaǵan etiledi? (85-b.)
7. Cenzura degenimiz ne? (86-b.)
8. Qanday jaǵdaylarda ǵalaba xabar quralların paydalanıw qadaǵan etiledi? (87-b.)
9. Sóz hám baspasóz erkinligi qay tárizde jámiyetke unamsız tásir etiwi múmkin? (87-b.)
10. «Siyasiy partiya» túsinigine sıpatlama beriń. (90-b.)
11. Házirgi waqıtta Ózbekstan Respublikasında jumıs alıp barıp atırǵan siyasiy partiyalardı sanap beriń. (92-b.)
12. Ózbekstan Respublikası Konstituciyasında shańaraqlıq múnásibetler tarawında bekkemlep qoyılǵan principlerdi sanap beriń. (95-b.)
13. Mámleketimizde shańaraqtı qorǵaw qay tárizde ámelge asırıladı? (95-b.)
14. Nekeden ótiw ushın zárúr bolǵan shártlerdi sanap beriń. (96-b.)
15. «Bala huqıqları kepillikleri haqqında» Ózbekstan Respublikası Nızamına muwapıq jas óspirimler qanday huqıqlarǵa iye boladı? (98-b.)
16. «Unitar mámleket» túsinigine sıpatlama beriń. (97-b.)
17. «Federativ mámleket» túsinigine sıpatlama beriń. (101-b.)
18. «Konfederaciya» túsinigine sıpatlama beriń. (102-b.)
19. Mámleket dúzilisiniń unitar forması federativ formasınan nesi menen parıqlanadı? (101-b.)
20. Qaraqalpaqstan Respublikası suvereniteti belgilerin sanap beriń. (103-b.)
21. Ózbekstan Respublikasında hákimiyatlar bóliniwi qalayınsha ámelge asırıladı? (107-b.)
22. Oliy Majlis qalay dúzilgen? Onıń quramına qansha deputatlar hám senatorlar kiredi? (109-b.)
23. Oliy Majlis Senatınıń tolıq wákillikLerin sanap beriń. (113-b.)
24. Nızamshılıq palatasınıń tolıq wákilliklerin sanań. (113-b.)
25. Nızamǵa qoyılatuǵın talaplardı sanań. (115-b.)
26. Ózbekstan Respublikası Konstituciyasına muwapıq nızamshılıq baslaması huqıqına qaysı hákimiyat organları kiredi? (116-b.)
27. Nızamshılıq procesi basqıshların sanap beriń. (117-b.)

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 20-§. ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ PREZIDENTI

**Tema ústinde islew nátiyjesinde:**

– mámleket basshısı sıpatında Prezidenttiń wákillikleri haqqında;

– Prezidentti saylaw tártibi hám onıń wákilligi tamamlanıwı haqqında bilip alasız.

**1. Prezident – mámleket basshısı.**

**2. Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń wákillikleri.**

**3. Ózbekstan Respublikası Prezidentin saylaw tártibi hám onıń wákilliginiń tamamlanıwı.**

## 1. PREZIDENT – MÁMLEKET BASSHÍSÍ

Latınshadan awdarǵanda **prezident** sózi *aldında otıratuǵın*, yaǵnıy mámleket basshısı mánisin ańlatadı. Dúnyadaǵı kópshilik ellerde prezidentlik basqarıw forması bar ekenligi de prezident lawazımınıń abıroyınan dárek berip tur. Ózbekistanda prezident lawazımı **1990-jılı 24-mart**ta engizilgen.

***Tiykarǵı Nızam belgileydi***

Ózbekstan Respublikası Prezidenti mámleket basshısı esaplanadı hám mámleketlik hákimiyat organlarınıń kelisilgen halda jumıs alıp barıwı hámde birge islesiwin támiyinleydi.

**Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası, 89-statya.**

***Tapsırma***

Ózbekstan Respublikası Prezidenti wákilliklerin úyrenip, Mámleket basshısınıń wákilliklerin tómendegi jumıs tarawlarına ajıratıń:

| **Prezidenttiń Oliy Majlis jumısı menen baylanıslı bolǵan wákillikleri** | **Prezidenttiń Ministrler Kabineti jumısı menen baylanıslı bolǵan wákillikleri** | **Prezidenttiń Qorǵanıw hám xalıqaralıq múnásibetler tarawındaǵı wákillikleri** | **Prezidenttiń sud, prokuratura organları hám Mámleketlik qáwipsizlik xızmeti jumısın muwapıqlastırıw menen baylanıslı bolǵan wákillikleri** |
|---|---|---|---|
| | | | |

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## 2. ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ PREZIDENTINIŃ WÁKILLIKLERI

Mámleket basshısınıń tiykarǵı wazıypası – hákimiyattıń barlıq tarmaqlarınıń jumısın muwapıqlastırıw jolı menen eldiń tez pát penen hám turaqlı rawajlanıwın támiyinlewden ibarat. Prezidenttiń Ózbekstan mámleketlik hákimiyat organları sistemasındaǵı ayrıqsha ornı da usı nárse menen túsindiriledi. Ózbekstan Respublikasında Prezident Mámleket basshısı sanaladı.**Ózbekstan Respublikası Konstituciyasınıń 93-statyasına muwapıq Ózbekstan Respublikasınıń Prezidenti:**

1) puqaralardıń huqıq hám erkinliklerine, Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası hám nızamlarına boysınıwına kepillik beredi;

2) Ózbekstan Respublikasınıń suvereniteti, qáwipsizligi hám aymaqlıq pútinligin qorǵaw, milliy mámleket dúzilisi máselelerine tiyisli qararlardı ámelge asırıw boyınsha zárúrli ilajlar kóredi;

3) elimizdiń ishinde hám xalıqaralıq qatnasıqlarda Ózbekstan Respublikası atınan is alıp baradı;

4) sóylesiwler júrgizedi hám de Ózbekstan Respublikasınıń shártnama hám kelisimlerine qol qoyadı, respublika tárepinen dúzilgen shártnamalarǵa, kelisimlerge hám onıń minnetlemelerine boysınılıwın támiyinleydi;

5) óz janında akkreditaciyadan ótken diplomatiyalıq hám de basqa wákillerdiń isenim hám shaqırıw jarlıqların qabıl etedi;

6) Ózbekstan Respublikasınıń shet ellerdegi diplomatiyalıq hám basqa wákillerin tayınlaw ushın talabanlardı Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Senatına usınadı;

7) Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisine mámlekettiń ishki hám sırtqı siyasatın ámelge asırıwdıń eń áhmiyetli máseleleri boyınsha múrájat etiw huqıqına iye;

8) respublika joqarı hákimiyat hám basqarıw organlarınıń tatıw birge islesiwin támiyinleydi; ministrlikler, mámleketlik komitetler hám de mámleketlik basqarıwdıń basqa organların Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń usınıwına muwapıq dúzedi hám saplastıradı, usı máselelerge tiyisli pármanlardı sońın ala Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń palatalarınıń tastıyıqlawına kirgizedi;

9) Senat Baslıǵı lawazımına saylaw ushın talabandı Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Senatına usınadı;

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE




10) Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisi palataları kórip shıǵıwı hám tastıyıqlawı ushın Ózbekstan Respublikası Bas Ministri kandidaturasın usınadı, ol dem alısqa shıqqanda, Bas ministrge bildirilgen isenimsizlik votumı Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisi palataları tárepinen qabıl etilgende yaki nızamda názerde tutılǵan basqa halatlarda lawazımınan azat etedi;

11) Ózbekstan Respublikası Bas ministriniń usınısına muwapıq Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabineti aǵzaların tastıyıqlaydı hám lawazımlarınan azat etedi;

12) Ózbekstan Respublikası Bas prokurorı hám Esap palatası baslıǵın tayınlaydı hám olardı lawazımınan azat etedi, sońın ala bul máselelerdi Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Senatınıń tastıyıqlawına kirgizedi;

13) Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisi Senatına Ózbekstan Respublikası Konstituciyalıq sudı, Ózbekstan Respublikası Oliy sudı quramlarına, sonday-aq, Ózbekstan Respublikası Sudyalar joqarǵı keńesiniń baslıǵı, Ózbekstan Respublikası Oraylıq Banki basqarmasınıń baslıǵı lawazımlarına talabanlardı usınadı;

14) Ózbekstan Respublikası Sudyalar joqarǵı keńesiniń usınısına muwapıq wálayatlar hám Tashkent qalası sudlarınıń baslıqların hám baslıq orınbasarların, Ózbekstan Respublikası Áskeriy sudı baslıǵın tayınlaydı hám lawazımlarınan azat etedi; Ózbekstan Respublikası Sudyalar joqarǵı keńesiniń aǵzaların nızamǵa muwapıq tastıyıqlaydı;

15) Ózbekstan Respublikası Bas Ministriniń usınısına muwapıq wálayatlar hákimlerin hám de Tashkent qalası hákimin nızamǵa muwapıq tayınlaydı hám lawazımınan azat etedi. Konstituciyanı, nızamlardı buzǵan yaki abıroy hám atına daq túsiretuǵın is-háreketler islegen rayon hám qala hákimlerin Prezident óz qararı menen lawazımınan azat etiwge haqılı;

16) respublika mámleketlik basqarıw organlarınıń hám hákimlerdiń bul qabıl etken hújjetlerin olar nızam hújjetleri normalarına muwapıq

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE
bolmaǵan halatlarda toqtatadı, biykarlaydı; Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabineti majlislerine basshılıq etiwge haqılı;

17) Ózbekstan Respublikasınıń nızamlarına qol qoyadı hám jáadditional jáÉriyalaydı; nızamǵa óz pikirin qosımsha etip, onı qayta talqılawǵa hám dawısqa qoyıw ushın Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisine qaytarıwǵa haqılı;

18) Ózbekstan Respublikasına hújim jasaǵanda yaki qáwipten bir-birin qorǵaw boyınsha dúzilgen shártnama minnetlemelerin orınlaw zárúrligi tuwılǵanda urıs halatın járiyalaydı hám qabıl etilgen qarardı úsh kún ishinde Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisi palatalarınıń tastıyıqlawına kirgizedi;

19) ayrıqsha jaǵdaylar (real sırtqı qáwip, massalıq tártipsizlikler, iri apatshılıq, tábiyiy apat, epidemiyalar) júz bergen jaǵdayda puqaralardıń qáwipsizligin támiyinlewdi gózlep, Ózbekstan Respublikasınıń pútkil aymaǵında yaki onıń ayırım orınlarında ayrıqsha jaǵday járiyalaydı hám qabıl etken qararın úsh kún ishinde Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń palatalarınıń tastıyıqlawına kirgizedi; Ayrıqsha jaǵday engiziw shártleri hám tártibi nızam menen belgilenedi;

20) Ózbekstan Respublikası Qurallı Kúshleriniń Joqarı Bas sárkardası esaplanadı, Qurallı Kúshlerdiń joqarǵı sárkardaların tayınlaydı hám lawazımınan azat etedi, joqarı áskeriy dárejeler beredi;

21) Ózbekstan Respublikasınıń ordenleri, medalları hám jarlıqları menen sıylıqlaydı, Ózbekstan Respublikasınıń qánigeli hám joqarı dárejelerin beredi;

22) Ózbekstan Respublikasınıń puqaralıǵına hám siyasiy baspana beriwge tiyisli máselelerdi sheshedi;

23) amnistiya haqqındaǵı hújjetlerdi qabıl etiw haqqında Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisi Senatına usınıs kirgizedi hám Ózbekstan Respublikası sudları tárepinen húkim etilgen shaxslarǵa keshirim beredi;

24) Mámleketlik Qáwipsizlik xızmeti baslıǵın tayınlaydı hám lawazımınan azat etedi, sońın ala usı máselelerge tiyisli pármanlardı Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Senatınıń tastıyıqlawına kirgizedi;

25) usı Konstituciya hám Ózbekstan Respublikasınıń nızamlarında názerde tutılǵan basqa wákilliklerdi ámelge asıradı.

Prezident óz wákilliklerin orınlawdı mámleketlik organlarǵa yamasa lawazımlı shaxslarǵa tapsırıwǵa haqılı emes.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях

UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## 3. ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ PREZIDENTIN SAYLAW TÁRTIBI HÁM ONÍŃ WÁKILLIGINIŃ TAMAMLANÍWÍ

Mámleket basshısı parlament deputatları tárepinen saylanatuǵın parlament respublikasınan ayırmashılıǵı prezidentlik basqarıw formasında xalıq tárepinen yamasa saylawshılardıń wákilleri tárepinen saylanadı hám deputatlardıń óz toparınan emes, al xalıqtıń keń qatlamlarınan wákillikler aladı.

Prezident saylawı Konstituciya hám «Ózbekstan Respublikası Prezidentin saylaw haqqında»ǵı Nızam tiykarında ulıwma, teń hám tikkeley saylaw huqıqı negizinde jasırın dawıs beriw jolı menen ámelge asırıladı. Sonday-aq, prezidentlikke talabanǵa ayrıqsha talaplar qoyıladı.

### *Tiykarǵı Nızam belgileydi*

Ózbekstan Respublikası Prezidenti lawazımına otız bes jastan kishi bolmaǵan, mámleketlik tildi jaqsı biletuǵın, tikkeley saylawǵa shekem keminde 10 jıl Ózbekstan aymaǵında turaqlı jasap arıtǵan Ózbekstan Respublikasınıń puqarası saylanıwı múmkin. Bir adam úzliksiz eki múddetten artıq Ózbekstan Respublikası Prezidenti bolıwı múmkin emes.

Ózbekstan Respublikası Prezidenti Ózbekstan Respublikasınıń puqaraları tárepinen ulıwma, teń hám tikkeley saylaw huqıqı tiykarında jasırın dawıs beriw jolı menen bes jıl múddetke saylanadı. Prezidentti saylaw tártibi Ózbekstan Respublikasınıń nızamı menen belgilenedi.

**Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası, 90-statya.**

http://eduportal.uz




*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Tiykarǵı Nızam belgileydi

Wákilligi tamamlanıwı múnásibeti menen dem alısqa shıqqan Prezident ómirlik Senat aǵzası lawazımın iyeleydi.

**Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası, 97-statya.**

## Juwmaq shıǵaramız

**Ózbekstan Respublikası Prezidenti:**

- mámleket basshısı;
- Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisi jıynalısında ant qabıl qılǵan waqıttan baslap óz lawazımına kirisken esaplanadı;
- puqaralardıń huqıq hám erkinlikleri, Konstituciya hám nızamlardıń kepilligi;
- mámleketlik hákimiyat organlarınıń kelisilgen halda jumıs alıp barıwın hám de birge islesiwin támiyinleydi;
- mámleket ishinde hám xalıqaralıq qatnasıqlarda Ózbekstan Respublikası atınan jumıs alıp baradı;
- mámlekettiń Quralllı Kúshleri Joqarı Bas sárkardası;
- Prezident shaxsına qol qatılmaydı hám nızam menen qorǵaladı;
- wákillik múddeti juwmaqlanǵannan soń – senator.

## Ózińizdi sınań!

**1.** Prezidenttiń mámleket basshısı sıpatındaǵı tiykarǵı kepilliklerin sanap beriń.

**2.** Óz minnetlerin atqarıp atırǵanda Prezident qanday qıyınshılıqlardı jeńip ótiwi zárúr?

**3.** Sizińshe, Prezident óz wákilliklerin atqarıwda mámleket organlarına yamasa lawazımlı shaxslarǵa tapsırıwǵa haqılı emes ekenligi haqqındaǵı qaǵıyda ne sebep Konstituciyaǵa kirgizilgen?

**4.** Mámleketimizde kimler Prezident etip saylanıwı múmkin?

**5.** Prezident siyasiy partiyanıń aǵzası bolıwı múmkin be?

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 21-§. ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍNÍŃ ATQARÍWSHÍ HÁKIMIYAT ORGANLARÍ

**Tema ústinde islew nátiyjesinde:**

– atqarıwshı hakimiyat organları sisteması haqqında;

– Ózbekstan Respublikası **Ministrler Kabineti wákillikleri** haqqında bilip alasız;

**1. Ministrler Kabineti – mámleket húkimeti, atqarıwshı organ.**

**2. Ministrler Kabinetiniń tiykarǵı wakillikleri.**

## 1. MINISTRLER KABINETI – MÁMLEKET HÚKIMETI, ATQARÍWSHÍ ORGAN

Ministrler Kabinetiniń shólkemlestiriwshiligi tiykarları hám jumısına Ózbekstan Respublikası Konstituciyanınıń 98-statyası hám de «Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabineti haqqında»ǵı Nızam baǵıshlanǵan. Ministrler Kabineti – Ózbekstan Respublikası húkimeti hám Ózbekstan Respublikasınıń atqarıw organı sanaladı hám ekonomikanıń, sociallıq hám ruwxıy tarawdıń nátiyjeli jumısına basshılıqtı, Ózbekstan Respublikası nızamları, Oliy Majlis qararları, Prezident pármanları, qararları hám biyllikleriniń orınlanıwın támiyinleydi.

## 2. MINISTRLER KABINETINIŃ TIYKARǴI WÁKILLIKLERI

Ministrler Kabineti mámleketlik basqarıw organları hám olar tárepinen dúziletuǵın xojalıq basqarıw organları sistemasın basqaradı, olardıń muwapıqlastırılǵan jumısın támiyinleydi. Ministrler Kabineti óz jumısında Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisi hám Ózbekstan Respublikası Prezidenti aldında juwapker esaplanadı.

Oliy Majlis Palatalarında kórip shıǵılatuǵın nızam joybarları hám basqa hújjetlerdi tayarlawda Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabineti mámleketlik keńesi, orınlardaǵı jergilikli mámleketlik hám xojalıq basqarıw organları hám de atqarıwshı hákimiyat organları dúzilmesi bólimleriniń jaqın birge islesiwin támiyinlew maqsetinde Oliy Majliste Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabineti Wákili lawazımı shólkemlestirilgen.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

*12-sxema.*




Ministrler Kabineti janında Internet tarmaǵında Ózbekstan Respublikası Ashıq maǵlıwmatları Portalı ashılǵan (data.gov.uz).

**Ózbekstan Respublikası Konstituciyasınıń 98-statyasına muwapıq Ministrler Kabineti wákillikleri:**

- nátiyjeli ekonomikalıq, sociallıq, finanslıq, pul-kredit siyasatı júrgiziliwi, ilim, mádeniyat, bilimlendiriw, densawlıqtı saqlawdı hám de ekonomikanıń hám sociallıq tarawdıń basqa tarmaqların rawajlandırıw boyınsha baǵdarlamalar islep shıǵılıwı ushın juwapker boladı;
- puqaralardıń ekonomikalıq, sociallıq hám basqa huqıqları hám de nızamlı máplerin qorǵaw boyınsha ilajlardı ámelge asıradı;
- mámleket hám xojalıq basqarıw organları jumısın muwapıqlastıradı hám baǵdarlaydı, olardıń jumısı ústinen nızamda belgilengen tártipte qadaǵalawdı támiyinleydi;
- Ózbekstan Respublikası nızamları, Oliy Majlis qararları, Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń pármanları, qararları hám biyliklериniń orınlanıwın támiyinleydi;
- Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisine hár jılı mámleket social-ekonomikalıq turmısınıń eń áhmiyetli máseleleri boyınsha bayanatlar usınadı;
- usı Konstituciya hám Ózbekstan Respublikası nızamlarında názerde tutılǵan basqa wákilliklerdi ámelge asıradı;

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Konstituciya hám «Ózbekstan Respublikasınıń Ministrler Kabineti haqqında»ǵı Nızamına muwapıq Ministrler Kabineti óz jumısında Respublikada jasawshı barlıq milletler hám xalıqlardıń máplerinen kelip shıqqan halda kollegiallıq hám demokratiya hám názamshılıq principlerine súyenedi.

### *1-tapsırma*

*Sxemada keltirilgen Ózbekstan Respublikasınıń Ministrlikleri menen tanısıp shıǵıń hám olardıń jumısınıń tarawların kórsetiń.*




http://eduportal.uz

### *2-tapsırma*

*Ózińizdi belgili bir taraw (xalıq bilimlendiriw, ishki isler, densawlıqtı saqlaw, sırtqı isler)ministri ornında kóz aldıńızǵa keltiriń. Tańlaǵan taraw boyınsha bar mashqalalardı sheshiw baǵdarlamasın dúziń.*

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



## Juwmaq shıǵaramız

**Ózbekstan Respublikasınıń Ministrler Kabineti:**

- Ministrler Kabineti – mámleket húkimeti;
- Mámleketlik komitetler hám ministrlikler;
- ekonomikalıq, sociallıq hám ruwxıy tarawlardıń nátiyjeli rawajlanıwın támiyinleydi;
- nızamlar, Oliy Majlis qararları, Prezident pármanları, qararları hám biylikleriniń orınlanıwın támiyinleydi;
- Prezident Bas ministr kandidaturasın usınadı, Oliy Majlis tastıyıqlaydı;
- Oliy Majlis hám Prezident aldında juwapker esaplanadı;
- «Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabineti haqqında»ǵı Nızam.

## Ózińizdi sınań!

**1.** Ózbekstan Respublikasında qanday atqarıw organları bar?
**2.** Ministrler Kabineti quramı qalay dúziledi?
**3.** Respublika húkimetiniń tiykarǵı wákilliklerin sanap beriń.
**4.** Ministrler Kabinetiniń Oliy Majlis penen óz ara baylanısı qalay ámelge asırıladı?
**5.** Atqarıw hákimiyatı organlarınıń tiykarǵı wazıypasın aytıp beriń.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



## ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ MINISTRLER KABINETI HAQQINDA ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ NÍZAMÍ

*(Kóshirme)*

**1-statya. Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabineti**

Ministrler Kabineti — Ózbekstan Respublikasınıń Húkimeti — Ózbekstan Respublikasınıń atqarıwshı hákimiyat organı esaplanadı.

Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabineti (bunnan bılay tekstte Ministrler Kabineti dep ju'rgiziledi):

1) nátiyjeli ekonomikalıq, sociallıq, finans, pul-kredit siyasatınıń ju'rgiziliwi, ilim, mádeniyat, bilimlendiriw, densawlıqtı saqlawdı hám de ekonomikanıń hám sociallıq tarawdıń basqa tarmaqların rawajlandırıw boyınsha baǵdarlamalar islep shıǵılıwı hám ámelge asırılıwı ushın juwapker boladı;

2) puqaralardıń ekonomikalıq, sociallıq hám basqa huqıqları hám de nızamlı máplerin qorǵaw boyınsha is-ilajlardı ámelge asıradı;

3) mámleketlik hám xojalıq basqarıw organları jumısın muwapıqlastıradı hám baǵdarlaydı, olardıń jumısı ústinen nızamda belgilengen tártipte qadaǵalawdı támiyinleydi;

4) Ózbekstan Respublikası nızamları, Oliy Majlis qararları, Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń pármanları, qararları hám biylikleriniń orınlanıwın támiyinleydi;

5) Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisine hár jılı mámleket sociallıq-ekonomikalıq turmısınıń eń áhmiyetli máseleleri boyınsha bayanatlar usınadı;

6) Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyasında hám nızamlarında názerde tutılǵan basqa wákilliklerdi ámelge asıradı.

Ministrler Kabineti mámleketlik basqarıw organları sistemasına hám ózi shólkemlestiretuǵın xojalıq basqarıw organları sistemasına basshılıq etedi, olardıń birgelikte jumıs alıp barıwın támiyinleydi.

Ministrler Kabineti óz iskerliginde Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisi hám Ózbekstan Respublikası Prezidenti aldında juwapker esaplanadı.

Ministrler Kabineti nızamshılıq baslaması huqıqına iye.

**4-statya. Ministrler Kabinetiniń quramı hám onı qáliplestiriw tártibi.**

Ministrler Kabineti quramına Ózbekstan Respublikası Bas ministri (bunnan bılay tekstte Bas ministr dep júrgiziledi), onıń orınbasarları, ministrler, mámleketlik komitetlerdiń baslıqları kiredi. Qaraqalpaqstan Respublikası húkimetiniń baslıǵı Ministrler Kabineti quramına óz lawazımı boyınsha kiredi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 22-§. ORÍNLARDAǴÍ JERGILIKLI MÁMLEKETLIK HÁKIMIYAT ORGANLARÍ

**Tema ústinde islew nátiyjesinde:**

– jergilikli mámleketlik hákimiyat organları jumısınıń tiykarǵı baǵdarları haqqında;
– hákimler wákillikleri hám jumıs baǵdarları haqqında;
– Xalıq deputatları Keńesi jumısı haqqında bilip alasız;

**1. Xalıq deputatları Keńesi.**
**2. Wálayatlar, rayonlar hám qalalar hákimleriniń jumısı.**

## 1. XALÍQ DEPUTATLARÍ KEŃESI

Oraylıq hákimiyat organlarınan ayırmashılıǵı, jergilikli hákimiyat organları sociallıq mashqalalardı regionlıq dárejede sheshedi. Olar jámiyetlik turmıstıń túrli tarawlarındaǵı mashqalalardı tikkeley sheshken halda atqarıwshı hákimiyat nızamları hám normativ aktlerin ámelge asıradı. Hákimiyat organları orınlarda xalıqtıń abadanlıǵın támiyinlew hám mámleket aldında turǵan áhmiyetli wazıypalardı ámelge asırıwda ayrıqsha rol oynaydı.

Wálayatlar, rayonlar hám qalalardaǵı hákimiyat wákillik organları ***Xalıq deputatları Keńesi*** sanaladı. Olardıń jumısı regiondaǵı xalıq turmısınıń túrli tareplerine tiyisli wazıypalar hám mashqalalardı sheshiwge baǵdarlanǵan. Wálayatlar, qalalar, rayonlar aymaqlarındaǵı wákillik hám atqarıw hákimiyatın ***hákim*** basqaradı. Wálayatlar hákimleri hám Tashkent qalası hákimi Prezident hám tiyisli Xalıq deputatları Keńesine esabat beriwge minnetli.

***Tiykarǵı Nızam belgileydi***

Wálayatlar, qalalar hám rayonlarda (rayonǵa boysınatuǵın qalalardan, tısqarı) hákimler basshılıq etetuǵın xalıq deputatları Keńesleri hákimiyattıń wákillik organları bolıp, olar mámleket hám puqaralardıń máplerin gózlep, óz wákilliklerine tiyisli máselelerdi sheshedi.

**Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası, 99-statya.**

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## 2. WÁLAYATLAR, RAYONLAR HÁM QALALAR HÁKIMLERINIŃ JUMÍSÍ

Hákimniń jumısı jeke basshılıq tiykarında ámelge asırıladı hám ózi basqarıp atırǵan aymaqlar boyınsha qabıl etken qararları hám jumıs nátiyjeleri ushın jeke ózi juwapker boladı. Ózbekstan Respublikası Konstituciyasınıń 93-statyasına muwapıq Konstituciyanı, nızamlardı buzǵan yaki óz abıroyı hám qádir-qimbatına daq túsiretuǵın is-háreketler islegen rayon hám qala hákimlerin Prezident óz qararı menen lawazımınan azat etiwge haqılı.

**Tapsırma**

*Kóz aldıńızǵa keltiriń, Siz mektep direktorısız hám qala (rayon) hákimi qabıllawına keldińiz. Mektepti ońlaw hám aǵla oqıwshılardı shet ellerden birine jiberiwge materiallıq járdem sorap ótinish ettińiz? Bul usınıstı tiykarlaw ushın qanday sebeplerdi keltirgen bolar edińiz?*

**Wálayatlar, rayonlar, qalalardıń hákimi:**

- Ózbekstan Respublikası nızamları Oliy Majlis palataları, Ózbekstan Respublikası Prezidenti, Ministrler Kabineti nızamları hám hújjetleri, joqarı turıwshı organlar hám tiyisli xalıq deputatları Keńesleri qararlarınıń orınlanıwın shólkemlestiredi;
- jámáátshilik tártibin saqlaw, jınayatshılıq penen gúresiw, puqaralar qáwipsizligin támiyinlew, olardıń huqıqları hám salamatlıǵın támiyinlewge baylanıslı ilajlardı kóredi, tabiyiy apatshılıq, epidemiyalar hám basqa ekstremal jaǵdaylarda jumıslardı shólkemlestiredi;
- wálayatlar, rayonlar, qalalardı ekonomikalıq hám sociallıq rawajlandıwdıń tiykarǵı baǵdarları wáláyat, rayon, qala byudjetiniń tiykarǵı parametrleri hám olardıń orınlanıwı haqqındaǵı esabattı xalıq deputatları Keńesine usınadı;
- respublikada hám shet elde wálayat, rayon hám qalanıń rásmiy wákili sıpatında jumıs alıp baradı;
- xalıqtı qabıl etiwdi shólkemlestiredi, puqaralardıń shaǵımları, arzaları hám usınısların kórip shıǵadı hám basqalar.

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Wálayat, rayon hám qala hákimi tiyisli xalıq deputatları Keńesine wálayat, rayon, qalanıń sociallıq-ekonomikalıq rawajlanıwına tiyisli áhmiyetli hám kúnniń talabındaǵı máseleler boyınsha esabatlardı usınadı Keńesler qararların olarǵa tiykarlanıp qabıl etedi.

## *Tiykarǵı Nızam belgileydi*

> Wálayat, rayon hám qala hákimleri óz wákilliklerin jeke basshılıq tiykarında ámelge asıradı hám ózleri basshılıq etip atırǵan organlardıń qararları hám jumısı ushın jeke ózi juwapker esaplanadı.
>
> **Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası, 103-statyadan.**

Jergilikli hákimiyat organları jumısınıń áhmiyetli baǵdarlarınan biri kommunal xojalıǵın rawajlandırıwǵa basshılıq etiw sanaladı. Jergilikli hákimiyat organları haqqındaǵı nızamda hákimler óz aymaqlarındaǵı kommunal xojalıǵı xızmeti iskerligin muwapıqlastıradı hám qadaǵalawı atap kórsetiledi. Kommunal xojalıǵı xızmeti hákimiyatlar bólimi tárepinen basqarıladı. Olardıń basshıları hákim tárepinen tayınlanadı hám lawazımınan azat etiledi. Bul másele jergilikli Keńes sessiyasında tastıyıqlanadı.

Jergilikli Keńes jumısınıń tiykarǵı shólkemlestiriw-huqıqıy forması sessiya esaplanadı. Sessiyada Keńes wákilligine kiretuǵın máseleler sheshiledi, esabatlar tıńlanadı hám álbette orınlanıwı shárt bolǵan qararlar qabıl etiledi. Wálayatlar, rayonlar, qalalar xalıq deputatları Keńesi zárúrligine qarap bir jılda keminde eki márte hákim tárepinen shaqırıladı.

## *Juwmaq shıǵaramız*

**Jergilikli mámleketlik hákimiyat organları:**

- xalıq deputatları Keńesi;
- hákim – orınlarda wákillik hám atqarıw hákimiyatın basqaradı;
- xalıq deputatları Keńesi aldında esabat beriw;
- qabıl etilgen qararlar ushın hákimniń jeke ózi juwapker ekenligi.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях

UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Ózińızdi sınań!

1. Xalıq deputatları Keńesi qanday mashqalalardı sheshedi?
2. Xalıq deputatları Keńesine kim basshılıq etedi?
3. Hákimlerdiń jumısı qanday principlerde ámelge asırıladı?
4. Hákimler xalıq deputatları Keńesin basqarǵan halda qanday mashqalalardı sheshedi?
5. Wálayatlar, rayonlar hám qalalar hákimleri hákimiyattıń qanday organlarına esabat beredi?

## Normativ hújjet

**JERGILIKLI MÁMLEKETLIK NÁKIMIYAT HAQQÍNDA ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ NÍZAMÍ**

*(Kóshirme)*

**1-statya. Jergilikli wákillik hám atqarıw hákimiyatı**

Wálayatlar, rayonlar hám qalalarda (rayonǵa boysınatuǵın qalalardan tısqarı) hákimler basshılıq etetuǵın xalıq deputatları Keńesleri hákimiyattıń wákillik organları bolıp, olar mámleket hám puqaralardıń máplerin gózlep óz wákilliklerine tiyisli máselelerdi sheshedi.

Wálayat, rayon, qala hákimi wálayat, rayon, qala hákimi joqarı lawazımlı shaxs esaplanadı, sonıń menen birge tiyisli aymaqta wákillik hám atqarıw hákimiyatına basshılıq etedi. Wálayat hám Tashkent qalası hákimi Ózbekstan Respublikası Prezidentine hám tiyisli xalıq deputatları Keńesine esabat beredi. Rayon hákimi joqarı turatuǵın hákimge hám tiyisli xalıq deputatları Keńesine esabat beredi.

**2-statya. Jergilikli wákillik hám atqarıw hákimiyat baslıǵın tayınlaw hám azat etiw**

Wálayat hám Tashkent qalası hákimi Ózbekstan Respublikası Prezidenti tárepinen tayınlanadı hám de lawazımınan azat etiledi.

Rayon hám qalalardıń hákimleri wálayat, Tashkent qalası hákimi tárepinen tayınlanadı hám lawazımınan azat etiledi hám de tiyisli xalıq deputatları Keńesi tárepinen tastıyıqlanadı.

Wálayat, rayon, qala hákimi tiyisli xalıq deputatları Keńesi tiyisli deputatları arasınan tayınlanadı hám tastıyıqlanadı.

Rayonlarǵa boysınatuǵın qalalardıń hákimleri rayon hákimi tárepinen tayınlanadı hám lawazımınan azat etiledi hám de xalıq deputatları rayonlıq Keńesi tárepinen tastıyıqlanadı.

Wálayat hákimi Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabineti razılıǵı menen qala hákimin rayon hákimine (qala quramına kiretuǵın rayonlardan tısqarı) boysındırıwǵa hám wálayat Xalıq deputatları keńesinde tastıyıqlanıwshı qararlar menen birden-bir basqarıw organların shólkemlestiriwge haqılı.

Xalıq deputatları Keńesleri hám hákimlerdiń wákillik múddeti — 5 jıl.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 23-§. PUQARALARDÍŃ ÓZIN-ÓZI BASQARÍW ORGANLARÍ

**Tema ústinde islew nátiyjesinde:**

– ózin-ózi basqarıw organlarınıń strukturası hám huqıqıy biyligi haqqında;

– ózin-ózi basqarıw organlarınıń wákillikleri haqqında.

– puqaralar jıyınları jumısınıń tiykarǵı baǵdarları boyınsha komissiya jumısı haqqında bilip alasız

**1. Puqaralardıń ózin-ózi basqarıw organları hám huqıqıy biyligi.**

**2. Puqaralardıń ózin-ózi basqarıw organları jumısınıń tiykarǵı baǵdarları.**

**3. Puqaralardıń ózin-ózi basqarıw organları janındaǵı komissiyanıń jumısı.**

## 1. PUQARALARDÍŃ ÓZIN-ÓZI BASQARÍW ORGANLARÍ HÁM OLARDÍŃ HUQÍQÍY BIYLIGI

Qalalar, awıllarda, sonday-aq, qalalar, awıllardıń máhállelerinde dúzilgen ózin-ózi basqarıw organlarınıń strukturası hám huqıqıy biyligi Ózbekstan Respublukası Konstituciyasınıń 105-statyasında hám «Puqaralardıń ózin-ózi basqarıw organları haqqında»ǵı Nızamda belgilep qoyılǵan.

> ***Puqaralardıń ózin-ózi basqarıwı*** – bul Konstituciya hám Ózbekstan Respublikası Nızamları menen kepillik beriletuǵın, puqaralardıń óz mápleri, tariyxıy rawajlanıw ózgeshelikleri, sonday-aq, milliy hám ruwxıy qádiriyatlardan, jergilikli úrp-ádetleri hám dástúrlerinen kelip shıǵatuǵın máselelerdi sheshiw boyınsha erkin jumısı esaplanadı.

Qalalar, awıllarda sonday-aq, qalalar, awıllardaǵı ózin-ózi basqarıw organları ***puqaralar jıyını*** bolıp, úsh jıl múddetke baslıq (aqsaqal) hám onıń másláhátshileri saylanadı.

Puqaralardıń ózin-ózi basqarıw organları mámleketlik hákimiyat organları sistemasına kirmeydi hám nızamshılıqqa muwapıq berilgen wákillikti tiyisli aymaqta ámelge asıradı. Puqaralar jıyını xalıq máplerin ańlatadı hám onıń atınan tiyisli aymaq sheńberinde ámel qılatuǵın qarar qabıl etedi.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях

UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Puqaralar jıyınında on segiz jasqa jetken hám tiyisli aymaqta turaqlı jasaytuǵın shaxslar qatnasadı.

## 2. PUQARALARDÍŃ ÓZIN-ÓZI BASQARÍW ORGANLARÍNÍŃ TIYKARǴÍ JUMÍSLARÍ

Puqaralar jıyını organları tómendegiler esaplanadı: puqaralar jıyını keńesi, puqaralar jıyını tiykarǵı baǵdarları boyınsha komissiya hám tekseriw komissiyası. Ózin-ózi basqarıw organları xalıqqa ózleriniń konstituciyalıq huqıqların jámiyet hám mámleket jumısları basqarıwında qatnasıwda ámelge asırıw imkaniyatın beredi.

***Tiykarǵı Nızam belgileydi***

Qala, awıllarda, sonday-aq, olardıń quramındaǵı máhállelerde hám de qalalardaǵı máhállelerde puqaralar jıyınları ózin-ózi basqarıw organları bolıp, olar baslıq (aqsaqaldı) saylaydı.

**Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası, 105-statya.**

Ózin-ózi basqarıw organları járdeminde hám xalıqtıń birgeliktegi járdemi menen belgili bir aymaqta sociallıq hám mádeniy wazıypalar sheshiledi, mámleketlik organlarǵa xalıqtıń turmısın jaqsılawǵa qaratılǵan nızamlar hám qararlardıń orınlanıwın ámelge asırıwǵa járdem beredi.

Ózin-ózi basqarıw organlarınıń jumısı saplastırılıwı tek puqaralardıń jıynalısları qararı boyınsha ámelge asırıladı. Ózin-ózi basqarıw organları lawazımlı shaxslardıń mámleketlik hákimiyat organlarına múrajatları álbette kórip shıǵılıwı lazım.

## 3. PUQARALARDÍŃ ÓZIN-ÓZI BASQARÍW ORGANLARÍ KOMISSIYASÍNÍŃ JUMÍSÍ

«Puqaralardıń ózin-ózi basqarıw organları haqqında»ǵı Nızamnıń 18-statyasına muwapıq puqaralar jıyını jumısınıń tiykarǵı baǵdarları boyınsha tómendegi komissiyalar dúziledi:

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Puqaralardıń ózin-ózi basqarıw organları janındaģı komissiyalar:**

- jarastırıw komissiyası;
- aģartıw hám ruwxıylıq máseleleri boyınsha komissiya;
- sociallıq qollap-quwatlaw komissiyası;
- hayal-qızlar menen islesiw komissiyası;
- jas óspirimler, jaslar hám sport máseleleri boyınsha komissiya;
- isbilermenlik xızmetin rawajlandırıw hám shańaraqlıq biznes máseleleri boyınsha komissiya;
- ekologiya hám tábiyattı qorģaw, abadanlastırıw hám kóklemzarlastırıw komissiyası;
- jámáátshilik qadaģalawı hám tutınıwshılar huqıqların qorģaw komissiyası.

## *Juwmaq shıģaramız*

***Puqaralardıń ózin-ózi basqarıw organları:***

- ózin-ózi basqarıw organları – jasaw aymaqlarındaģı mashqalalardı sheshiw;
- puqaralar jıyınları: aqsaqal – 3 jıl;
- puqaralar jıyını Keńesi;
- puqaralar jıyını jumısınıń tiykarģı baģdarları boyınsha komissiya;

## *Ózińizdi sınań!*

**1.** Puqaralardıń ózin-ózi basqarıw organlarınıń tiykarģı wazıypaları nelerden ibarat?

**2.** Puqaralardıń ózin-ózi basqarıw organların kim basqaradı hám ol neshe jılģa saylanadı?

**3.** Puqaralardıń ózin-ózi basqarıw organlarında qanday komissiyalar dúziledi?

**4.** Puqaralardıń ózin-ózi basqarıw organları jumısınıń tiykarģı baģdarların sanań.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE
http://eduportal.uz

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



# PUQARALARDÍŃ ÓZIN-ÓZI BASQARÍW ORGANLARÍ HAQQÍNDA ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ NÍZAMÍ

*(Kóshirme)*

### 3-statya. Puqaralardıń ózin-ózi basqarıwı túsinigi

Puqaralardıń ózin-ózi basqarıwı — jergilikli áhmiyetke iye bolǵan máselelerdi óz mápleri, tariyxıy rawajlanıwdıń ózine tán tárepleri, sonday-aq milliy hám mánawiy qádiriyatlardan kelip shıqqan halda sheshiw boyınsha Ózbekstan Konstituciyası hám nızamları menen kepillik berilgen puqaralardıń erkin jumıs islewi.

### 4-statya. Puqaralardıń ózin-ózi basqarıw huqıqı

Puqaralar ózin-ózi basqarıwǵa bolǵan konstituciyalıq huqıqın qalalar, awıllar, sonday-aq qala máhállelerinde puqaralar jıyını (puqaralar wákilleri jıynalısı) arqalı saylaw huqıqı kepilligine muwapıq ámelge asıradı.

Jınısı, rasası, milleti, tili, dini, sociallıq kelip shıǵıwı, isenimi, shaxsı hám sociallıq abıroyına qaramastan puqaralar tikkeley yamasa ózleriniń saylap qoyılatuǵın wákilleri arqalı ózin-ózi basqarıwǵa teń huqıqlı esaplanadı.

### 5-statya. Puqaralardıń ózin-ózi basqarıw organları jumısınıń tiykarǵı principleri

Puqaralar ózin-ózi basqarıw organları jumısınıń tiykarǵı principleri nızamlılıq, insan huqıqları, erkinlikleri hám nızamlı mápleriniń u’stinligi, demokratiya, áshkaralıq, sociallıq ádillik, jergilikli áhmiyetke iye máselelerdi erkin sheshiw, jámááttiń birligi, sociallıq sheriklik, jergilikli úrp-ádet hám dástúrlerdi inabatqa alıw esaplanadı.

### 8-statya. Puqaralardıń ózin-ózi basqarıw organları

Qalalar, awıllar, sonday-aq, qalalar, qalashalar, awıllar máhálleleri puqaralar jıyını (puqaralar wákilleri jıynalısı) puqaralardıń ózin-ózi basqarıw organları esaplanadı.

Puqaralardıń ózin-ózi basqarıw organları mámleketlik hákimiyat organları sistemasına kirmeydi hám tiyisli aymaq sheńberinde nızam menen ózlerine berilgen wákilliklerdi ámelge asıradı.

Puqaralardıń ózin-ózi basqarıw organları yuridikalıq shaxs huqıqlarınan paydalanadı, óz atı túsirilgen mórge iye boladı, sonday-aq, Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabineti belgilegen tártipte dizimge alınadı.

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 24-§. ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍNÍŃ SUD SISTEMASÍ

**Tema ústinde islew nátiyjesinde:**

– Ózbekstan Respublikası sud hákimiyatınıń dúziliwi hám jumıs principleri haqqında;

– sudyalardıń huqıq hám minnetlemeleri, sudyanı tayınlawda onıń shaxsına qoyılatuǵın talapları haqqında bilip alasız;

**1. Insan huqıqların qorǵawdaǵı bas buwın.**
**2. Ózbekstan Respublikası sud sisteması.**

## 1. INSAN HUQÍQLARÍN QORǴAWDAǴÍ BAS BUWÍN

Hárbir insannıń ómiri waqıyalarǵa bay bolıwı hám hár qıylılıǵı menen qızıqlı. Biraq insan jámiyette jasar eken, onıń is-háreketleri basqa adamlardıń huqıqlarına qayshı keliwi múmkin.

Tiykarǵı wazıypası mámleket máplerin hám hárbir adamnıń máplerin qorǵawdan ibarat bolǵan mámleketlik organlar da adamlar arasında tóreshilik etiwge qaratılǵan.

Eger nızam shıǵarıwshı organlar nızamlardı qabıl etse, al sud organları nızamlar tiykarında ádil sudlawdı ámelge asıradı.

**Ózbekstan Respublikası sud sistemasınıń baslı wazıypaları:**

- Ózbekstan Respublikası Konstituciyası hám insan huqıqları haqqındaǵı xalıqaralıq hújjetlerde járiyalanǵan puqaralardıń huqıq hám erkinlikleri sudtaǵı qorǵawdı ámelge asırıw;
- kárxanalar, mákemeler hám shólkemlerdiń huqıqları hám de nızam menen qorǵalatuǵın máplerin sud jolı menen qorǵaw;
- nızamnıń ústinligi, sociallıq ádillik, puqaralardıń tınıshlıǵı hám tatıwlıǵın támiyinlew.

### *1-tapsırma*

*Tómendegi halatlardı kórip shıǵıp, olardan qaysı biri qılmıs, qaysı biri jınayat ekenligin anıqlań.*

**1.** Óspirim temir jolǵa poezddı toqtatıwshı eki tutqıshın ornatıp qoydı.

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**2.** Eki óspirim qatnap turǵan poezdǵa tas atıp oynadı.

**3.** Ózpirim mektepte kiyinip-sheshiniw xanasında klaslaslarınan biriniń buyımın urladı.

**4.** Oqıwshılar mektepke qońsı úydiń diywallarǵa boyaw jaǵıp tasladı hám aynanı sındırdı.

**5.** Puqara A. avtomashinada úlken tezlikte kelip jolawshını qaǵıp ketti hám oǵan járdem bermesten qashıp ketti.

**6.** Jolawshı tasıp baratırǵan avtobus temir joldan ótiw qadaǵan etilgen jerden ótip baratırǵanda avariya júz berdi. Bir neshe jolawshı qaytıs boldı, kópshiligi jaraqatlandı.

**7.** Órt waqtında 9-klass oqıwshısı kvartiradan qashıp shıǵıp jasırındı. Úyde qalǵan eki kishi jastaǵı balanı órt óshiriwshiler qutqardı.

**8.** Joqarı klass oqıwshısı qatar qızǵa turpayılıq etti. Qız onı tınısh qoyıwın soraǵanda, óspirim bala onı uyat sózler menen kemsitip, qattı urdı. Nátiyjede qızdıń qolı sındı.

## 2. ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍNÍŃ SUD SISTEMASÍ

**Sud** – ádil sudlawdı ámelge asırıwǵa haqılı birden-bir mámleketlik hákimiyat organı esaplanadı.Sudyalar sheshiwshi qararlar hám húkimlerin mámleket atınan shıǵaradı. Bul nárse sheshiwshi qarar hám húkimler barlıq tárepten, sonıń ishinde, mámleketlik organlar tárepinen sózsiz orınlanıwı shárt ekenligin ańlatadı.

Ózbekstan Respublikasında sud hákimiyatı konstituciyalıq, hákimshilik, puqaralıq, xojalıq hám jınayat sudlawı arqalı ámelge asırıladı. Sudlar arasındaǵı bunday bólistiriw ***sudqa tiyislilik,*** yaǵnıy is kórip shıǵılatuǵın konkret sudtıń belgileniwi dep ataladı.

Ózbekstan Prezidenti Shavkat Mirziyoev 2017-jılı 6-aprelde mámleket Konstituciyasına sud sistemasın jańalawdı názerde tutatuǵın ózgerisler hám qosımshalar kirgiziliwi haqqındaǵı Nızamǵa qol qoydı. Konstituciyanıń 80, 81, 83, 93, 107, 110, 111 hám 112-statyalarına ózgerisler kirgizildi. Joqarǵı sud puqaralıq, jınayat, hákimshilik hám ekonomikalıq sudlaw isleri tarawında sud hákimiyatı birden-bir — Ózbekstan Respublikası Joqarǵı sudına birlestirildi.

Jańa institut — Ózbekstan Respublikası sudyalar joqarǵı keńesi engizildi. Ol sudyalar hákimiyatı organı bolıp, Ózbekstanda sud hákimiyatı ǵárezsizligine tiyisli konstituciyalıq principke boysınılıwın támiyinlewge kómeklesedi.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях

UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Ózbekstan Respublikasında sud sisteması tómendegi sudlardan ibarat (Ózbekstan Respublikası Konstituciyasınıń 107-statyası hám «Sudlar haqqında»ǵı Nızamnıń 1-statyası)**

- Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyalıq sudı;
- Ózbekstan Respublikasınıń Joqarǵı sudı;
- Qaraqalpaqstan Respublikası puqaralıq isleri boyınsha sudı, puqaralıq isleri boyınsha wálayatlar hám Tashkent qalası sudları;
- Qaraqalpaqstan Respublikası jınayat isleri boyınsha sudı, jınayat isleri boyınsha wálayat hám Tashkent qalası sudları;
- Qaraqalpaqstan Respublikası, wálayatlar hám Tashkent qalası ekonomikalıq sudları;
- Qaraqalpaqstan Respublikası, wálayatlar hám Tashkent qalası hákimshilik sudları;
- puqaralıq isleri boyınsha rayonlar aralıq, rayon (qala) sudları;
- jınayat isleri boyınsha rayon (qala) sudları;
- rayonlar aralıq, rayon (qala) ekonomikalıq sudları;
- rayon (qala) hákimshilik sudları jumıs alıp baradı;

Sud sisteması

- Joqarǵı sud
- Konstituciyalıq sud

| Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı sudı, jınayat isleri boyınsha wálayatlar hám Tashkent qalası sudları | Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı sudı, puqaralıq wálayat hám Tashkent qalası sudları; | Qaraqalpaqstan Respublikası, wálayatlar hám Tashkent qalası ekonomikalıq sudları; | Qaraqalpaqstan Respublikası, wálayatlar hám Tashkent qalası hákimshilik sudları; |
|---|---|---|---|
| jınayat isleri boyınsha rayon (qala) sudları; | puqaralıq isleri boyınsha rayonlar aralıq, rayon (qala) sudları; | rayonlar aralıq, rayon (qala) ekonomikalıq sudları; | rayon (qala) hákimshilik sudları; |

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Ózbekstan Respublikasında sudlar jumıs kategoriyasına qarap qánigelestiriliwi múmkin. Ayrıqsha sudlardıń dúziliwine jol qoyılmaydı.

Ózbekstan Respublikasında sud jumısların júrgiziw ózbek, qaraqalpaq tillerinde yaki sol aymaqtaǵı xalıq sóylesetuǵın tilde alıp barıladı. Sud alıp barıp atırǵan tildi bilmeytuǵın sud qatnasıwshısı ushın dilmash arqalı sud materialları menen tanısıw, sud háreketlerinde qatnasıw hám óz ana tilinde sózge shıǵıw huqıqı támiyinlenedi.

## Ózbekstan Respublikası Konstituciyalıq sudı:

Ózbekstan Respublikası Konstituciyalıq sudı nızam shıǵarıwshı hám arqarıwshı hákimiyat hújjetleriniń Konstituciyaǵa muwapıqlıǵı haqqındaǵı jumıslardı kórip shıǵadı. Ózbekstan Respublikası Konstituciyalıq sudı Ózbekstan Respublikası Prezidenti usınısına muwapıq Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Senatı tárepinen Ózbekstan Respublikası Sudyalar joqarǵı keńesi usınıs etken siyasat hám huqıq tarawındaǵı qánigeler arasınan Qaraqalpaqstan Respublikasınıń wákilin qosqan halda saylanadı.

## Ózbekstan Respublikasınıń Joqarǵı sudı:

Ózbekstan Respublikası Konstituciya 110-statyasına muwapıq Ózbekstan Respublikası Joqarǵı sudı puqaralıq, jınayıy, ekonomikalıq hám hákimshilik sud islerin júrgiziw tarawında sud hákimiyatınıń joqarǵı organı esaplanadı. Ol qabıl etken hújjetler qatań hám Ózbekstan Respublikasınıń barlıq aymaǵında orınlanıwı májbúriy esaplanadı. Ózbekstan Respublikası Joqarǵı sudı tómengi sudlardıń sudlaw jumısı ústinen qadaǵalaw alıp barıw huqıqına iye.

Joqarǵı sud tárepinen qabıl etilgen qararlar úzil-kesil boladı hám Ózbekstan Respublikasınıń pútkil aymaǵında orınlanıwı májbúriy esaplanadı.

Ózbekstan Respublikası Joqarǵı sudı tómengi sudlardıń sudlaw jumısı ústinen qadaǵalaw huqıqına iye.

Ózbekstan Respublikası Joqarǵı sudı tómengi sudlardıń sudlaw jumısı ústinen qadaǵalaw huqıqına iye hám joqarı instanciya sudı sıpatında hám de qadaǵalaw tártibinde jumıslardı kórip shıǵadı.

Ózbekstan Respublikası Joqarǵı sudı tárepinen birin instanciyada kórip shıǵılǵan isler shaǵım etiw (protest beriw) huqıqına iye shaxslardıń tańlawına qarap appelyaciya tártibinde yaki kassaciya tártibinde kórip shıǵılıwı múmkin. Appelyaciya tırtibinde kórip shıǵılǵan isler kassaciya tártibinde kórip shıǵılıwı múmkin emes.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE





Ózbekstan Respublikası Joqarǵı sudı Joqarǵı sud Plenumı túsindiriwleri tómengi sudlar tárepinen orınlanıwı ústinen qadaǵalawdı ámelge asıradı, sudlaw ámeliyatın analizleydi hám sud organları kadrları qánigeligin asırıp barıwın shólkemlestiredi.

Ózbekstan Respublikası Joqarǵı sudı Plenumı májlisinde Ózbekstan Respublikası Bas prokurorı qatnasadı. Sonday-aq, Ózbekstan Respublikası Joqarǵı sudı Plenumı májlislerinde Ózbekstan Respublikası Konstituciyalıq sudı Baslıǵı, Ádillik ministri, sudyalar, Ózbekstan Respublikası Joqarǵı sudı janındaǵı Ilimiy másláhát keńesi aǵzaları da qatnasıwı múmkin.

Sud organlarınıń tiykarǵı maqseti insan huqıqları hám erkinliklerin qorǵaw, jámiyette nızamshılıq, ádillik ornatıwdan ibarat. Sud organları jumısınıń áhmiyetliligi adamlar arasında payda bolǵan kelispewshilik hám jánjellerdi elimizde qabıl etilgen nızamlardı ámeliyatta qollanıw tiykarında zorlıq isletpesten sheshiliwinde jámlengen.

***Este saqlań!***

**Sud sisteması** – óz wákillikleri, maqsetleri hám wazıypalarına muwapıq jumıs alıp baratuǵın mámlekettiń pútkil sudlaw organları.

**Birinshi instanciya sudı** – nızamǵa muwapıq sud májlisinde birinshi bolıp sud halatların anıqlawshı hám jumıs boyınsha hám qararlar yaki húkim shıǵarıwshı sud. Birinshi instanciya sudı qararı ústinen kassaciya yaki appelyaciya tártibinde joqarı turatuǵın sudqa shaǵım etiw múmkin.

**Kassaciya** – tárepler shaǵımı yaki prokuror protestine qarap Joqarǵı sud instanciya hám tárepinen biykar etiwi haqqındaǵı arza.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## *2-tapsırma*

Kesteni toltırıw barısında hákimiyat tarmaqlarınan hár biri insan huqıqların qanday tárizde qorǵaytuǵının anıqlań.

| **Insan huqıqlarınıń qorǵalıwı** | | |
|---|---|---|
| Nızamshılıq hákimiyat organlar | Atqarıwshı hákimiyat organları | Sud hákimiyatı organları |
| | | |

### Ózbekstan Respublikasınıń sud sisteması

| **Sudtıń atalıwı** | **Wazıypalar hám wákillikler** |
|---|---|
| Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyalıq sudı | Ózbekstan Respublikası nızamları hám Oliy Majlis palatası qararlarınıń, Ózbekstan Respublikası Prezidenti pármanları, húkimet hám mámleketlik hákimiyat jergilikli organları qararları, xalıqaralıq shártnamanı hám Ózbekstan Respublikası basqa minnetlemeleriniń Konstituciyaǵa muwapıqlıǵın anılaydı. |
| Qaraqalpaqstan Respublikasınıń Konstituciyalıq qadaǵalaw komiteti (Qaraqalpaqstan Respublikasınıń Konstituciyası, 70-statya, 8-punkt) | |
| Ózbekstan Respublikası Joqarǵı sudı | Puqaralıq, jınayıy hám hákimshilik sudlawdı ámelge asırıwshı joqarǵı sud hákimiyatı organları |
| Qaraqalpaqstan Respublikası puqaralıq hám jınayıy isler boyınsha Joqarǵı sudı | |
| Ózbekstan Respublikası Qaraqalpaqstan Respublikası, wálayatlar hám Tashkent qalalıq ekonomikalıq sudı | Ózbekstan Respublikası hám Qaraqalpaqstan Respublikasınıń ekonomikalıq jumısların júrgiziw boyınsha sud organları |
| Wálayat sudları hám Tashkent qalalıq sudı, rayonlar aralıq, rayon hám qalalıq sudlar | Puqaralıq, jınayıy islerdi hám hákimshilik huqıq buzıwshılıq haqqındaǵı islerdi birinshi kórip shıǵıwdı ámelge asıradı (birinshi instanciya sudları). |

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Juwmaq shıǵaramız

**Ózbekstan Respublikasınıń sud sisteması:**

- sudlar – insan huqıqların qorǵawdaǵı tiykarǵı buwın;
- sud – ádil sudlawdı ámelge asırıwshı birden-bir hákimiyat organı;
- nızamlardı buzǵanı ushın jaza sharasın tek sud tayınlaydı;
- sudyalar – ǵárezsiz hám qol qatılmas, tek nızamǵa boysınadı;
- hákimshilik, puqaralıq hám jınayıy sud procesi, nızam aldında puqaralardıń teń ekenligi;
- Konstituciyalıq sud;
- ulıwma sudlar, ekonomikalıq sudları;
- principler: áshkaralıq, obyektivlik, nızamlılıq, ádillik.

## Ózińızdi sınań!

**1.** Ózbekstan Respublikası hám Qaraqalpaqstan Respublikası sud sistemasın qaysı sudlar quraydı?
**2.** Sud siteması túsinigine sıpatlama beriń.
**3.** Sud mámleket hákimiyatı organları sistemasında qanday roldi atqaradı?
**4.** Ózbekstan Respublikası sud organlarınıń tiykarǵı maqsetin bayan etiń.





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 25-§. ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ SUD ORGANLARÍ JUMÍSÍN SHÓLKEMLESTIRIW

**Tema ústinde islew nátiyjesinde:**

– ádil sudlawdı ámelge asırıwǵa qoyılatuǵın tiykarǵı talaplar haqqında;

– sudyalardıń huqıq hám minnetlemeleri, sudyalardı lawazımına tayınlawda olardıń shaxsına qoyılatuǵın talaplar haqqında bilip alasız;

**1. Adil sudlawdı ámelge asırıwdaǵı tiykarǵı talaplar.**

**2. Sudyalardıń huqıq hám minnetlemeleri.**

## 1. ÁDIL SUDLAWDÍ ÁMELGE ASÍRÍWDAǴÍ TIYKARǴÍ TALAPLAR

| | |
|---|---|
| **Obyektivlik** | Istiń qalıs hám biyǵarez qaralıwı |
| **Hár táreplemelik hám tolıq** | Kórilip atırǵan iske tiyisli barlıq anıqlanǵan faktlerdiń hár tárepleme kórip shıǵılıwı |
| **Nızamlılıq** | Konstituciya hám nızamlarǵa qatań muwapıq tárizde kórip shıǵılıwı hám qarar qabıllanıwı |
| **Májbúriylik hám ádillik** | Dálillerdi isenimli faktler menen tastıyıqlaw hám istiń barlıq tárepleri esapqa alıw |

Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyasında bárshe ushın májbúriy bolǵan mınaday qaǵıyda bekkemlep qoyılǵan: tek sud shaxstı jınayat islegenlikte ayıplı dep tabıwı hám nızamǵa muwapıq jaza sharasın belgilewi múmkin (19-statya).

Bunda jınayat islegenlikte ayıplanıp atırǵan hárbir adam qorǵanıw ushın barlıq jar'demler tamiyinlep beriletuǵın sudta isi nızamlı tártipte, ashkara kórip shıǵılıp, jınayatı anıqlanǵanǵa shekem ayıplı esaplanbaydı (Ózbekstan Respublikası Konstituciyası, 26-statya). Bunday juwapkerlikti anıqlaw tártibi **ayıpsızlıq prezumpciyası** dep ataladı.

***Tiykarǵı Nızam belgileydi***

Jınayat islegenlikte ayıplanıp atırǵan hárbir shaxstıń isi sudta nızamlı tártipte, áshkara kórip shıǵılıp, onıń ayıbı anıqlanbaǵansha ol ayıplı dep esaplanbaydı. Sudta ayıplanıp atırǵan shaxsqa ózin qorǵaw ushın barlıq sharayatlar jaratılıp beriledi.

**Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası, 26-statyadan.**

http://eduportal.uz



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## 1-tapsırma

*Sizińshe, sud talqılawında sudyadan tısqarı prokuror, advokat hám xalıq másláhátshisi, jámáát ayıplawshısı hám qorǵawshılarınıń qatnasıwı nızam menen qanday maqsette belgilengen?*

*Tómende keltirilgen hárbir jaǵday menen tanısıp shıǵıp, sud nege bunday qarar shıǵarǵanın sheshiń. Sud tárepinen ádil sudlawdı ámelge asırıw boyınsha talaplar buzılǵan ba yamasa kerisinshe me? Sudyanıń ornında bolǵanıńızda qanday qarar shıǵarǵan bolar edińiz?*

***1-jaǵday.***

Tájibaevlar shańaraǵı aǵzaları (ana, áke, eki ul hám bir aqlıq) ózleriniń materiallıq jaǵdayın jaqsılap alıw maqsetinde Tájikstannan Ózbekstanǵa narkotik zatlardı tasıp keliwge razı boldı. Nızamǵa qarsı júk bajıxana xızmetkerleri teksergende anıqlandı. Shańaraqtıń barlıq aǵzaları, sonnan, 16 jasar aqlıq, 70 jasar ana hár qıylı múddetke qamaldı.

***2-jaǵday.***

Puqara N. «Anxor» firmasınıń esapshısı joǵaltıp qoyǵan hújjetlerdi tawıp aldı. Hújjetlerdiń qaytarılıw esesine joǵaltıp qoyǵan júk hújjetlerinde jazıp qoyılǵan tovar bahasınıń 50 procentin talap etti. Uzaq kóndiriwlerden keyin firma basshıları N. dı kózboyawshılıqta ayıplap, onıń ústinen sudqa arza berdi. Sud N. dı ayıplı dep taptı hám onı úsh jıl azatlıqtan ayırıwǵa húkim etti.

***3-jaǵday.***

Basqarıwdı epley almaǵan puqara M. joldıń shetine shıǵıp ketti hám ol jerde turǵan puqara K. nıń avtomobiline zıyan keltirdi. Sudya puqara K. ǵa ózi ayıplı ekenligin, onıń mashinası qadaǵan etilgen orında turǵanlıǵın túsindirip, K. nıń arzasın qabıl etiwden bas tarttı.

## 2-tapsırma

*Tómendegi mashqalanı sheshiw boyınsha óz pikirińizdi bildiriń.*

Terrorshılıqta gúman etilip atırǵan shaxslardıń biri qolǵa tústi, biraq ol partlawshı qurılma qay jerge jaylastırılǵanın aytpadı. Ol óz aytıwı ushın qanday sharalardı qollanǵan bolar edińiz? Kúsh jumsaysız ba? Kerisinshe bolsa, ne sebepli?

Terrorshını qıynaǵan miliciya xızmetkeri jazalanıwı shárt pe?

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях



UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## 2. SUDYALARDÍŃ HUQÍQ HÁM MINNETLEMELERI

Ózbekstan Respublikasınıń sudyaları ǵárezsiz hám olardıń shaxsına qol qatılmaydı, yaǵnıy sudyalar hám xalıq másláhátshileri sudtıń isin tek nızam tiykarında hám olarǵa bolǵan hár qanday sırtqı tásirge baylanıssız sharayatta talqılaydı.

Mámleketlik organ xızmetkerleri, qálegen kásiptegi lawazımlı shaxslar hám puqaralar konkret islerdi qalay sheshiw haqqında sudqa kórsetpe beriwge haqısı joq. Qol qatılmaslıq principi sudyanıń ruxsatısız onıń xızmet bólmesine, úyine kiriwge, xat-xabarlarǵa kóz taslawǵa, nárseleri hám hújjetlerin kózden keshiriwge haqısı joq ekenligin ańlatadı.

### *Asosiy qonun belgilaydi*

Sudyalar ǵárezsiz bolıp esaplanadı, tek nızamǵa boysınadı. Sudyalardıń ádil sudlawın ámelge asırıw boyınsha jumısına qanday da bir tárizde aralasıwǵa jol qoyılmaydı hám bunday aralasıw nızamǵa muwapıq juwapkerlikke sebep boladı.

**Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası, 112-statyadan.**

Ózbekstan Respublikasınıń 30 jastan kishi bolmaǵan, joqarı yuridikalıq maǵlıwmatqa iye, yuridikalıq qánigelik boyınsha eń dáslep huqıqta qorǵaw organlarında bes jil miynet stajına iye bolǵan hám mamanlıq imtixanın tapsırǵan puqara rayonlar aralıq, rayon (qala) puqaralıq, jınayat, ekonomikalıq hákimshilik sudı sudyadı etip tayınlanıwı múmkin. sudyasi, xojalıq sudyası etip tayınlanıwı múmkin. Ózbekstan Respublikasınıń oficer dárejesine iye bolǵan, haqıyqıy áskeriy xızmetti ótep atırǵan puqarası áskeriy sudtıń sudyası bola aladı.

Ózbekstan Respublikası Konstituciyasına muwapıq sudyalar deputat bolıp saylana almaydı, siyasiy partiyalar hám háreketlerge tiyisli bola almaydı, sonday-aq sudya wazıypaların basqa bir haqı tólenetuǵın jumıs penen qosıp alıp barıwǵa haqısı joq.

Sudya jınayıy juwapkerlikke tartılǵan jaǵdayda eger óziniń lawazımına sáykes kelmeytuǵın jumıs penen shuǵıllanǵan jaǵdaylarda sudyalar tiyisli qánigeli kollegiyası qararı menen Ózbekstan Respublikası Joqarǵı sudyalar Keńesi usınısı boyınsha sudya wákillikleri toqtatılıwı, sudya májbúriy

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях

UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE
xarakterdegi medicinalıq sharalarǵa tartılıwı, sud qararı menen belgisiz sebepler boyınsha sudya bolmay turǵan dep tán alınıwı da múmkin.

**Sudyalardıń wákillikleri tómendegi jaǵdaylarda múddetinen aldın toqtatılıwı múmkin:** 1) Sudya antın buzǵanda; 2) jazba arza bergende; 3) sudyalar tiyisli qánige kollegiyası tárepinen eskertiw berilgennen yaki wákillikleri toqtatılǵannan keyin óz lawazımına sáykes kelmeytuǵın jumıs penen shuǵıllanǵan jaǵdaylarda; 4) belgilengen tártipke sóylesiwge uqıpsız yamasa uqıbı sheklengen dep tán alınsa; 5) Ózbekstan Respublikası puqaralıǵınan ayrılǵanda; 6) sudtıń ayıplaw húkimi oǵan qarata kúshke kirgende; 7) qaytıs bolǵanda yamasa sud qararı menen ólgen dep járiyalansa; 8) salamatlıǵı halatı yamasa uzaq waqıt dawamında basqa keshirimli sebepler menen sudya minnetlemelerin atqarıwǵa uqıplı bolmaǵan jaǵdayda; 9) eger, basqa sudya lawazımın iyelewge razılıq bermegen jaǵdayda sud baslıǵı wákillikleri múddeti tamalanǵanda.

### *1-tapsırma*

*Sizińshe, tómende keltirilgen jaǵdaylardan qaysı birinde sudya tárepinen nızamnıń buzılıwına jol qoyılǵan?*

***1-jaǵday.***

Piyadalar jolınan ótip baratırǵanda qaptalınan zuwlap baratırǵan avtomobil puqara S. tiń ústine ılay shashıratıp ketti. Jábirleniwshi bul máseleni ózi sheshiwi múmkin, sudlar bunday júdá áhmiyetli emes is penen shuǵıllanbaydı dep esaplaǵan sudya arzanı qabıl etiwden bas tarttı.

*Sudtıń qararına múnásibetińiz qanday?*

***2-jaǵday.***

Puqara Sh. puqara N. nan 50.000 sum óndirip beriliwi haqqında sudqa murajat etti. Sol waqıttıń ózinde N. bul summanı qalıń sıpatında alǵanı, sońınan qızın Sh. nıń balasına beriwden bas tartqanı anıqlandı.

*Sudya qanday jol tutıwı kerek?*

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях

UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE




## *Juwmaq shıǵaramız*

**Sudlaw sisteması principleri hám ózine tánlikleri:**

- Ayıpsızlıq prezumpciyası – ayıplılıq tek sud tárepinen belgileniwi;
- «Sudlar haqqında»ǵı Nızam;
- nızamlılıq;
- áshkaralıq;
- sudyalardıń ǵárezsizligi;
- Konstituciyalıq sud – nızamlar, pármanlar, qararlardıń Konstituciyaǵa muwapıqlıǵın anıqlaw.

## *Ózińizdi sınań!*

1. Ádil sudlawdı ámelge asırıwda qoyılatuǵın nızamlı talaplardı aytıń.
2. Sudyalardıń ǵárezsizligi hám tek nızamǵa boysınıwı principi qalay ámelge asırıladı?
3. Konstituciyalıq sudtıń tiykarǵı wazıypasın aytıń.
4. Kim qala yaki rayon sudı, áskeriy sud, Konstituciyalıq sudtıń sudyası bolıwı múmkin?

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 26-§. ÁMELIYAT SABAĆÍ KONSTITUCIYALÍQ SUD MÁJILISI

**Tema ústinde islew nátiyjesinde:**

– Konstituciyalıq sud majlisi ótkeriletuǵın basqıshlar izbe-izligi haqqında;

– Konstituciyalıq sud qatnasıwshılarınıń huqıqları hám minnetlemeleri menen tanıstırıw haqqında;

– Sud hákimiyatı organları jumısı konstituciyalıq principleri haqqında.

– Xalıq aldında shıǵıwlarda óz sheberlik hám kónlikpelerińizdi jáne de jetilistiriw hán alınǵan bilimlerdi ámeliyatta qollanıw imkaniyatları haqqında bilip alasız.

**1. Konstituciyalıq sud wákillikleri.**
**2. Sud majlisin ótkeriwge tayarlıq.**
**3. Sud majlisin ótkeriw.**
**4. Mashqalanı talqılaw.**
**5. Qarar qabıl etiw.**
**6. Juwmaqlar shıǵarıw.**

## 1. KONSTITUCIYALÍQ SUDTÍŃ WÁKILLIKLERI

Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyalıq sudı konstituciyalıq qadaǵalawdıń joqarǵı sud organı esaplanadı (Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası, 108-statya). Ulıwma sudlar sıyaqlı ol da elimiz xalqı huqıqların qorǵaydı.

Biraq sudlardıń basqa túrlerinen ayırmashılıǵı konstituciyalıq sud sudyaları ayrıqsha shaxslar arasındaǵı konkret islerdi talqılamaydı.

Konstituciyalıq sud sudyalarınıń baslı wazıypası Oliy Majlis járiyalaǵan nızamlardıń, Ózbekstan Respublikası Prezidenti pármanlarınıń, Húkimet qararlarınıń hám basqa nızam hújjetleriniń Tiykarǵı nızamǵa – elimiz Konstituciyasına muwapıqlıǵın anıqlawdan ibarat.

**Ózbekstan Respublikası Konstituciyasınıń 109-statyasına muwapıq Konstituciyalıq sud:**

1) Ózbekstan Respublikası nızamlarınıń hám Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisi palataları qararlarınıń, Ózbekstan Respublikası Prezidenti pármanlarınıń, qararları hám biylikleriniń, húkimet, jergilikli


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE
hákimiyat organları qararlarınıń, Ózbekstan Respublikası mámleketler aralıq shártnamalı hám basqa minnetlemeleriniń Ózbekstan Respublikası Konstituciyasına muwapıqlıǵın anıqlaydı;

2) Ózbekstan Respublikası Prezidenti tárepinen qol qoyılǵanǵa shekem Ózbekstan Respublikası konstituciyalıq nızamlarınıń, Ózbekstan Respublikası xalıqaralıq shártnamaların ratifikaciya qılıw haqqındaǵı Ózbekstan Respublikası nızamlarınıń Ózbekstan Respublikası Konstituciyasına muwapıqlıǵın anıqlaydı;

3) Qaraqalpaqstan Respublikası Konstituciyasınıń Ózbekstan Respublikası Konstituciyasına, Qaraqalpaqstan Respublikası nızamlarınıń Ózbekstan Respublikası nızamlarına muwapıqlıǵı haqqında juwmaq beredi;

4) Ózbekstan Respublikası Konstituciyası hám nızamları normalarına sholıw jasaydı;

5) Ózbekstan Respublikası Joqarǵı sudınıń belgili bir iste qollanılıwı lazım bolǵan normativ-huqıqıy hújjetlerdiń Ózbekstan Respublikası Konstituciyasına muwapıqlıǵı haqqında sudlar baslaması menen kirgizilgen múrajattı kórip shıǵadı;

6) konstituciyalıq sudlaw islerin júrgiziw ámeliyatın ulıwmalastırıw nátiyjeleri boyınsha hár jılı Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisi palatalarına hám Ózbekstan Respublikası Prezidentine mámlekettegi konstituciyalıq nızamlılıqtıń halatı haqqında málimleme usınadı;

7) Ózbekstan Respublikası Konstituciyası hám nızamları menen berilgen wákillik sheńberinde basqa jumıslardı da kórip shıǵadı.

Konstituciyalıq sudtıń hújjeti rásmiy járiyalanǵan kúnnen baslap kúshke kiredi. Konstituciyalıq sudtıń qararı qatań hám ústinen shaǵım etiw múmkin emes.

**Tapsırma**

*Konstituciyalıq sudtıń májilisin ótkeriń. Kóz aldıńızǵa keltiriń, húkimettiń 12 jıllıq májbúriy bilim beriwdi biykarlaw haqqındaǵı bazar ekonomikasına ótiwi menen túsindirilgen qararı qabıl etilgen, usı múnásibet penen hár kim óziniń bilim alıw dárejesi haqqındaǵı máseleni ózi sheshiwi múmkin.*

*Usı huqıq buzıwshılıq Ózbekstan Respublikası Konstituciyasına sáykes kele me?*

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях

UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Konstituciyalıq sudtıń májlisi tómendegishe ótkeriliwi múmkin:**

**I. Tayarlıq basqıshı.** Klass bólmesi sud májlisi zalın esletetuǵın jaǵdaydı jaratıń. (bilim alıwshılardıń bes toparı ushın stollar – hárbir topar Konstituciyalıq sudtıń bir sudyasın ańlatadı, baslıq ushın stol, bayanatshılar ushın minber).

**II. Májlisti ótkeriw.** Baslıq bilim alıwshılardı kórip shıǵılatuǵın máseleler menen támiyinleydi, reglamentti anıqlastıradı hám toparlarǵa talqılaw ushın waqıt beredi. Qarar qabıl etilip atırǵanda oqıwshılar Ózbekstan Respublikası Konstituciyasınıń konkret statyalarına názer taslawı lazım.

**III. Mashqalanı talqılaw.** Hár topardan bayanatshı belgilenedi, ol 2-3 minut dawamında topardıń usı mashqala boyınsha kózqarasın sáwlelendiredi. Onı sheshiw ushın oqıwshılar nızam shıǵarıwshılarǵa talqılanıp atırǵan toqtamǵa dúzetiwler, nızamnıń jańa statyası joybarın usınıwı yamasa usı toqtamdı biykarlawın talap etiwi múmkin. Talqılaw waqtında basqa toparlardıń qatnasıwshıları soraw beriwi múmkin.

**IV. Qarar qabıl etiw.** Konstituciyalıq sudta qarar ápiwayı kópshilik dawıs penen qabıl etiledi.

**V. Juwmaqlar shıǵarıw.** Mashqalanıń talqılanıw barısın bahalań: talqılanıp atırǵan qarardıń paydasına yamasa oǵan qarsı argumentler qanshelli tiykarlı boldı, júzege kelgen mashqalanı bunday tallaw qanshelli nátiyjeli boldı?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях

UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



## ARALÍQ QADAĠALAW USHÍN SORAWLAR

*Qıynalġanda qawsırma ishinde kórsetilgen sabaqlıq betlerine múrajat etiń.*

1. Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń mámleket basshısı sıpatındaġı tiykarġı wazıypaların aytıp beriń (120–121-b.)
2. Ózbekstan Respublikası Prezidenti etip kim saylanıwı múmkin? (123-b.)
3. Ózbekstan Respublikası Prezidentin saylaw tártibin aytıp beriń (123-b.)
4. Ózbekstan Respublikası Prezidenti wákillikleri qanday jaġdaylarda toqtatıladı? (123-b.)
5. Óz wákilligi toqtaġannan soń Prezident qaysı lawazımdı iyelewi múmkin? (124-b.)
6. Ózbekstan Respublikasındaġı atqarıw hákimiyatı organların aytıp beriń (125-b.)

7) Atqarıw hákimiyatı organlarınıń tiykarġı funkciyasın aytıń (125-b.)
8) Ózbekstan Respublikası Húkimetiniń tiykarġı wákilliklerin sanap beriń (125-b.)
9) Xalıq deputatları Keńesleri qanday mashqalalardı sheshedi? (130-b.)

10. Xalıq deputatları Keńeslerine kim basshılıq etedi? (130-b.)
11. Wálayat, qala yaki rayon hákimi minnetlemelerin sanań (131-b.)
12. «Puqaralardıń ózin-ózi basqarıwı» túsinigine sıpatlama beriń (134-b.)
13. Qalalar máhálleleri, qalashalar, awıllardaġı ózin-ózi basqarıw organın aytıń (134-b.)
14. Puqaralar jıyınlarınıń jumıslarınıń tiykarġı baġdarları boyınsha qanday komissiyalar bar? (136-b.)
15. Ózbekstan Respublikasında sud hákimiyatı sudlawdıń qaysı túrleri arqalı ámelge asırıladı? (139-b.)
16. Ózbekstan Respublikası sud sisteması qaysı sudlardan dúzilgen? (140-b.)
17. Ózbekstan Respublikası Konstituciyalıq sudı qanday jumıslardı kórip shıġadı? (141-b.)
18. Ózbekstan Respublikası sud organlarınıń tiykarġı maqsetin aytıń (142-b.)
19. Ádil sudlawdı ámelge asırıw procesinde nızamlarġa qoyılatuġın tiykarġı talaplardı aytıp beriń (145-b.)
20. Ayıpsızlıq prezumpciyası degenimiz ne? (145-b.)
21. Kim qala hám rayonlar aralıq sud, rayon (qala) sudı yaki ekonomikalıq sud sudyası bolıwı múmkin? (147-b.)
22. Sudyanıń wákillikleri qanday jaġdayda toqtatılıwı múmkin? (148-b.)
23. Sud hákimiyatı jumısınıń konstituciyalıq principlerin sanap beriń (149-b.)

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# V bólim

# KONSTITUCIYA – ELDE DEMOKRATIYANÍ RAWAJLANDÍRÍW KEPILLIGI

> ***Biz elimiz turmısına tiyisli hár bir qarardı xalqımız benen másláhátlesip, tikkeley sóylesiw tiykarında qabıl etpektemiz.* «Xalıq mámleket organlarına emes, al mámleketlik organlar xalqımızǵa xızmet etiwi kerek»** degen ideya bul boyınsha jumısımız ólshemine aylanbaqta.
>
> ***Shavkat Mirziyoev***

## 27-§. ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍNDAǴÍ SAYLAW SISTEMASÍ

**Tema ústinde islew nátiyjesinde:**

– demokratiyalıq mámlekette saylawlardıń áhmiyeti haqqında;

– hárekettegi saylaw sistemaları, olardıń principleri hám nátiyjeliligi haqqında;

– Ózbekstan Respublikasındaǵı saylaw sistemasınıń ózgeshelikleri haqqında bilip alasız.

**1. Ulıwma xalıqlıq saylaw – eldiń rawajlanıw jolın tańlaw.**
**2. Saylawdıń qaysı modeli jaqsıraq?**
**3. Demokratiyalıq saylaw principleri.**

### 1. ULÍWMA XALÍQLÍQ SAYLAW – ELDIŃ RAWAJLANÍW JOLÍN TAŃLAW

Ulıwma xalıqlıq saylaw jolı menen mámleket hákimiyatı organların qáliplestiriw demokratiyalıq huqıqıy mámlekettiń áhmiyetli belgilerinen biri esaplanadı. Hárbir puqara óz dawısın bergen waqıtta hákimiyatqa dawagerlik etip atırǵan adamlarǵa, siyasiy partiyalarǵa óz múnasibetin bildiredi. Ol saylap qoyılatuǵın organlardı qáliplestiriwde qatnasıwǵa, yaǵnıy olardıń quramına saylaw hám saylanıwǵa haqılı esaplanadı.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях

UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## *Tiykarǵı Nızam belgileydi*

Ózbekstan Respublikasınıń puqaraları mámleketlik hákimiyat wákillik organlarına saylaw hám saylanıw huqıqına iye. Hárbir saylawshı bir dawısqa iye. Dawıs beriw huqıqı óz erk-qálewin bildiriw teńligi hám erkinligine nızam menen kepillik beriledi. Ózbekstan Respublikasınıń on segiz jasqa tolǵan puqaraları saylaw huqıqına iye.

Sud tárepinen sóylew uqıbı joq dep tabılǵan puqaralar, sonday-aq sud húkimi menen azatlıqtan ayırıw orınlarında saqlanıp atırǵan shaxslar saylanıwı múmkin emes hám saylawda qatnaspaydı.

**Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası, 117-statyadan.**




«Saylaw» ataması dawıs beriw jolı menen saylap qoyılatuǵın hákimiyat organların qáliplestiriwdi ańlatadı. Solay eken, eń ılayıqlısın saylaw imkaniyatı tuwılıwı ushın bir neshe talabanlar bolıwı kerek. Bunday saylaw **alternativalı saylaw** dep ataladı. Alternativ bolmaǵanda saylawshılarda usınıs etilgen talabannan bas tartıw imkaniyatı bolıwı lazım.

## 2. SAYLAWDÍŃ QAYSÍ MODELI JAQSÍRAQ?

Saylawlar óz-ózinen demokratiyaǵa kepil bola almaydı. Sol sebepli saylaw sisteması áhmiyetli bolıp esaplanadı.

**Saylaw sisteması** – mámleketlik hákimiyat wákillik organlarına hám mámleket prezidentin saylaw tártibi bolıp tabıladı.

Xalıqaralıq ámeliyatta saylaw sistemasınıń hár qıylı modelleri bar, bular: majoritar hám proporcional.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Majoritar** sistemada saylawshılardıń nızam menen belgilengen kópshilik dawısın (keminde 51% + 1 dawıs) alǵan talaban sol saylaw okrugi boyınsha saylanǵan esaplanadı.

Eger talaban saylawlarda qatnasqan saylawshılar dawısınıń yarımınan kemin alsa, eń kóp dawıs alǵan eki talaban qatnasatuǵın ekinshi basqısh ótkeriledi. Ekinshi basqıshta eń kóp dawıs sanın alǵan talaban saylanǵan esaplanadı.

**Proporcional** saylaw sisteması tiykarına saylawshılar tárepinen partiya ushın berilgen dawıslar hám partiya tárepinen alınǵan deputat wákillikleriniń nızamlılıǵına gúwalıq beretuǵın hújjetler arasındaǵı proporcionallıq principi qoyılǵan.

Bunday sistemada siyasiy partiyalar tárepinen familiyasına qarap emes, al dizimler menen kórsetiledi hám saylawshılar ulıwmalıǵınsha ol yamasa bul partiyanıń dizimine dawıs beredi.

Ózbekstan Respublikasınıń saylaw sistemasın tańlap alıwda elimizde qáliplesken dástúrler hám siyasiy sistemanıń rawajlanıw dárejesi esapqa alınǵan. Kópshilik huqıqtanıwshı alımlar hám siyasatshılar elimizde majoritar sistemadan paydalanıw kóbirek maqsetke muwapıq dep esaplaydı, óytkeni ol qollanıwda bir qansha ápiwayı hám turaqlı siyasiy tártip sharayatında ásirese nátiyjeli esaplanadı, degen juwmaqqa keldi.

## 3. DEMOKRATIYALÍQ SAYLAW PRINCIPLERI

Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası hám «Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisine saylawlar haqqında»ǵı Nızamı saylaw sistemasınıń negizi bolıp, olarda saylaw sistemasınıń demokratiyalıq principleri bekkemlep qoyılǵan.

**Ulıwmalıq principi** hám saylawshılar ushın, hám talabanlar ushın dizimnen ótiwdiń ashıq ekenligin támiyinleydi. Saylaw ótkeriletuǵın kúnde 18 jasqa tolǵan puqaralarǵa saylawda qatnasıw huqıqı beriledi.

Saylaw uchastkaları jumısınıń shólkemlestiriliwi de saylaw huqıqı ulıwmalıǵınıń kepilligi bolıp xızmet etedi. Ol saylawshılarǵa maksimal qolaylı jaǵdaylar jaratıp beriletuǵın bir tárizde shólkemlestiriledi: saylaw uchastkaları jasaw orınlarına tikkeley jaqın jaylasadı; saylaw dem alıs

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE
kúnine belgilenedi hám azanda saat 6 dan keshki saat 20 ǵa shekem dawam etedi; dawıs beretuǵın orın haqqında hárbir saylawshıǵa bildiriledi; tıǵılıs, gezekte turmaw hám dawıs beriw ushın basqa tosqınlıqlar bolmawı maqsetinde dawıs beriw ushın zárúrli muǵdarda kabinetler úskenelenedi.

Egerde densawlıǵına baylanıslı yamasa basqa sebepler menen saylawshılar saylaw uchastkalarına kele almasa, olardıń ótinishi menen dawıs beriw ózleri jasaytuǵın orınlarda shólkemlestiriledi.

Saylawshılardan hár biri familiyaları dizimge kirgizilgeni hám de ózleri haqqındaǵı maǵlıwmatlardıń durıs ekenligine isenim payda etiwi ushın saylaw uchastkalarında tanısıp shıǵıw maqsetinde saylawshılardıń dizimleri  ildirip qoyıladı.

Teńlik principi hárbir saylawshınıń dawısı teń kúshke iye ekenligin ańlatadı.

Jasırınlıq principi dawıs beriw shetten qanday da qadaǵalaw bolmawı hám basqalardıń qatnasıwısız dawıs beriw imkaniyatına saylawshıǵa kepillik beredi. Dawıs beriwdiń jasırın bolıwın támiyinlew maqsetinde saylawshı arnawlı tayarlanǵan kabinaǵa kiredi, saylaw byulletenlerin toltıradı, yaǵnıy saylawshı dawıs berip atırǵan deputatlıqqa talabannıń tuwrısına, oń tárepte jaylasqan bos kvadratqa  belgi – qosıw belgisin qoyadı hám óz qolı menen saylaw qutısına taslaydı.

Járiyalılıq principi saylaw waqtında nızam buzıwshılıq  imkaniyatın shekleydi, dawıslar sanalıp atırǵanda hám rásmiy nátiyjelerdi járiyalap atırǵanda hadallıq bolıwın támiyinleydi.




*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## *Tiykarǵı Nızam belgileydi*

Ózbekstan Respublikası Prezidenti saylawı, Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Nızamshılıq palatasına hám de Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Kengesine, wálayatlar, rayonlar, qalalar mámleketlik hákimiyatı wákillik organlarına saylaw tiyislisinshe olardıń konstituciyalıq wákillik múddeti tamamlanatuǵın jılı — dekabr ayınıń úshinshi on kúnliginiń birinshi ekshembisinde ótkeriledi. Saylawlar ulıwma, teń hám tikkeley saylaw huqıqı tiykarında jasırın dawıs beriw jolı menen ótkeriledi. Ózbekstan Respublikasınıń on segiz jasqa tolǵan puqaraları saylaw huqıqına iye esaplanadı.

Ózbekstan Respublikası puqarası bir waqıttıń ózinde ekiden artıq mámleketlik hákimiyat wákillik organınıń deputatı bolıwı múmkin emes.

Ózbekstan Respublikası Prezidenti saylawın, Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisine saylawdı, sonday-aq, Ózbekstan Respublikası referendumın shólkemlestiriw hám ótkeriw ushın Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisi tárepinen jumısınıń tiykarǵı principleri ǵárezsizlik, nızamlılıq, kollegiallıq, járiyalılıq hám ádillikten ibarat bolǵan Ózbekstan Respublikası Oraylıq saylaw komissiyası dúziledi.

Ózbekstan Respublikası Oraylıq saylaw komissiyası óz jumısın turaqlı tiykarda ámelge asıradı hám óz iskerliginde Ózbekstan Respublikasınıń saylaw haqqındaǵı hám de referendum haqqındaǵı nızamlarına hám basqa nızamlarǵa ámel qıladı.

Ózbekstan Respublikası Oraylıq saylaw komissiyasınıń aǵzaları Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Kengesiniń, xalıq deputatları wálayatlar hám Tashkent qalası Keńesleriniń usınısı boyınsha Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Nızamshılıq palatası hám Senatı tárepinen saylanadı.

Ózbekstan Respublikası Oraylıq saylaw komissiyasınıń Baslıǵı komissiya aǵzaları arasınan Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń usınısı boyınsha komissiya majlisinde saylanadı.

**Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası, 117-statyadan.**

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Juwmaq shıǵaramız

**Saylaw sistemasi:**

- mámleketlik hákimiyat organların ulıwma xalıqlıq saylawlar arqalı qáliplestiriw;
- dawıs beriw – hákimiyatqa dawagerlik etip atırǵan hár qıylı shaxslar hám partiyalarǵa múnasibetin bildiriw forması;
- saylaw huqıqı – 18 jastan baslap, mámleket puqaraları;
- saylaw huqıqınan ayırılǵanlar: huqıqıy qatnasqa uqıpsızlar, qamaqxanalarda saqlanıp atırǵanlar;
- majoritar hám proporcional saylaw sisteması;
- ulıwma, teń, tikkeley saylaw huqıqı;
- jasırın dawıs beriw;
- qadaǵalaw: saylawlarda baqlawshılardıń tayar bolıwı;
- saylaw haqqındaǵı nızamdı buzǵanı ushın jınayıy juwapkerlik.

## Ózińızdi sınań!

**1.** Jasırın dawıs beriw waqtında ulıwma, teń, tikkeley saylaw huqıqı neni ańlatadı?
**2.** Ózbekstan Respublikasında kim saylaw huqıqına iye?
**3.** Saylaw komissiyası jumısında járiyalılıq qanday rol oynaydı?
**4.** Ózbekstanda qaysı saylaw sisteması modeli qabıl etilgen?
**5.** Ózbekstan Respublikasınıń saylaw haqqındaǵı nızam hújjetleri puqaralarǵa qanday huqıqlardı beredi?

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях

UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 28-§. ÁMELIYAT SABAǴÍ
# ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ OLIY MAJLIS DEPUTATLARÍ HÁM SENATORLARÍN SAYLAW

**Tema ústinde islew nátiyjesinde:**
– saylaw kampaniyasın ótkeriw tártibi haqqında;
– dawıs beriw mexanizmi haqqında;
– saylaw procesine hár qıylı qatnasıwshılardıń roli haqqında bilip alasız.

**1. Oliy Majliske deputatlar hám senatorlar saylawın ótkeriw tártibi.**
**2. Mektep Keńesi saylawı.**

## 1. OLIY MAJLISKE DEPUTATLAR HÁM SENATORLAR SAYLAWÍN ÓTKERIW TÁRTIBI

**Ózbekstan Respublikasınıń «Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisine saylawlar haqqında»ǵı hám «Wálayat, rayon hám qalalıq keńesine saylaw haqqında»ǵı nızamlarına muwapıq saylaw procesleri tómendegi basqıshlardan ibarat boladı:**

**1.** Saylaw kúnin belgilew.
**2.** Oraylıq saylaw komissiyasın shólkemlestiriw.
**3.** Saylaw okrugları, uchastkaların dúziw.
**4.** Saylaw komissiyasın dúziw.
**5.** Saylaw kampaniyası baslanǵanlıǵın járiyalaw.
**6.** Deputatlıqqa talabanlardı kórsetiw hám dizimge alıw.
**7.** Saylaw aldı úgit-násiyat júrgiziw.
**8.** Saylawshılardıń dizimin dúziw.
**9.** Saylawlardıń byulletenin tayarlaw.
**10.** Dawıs beriw hám saylaw nátiyjelerin anıqlaw.
**11.** Deputatlardı dizimge alıw hám saylaw nátiyjelerin járiyalaw.
**12.** Talabanlar jeterli dawıs almaǵan saylaw uchastkalarında qayta saylaw ótkeriw.

.Prezidentlikke hám de Oliy Majlis Nızamshılıq palatası deputatlıgına hám Oliy Majlis Senatı aǵzalıǵına saylawlar bolıp ótti. Mámleket basshısı hám mámleketlik joqarǵı organları deputatları hám senatorları saylandı, yaǵnıy saylaw uchastkalarına kelgenlerdiń kópshiligi olar ushın dawıs berdi.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

*Sizińshe, mine usı kópshilik qatarına kiretuǵın saylawshı siyasiy jaqtan qanday orınǵa iye?*

Álbette, kópshilik jaǵdaylarda bul adam eldiń siyasiy turmısın dıqqat penen baqlap baradı. Hákimiyat basında kim turǵanlıǵı hám ózi jasap atırǵan eldiń keleshegi qanday bolatuǵını oǵan báribir bolmaǵanlıǵı ushın da solay isleydi.

Óytkeni, huqıqıy mámleket qurıw tájiriybesi eldiń nızam shıǵaratuǵın organına hám orınlardaǵı hákimiyattıń wákillik organlarına kóp nárse baylanıslı ekenliginen derek beredi. Deputatlar hám senatorlar nızamlardı tayarlaydı hám tastıyıqlaydı, olarǵa boysınılıwı ústinen qadaǵalaw alıp baradı, eldiń byudjetin dodalaydı hám tastıyıqlaydı, atqarıwshı hákimiyattıń eń juwapkerli wákillerin lawazımına tastıyıqlaydı, Konstituciya, nızam hújjetleri hám Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń pármanlarınıń ámelge asırılıwına járdem beredi.

## 2. MEKTEP KEŃESIN SAYLAW

Mektepti kishkene bir mámleketke uqsatıw múmkin. Saylawdı ótkeriw tártibin úyrenip, mekteptiń ózin-ózi basqarıw organı – mektep keńesin saylawǵa háreket etiń.

Mektep keńesine talabanlar ózleriniń mektep turmısı hám reformaların ótkeriwdiń real baǵdarlamaların islep shıǵıwı lazım. Bilim alıwshınıń insan qádirin húrmet etetuǵın mektep tártibin saqlaw boyınsha óz usıllarıńızdı usınıń. Oqıtıwshılar hám bilim alıwshılardıń huqıqların hám minnetlemelerin baǵdarlamaǵa kirgiziń.

Olardıń baǵdarlamaların talqılaǵannan keyin talabanlar saylawın ótkeriw ushın Ózbekstan Respublikasınıń «Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisine saylaw haqqında»ǵı Nızamına muwapıq úsh toparǵa bóliniń.

– saylaw komissiyası;
– partiyalar hám olardıń talabanları;
– ǵalaba xabar quralларınıń wákilleri.

### I basqısh: Saylaw aldı kampaniyasına tayarlıq

**Saylaw komissiyası aǵzaları**

Topardıń komissiya baslıǵı hám xatkerin saylaydı, saylaw ótkeriletuǵın orındı belgileydi, saylawshılar dizimin dúzedi, saylaw byulleteni, dawıslardı esaplaw protokolı formasın tayarlaydı, dawıs beriw bólmesi, saylaw qutısı hám basqa buyımlardıń tayarlanıwın támiyinleydi.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях

UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Partiyalar hám olardıń talabanları**

Topar keminde eki partiya dúzedi, olardıń bağdarlamaların tayarlaydı, saylaw aldı bağdarlamaları taktikasın islep shığadı, mektep keńesi ağzalığına talabanlardı kórsetedi, talabanlardı jaqlap listoklar shığaradı, olardıń saylawshılar aldındağı sózlerin tayarlaydı.

Klaslaslarıńızdı Siziń bağdarlamańız eń jaqsısı ekenine isendiriń.

**Ǵalaba xabar qurallarınıń wákilleri**

Topar talabanlarınan, saylawshılardan, saylaw komissiyası ağzalarınan intervyu aladı, saylaw aldı kampaniyasınıń barısın sáwlelendiretuğın materiallar tayarlaydı.

## II basqısh: Saylaw aldı kampaniyası

Saylaw komissiyası ağzaları saylawshılardıń dizimin aladı.

Partiyalar talabanlar hám de olardıń saylaw aldı bağdarlamaları haqqında gúrriń etetuğın plakatlardı ildirip shığadı, qağazlar tarqatadı, úgitlew júrgizedi. Al, isenimli wákiller ózleriniń bağdarlama boyınsha bayanatları menen sóz sóyleytuğın óz talabanların tanıstıradı.

Sonnan keyin talabanlar saylawshılar, ǵalaba xabar qurallarınıń wákilleri, óz qarsılası sorawlarına juwap beredi.

## III basqısh: Saylaw

Saylaw uchastkasına birinshi bolıp saylaw komissiyası ağzaları, partiyalardan baqlawshılar, ǵalaba xabar qurallarınıń wákilleri mirát etiledi.

Saylaw komissiyası uchastkada jumıslardı shólkemlestiredi. Saylawshılar dawıs beriwge qatnasadı. Sonnan keyin barlıq qatnasıwshılardıń aldında saylawdıń juwmaqları járiyalanadı.

***Ózińızdi sınań!***

1. Saylaw procesinde saylawshı qanday rol oynaydı?
2. Saylaw kampaniyası dáwirinde ǵalaba xabar qurallarınıń wazıypası nelerden ibarat?
3. Siz bolajaq saylawshı sıpatında nelerdi úyrendińiz?
4. Mektep keńesinde ótkerilgen saylaw barısında ózińiz hám óz klaslaslarıńızdıń qatnasıwın qalay bahalaysız?

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 29-§. ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍNÍŃ PROKURATURA ORGANLARÍ

**Tema ústinde islew nátiyjesinde:**

– nızamlardıń orınlanıwı ústinen qadaǵalaw boyınsha prokuratura organlarınıń xızmeti haqqında;

– prokuratura xızmetkerleriniń huqıqları hám minnetlemeleri haqqında;

– Ózbekstan Respulikasında prokuratura organları xızmetiniń ózgeshelikleri haqqında bilip alasız.

**1. Prokuror – nızam qorǵawshısı.**
**2. Prokuratura organları.**
**3. Prokuror qadaǵalawına tiyisli hújjetlerdiń túrleri.**

## 1. PROKUROR – NÍZAM QORǴAWSHÍSÍ

Latınsha *«prokuror»* sóziniń awdarması *«ǵamxorlıq etiw»* degen mánisti ańlatadı. Bunday jaǵdayda bul sóz mámlekettiń barlıq nızamlarına anıq hám sózsiz boysınıwı boyınsha ǵamxorlıq etiw mánisinde qollanıladı.

Prokuratura organları puqaralardıń mámleket hám jámiyetlik shólkemlerge arzaları hám shaǵımların, múrájatların kórip shıǵadı, zıyan keltirilgen huqıqlardıń tikleniwi boyınsha ilajlar kóredi hám puqaralar hám de shólkemlerdiń nızamlı máplerin qorǵaydı.

Prokuratura organları sud sistemasına kirmeydi hám sudtan ǵárezsiz. Sud májilisinde qatnasıw barısında prokuror mámleket atınan **prokurorlıq qadaǵalawdı** ámelge asıradı, yaǵnıy sudlardıń háreketlerinde nızamnıń buzılıwına jol qoyılǵanlıǵı yamasa kerisinshe ekenligin anıqlaydı.

Sud tárepinen nızamǵa sáykes kelmeytuǵın qarar qabıl etilgende prokuror joqarı turatuǵın sudqa protest penen, yaǵnıy sudtıń sol qararın nızamǵa muwapıq emes tárizinde dep qayta kórip shıǵıw talabı menen múrájat etedi. Hátte sud qararı kúshke kirgennen keyin de prokuratura organları qamaqqa buyırılǵanlardıń huqıqları olardı qamaqta saqlaw orınlarında buzılmawı ústinen qadaǵalaw júrgizedi.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях

UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

***Tiykarǵı Nızam belgileydi***

Ózbekstan Respublikası aymaǵında nızamlardıń anıq hám bir qıylı orınlanıwı ústinen qadaǵalawdı Ózbekstan Respublikası Bas prokurorı hám oǵan boysınıwshı prokurorlar ámelge asıradı.

**Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası, 118-statya.**

**ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍNDA PROKURATURA ORGANLARÍNÍŃ TIYKARǴÍ WAZÍYPALARÍ:**

- Nızam ústinligin támiyinlew;
- Jámiyet hám mámleket máplerin qorǵaw;
- Nızamshılıqtı bekkemlew;
- Ózbekstan Respulikası konstituciyalıq dúzimin qorǵaw;
- Puqaralardıń huqıq hám erkinliklerin qorǵaw;
- Nızambuzıwshılıqlardan eskertiw hám profilaktika isleri.

## 2. PROKURATURA ORGANLARÍ

Ózbekstan Respublikası Konstituciyasınıń 119-statyasına muwapıq prokuratura organlarınıń oraylasqan birden-bir sistemasına Ózbekstan Respublikası Prezidenti tárepinen tayınlanatuǵın hám lawazımınan azat etiletuǵın Ózbekstan Respublikası Bas prokurorı basshılıq etedi.

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń Ózbekstan Respublikası Bas prokurorı lawazımına tayınlaw hám lawazımınan azat etiw haqqındaǵı Pármanı Ózbekstan Respublikası Oliy Majlis Senatı tárepinen tastıyıqlanadı.

Qaraqalpaqstan Respublikası prokuraturasına Ózbekstan Respublikası Bas prokurorı menen kelisilgen halda Joqarǵı Keńes tárepinen tayınlanatuǵın Qaraqalpaqstan Respublikası prokurorı basshılıq etedi. Ol Ózbekstan Respublikası Bas prokurorı hám Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesi aldında juwapker esaplanadı.

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Qalalar, rayonlar hám wálayatlardıń prokurorları Ózbekstan Respublikası Bas prokurorı tárepinen tayınlanadı.

Ózbekstan Respublikası Bas prokurorı, Qaraqalpaqstan Respublikası prokurorı, wálayatlar, rayonlar hám qalalar prokurorlarınıń wákillik múddeti – bes jıl.

### *1-tapsırma*

*Sizińshe, respublikada prokurordı tayınlawdıń nege bunday tártibi qabıl etilgen? Siz qaysı usıldı (tańlaw, imtixan boyınsha saylaw hám basqalar) usınıs etken bolar edińiz? Óz juwabıńızdı tiykarlap beriń.*

**Prokuratura organları sisteması:**

- Ózbekstan Respublikası Bas prokuraturası;
- Qaraqalpaqstan Respublikası prokuraturası;
- wálayatlar hám Tashkent qalası prokuraturası;
- rayonlar hám qalalar prokuraturaları;
- wálayat prokuraturasına teńlestirilgen Ózbekstan Respublikası Áskeriy prokuraturası, Ózbekstan Respublikası Transport prokuraturası;
- rayon prokuraturalarına teńlestirilgen áskeriy okruglar, aymaqlıq áskeriy, transport hám qánigelestirilgen prokuraturalar;

Ózbekstan Respublikası Bas prokuraturası janındaǵı Ekonomikaǵa tiyisli jınayatlarǵa qarsı gúresiw Departamenti, Májbúriy atqarıw byurosı jumıs alıp baradı.

## 3. PROKUROR QADAǴALAWÍNA TIYISLI HÚJJET TÚRLERI

Nızam buzılǵanlıǵın anıqlap, prokuror tómendegi sharalardı kóriwi múmkin: **protest, qarar, usınıs, arza hám eskertiw.**

Nızamǵa qarsı hújjet qabıl etilgende prokuror onı qabıl etken organǵa **protest** kirgizedi. Tap usı tártipte lawazımlı shaxstıń nızamsız qararı ushın da prokuror tárepinen protest kirgiziledi.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях

UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Protest kelip túskennen keyin on kúnnen keshiktirilmey kórip shıǵılıwı kerak. Protest kórip shıǵilǵanlıǵı haqqındaǵı nátiyje úsh kún ishinde prokurorǵa jazba túrde bildiriledi.

Lawazımlı shaxs yaki puqara tárepinen nızam buzılıwınıń mazmunınan kelip shıqqan halda prokuror jınayıy is qozǵaw haqqında, hákimshilik juwapkershilik qollanıw haqqında **qarar** shıǵaradı.

Nızam buzılıwın saplastırıw, onıń sebepleri hám jol qoyılıwına sebepshi sharayatlar haqqındaǵı **usınıs** prokuror tárepinen organǵa yaki nızam buzılıwın saplastırıwǵa juwapker lawazımlı shaxsqa kirgiziledi. Usınıs keshiktirilmey kórip shıǵılıwı shárt hám kórilgen is-ilajlar haqqında bir ay ishinde prokurorǵa jazba túrde bildiriliwi kerek.

Prokuror puqaralar, yuridikalıq shaxslar hám mámlekettiń huqıqları, hám nızamlı máplerin qorǵaw ushın **arza** menen sudqa múrájat etiwi múmkin.

Puqaralardıń nızam menen qorǵalatuǵın mápleri, huqıqları hám erkinlikleri, jámiyet hám mámleket máplerine zıyan tiygiziwi múmkin bolǵan nızamnan tıs is-háreketler haqqında isenimli maǵlıwmatlar bar bolǵanda, prokuror tárepinen nızam buzılıwına jol qoyıwǵa bolmaytuǵını haqqında jazba túrde lawazımlı shaxslarǵa hám puqaralarǵa **eskertiw** beriledi hám nızam buzǵanlıǵı ushın juwapkerligi túsindiriledi.

### *2-tapsırma*

*1. Adam óltiriw júz berdi. Ayıpkerdi jınayat islegenlikte ayıplaw maqsetinde jınayattı tabıw baslıǵı adam óltirgenlikte gúman etilip atırǵan shaxsqa keletuǵın barlıq xatlardı ashıp oqıw haqqında buyrıq berdi.*

*Sizińshe, prokuror usı qarardı biykarlawı kerek pe?*

*2. Ayırım jaǵdaylarda sud procesi dawamında prokuror sudlanıwshıǵa joqarı jaza sharasın tayınlawdı talap etiwge májbúr esaplanadı.*

*Sizińshe, bul jaǵday elimizde jawızlıqtıń keń tarqalıwına imkaniyat jaratpay ma?*

Nızam shıǵarıwshılardıń kópshiligi prokuratura organlarınıń hár qanday mámleket organlarınan, jámiyetlik birlespeleri hám lawazımlı shaxslardan tolıq ǵárezsiz bolıwı máselesin sheshiwge urınbaqta.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Usı múnasibet penen Ózbekstan Respublikasında tómendegi ilajlar belgilengen:**

– prokuratura organlarında siyasiy partiyalar hám háreketler shólkemlestiriw qadaǵan etilgen;

– prokurorlar óz wákillikleri háreket etip turǵan dáwirde siyasiy partiyalar hám de siyasiy maqsetlerdi gózleytuǵın basqa jámáátlik birlespelerde aǵzalıqtı toqtatıp turadı;

– prokurorlarǵa tólemli xızmet kórsetiw menen shuǵıllanıw hám isbilermenlik jumısı menen shuǵıllanıw (ilimiy, pedagogikalıq hám dóretiwshilik xızmeti buǵan kirmeydi) qadaǵan etiledi;

– prokurorlardıń basqa shólkemlerde hám kárxanalarda birliktegi tiykarda islewi qadaǵan etilgen (oqıw hám ilimiy mákemelerden tısqarı);

– prokurorlar hám prokuratura tergewshileri mámleket qorǵawında hám xızmette qol qatılmaslıq huqıqına iye esaplanadı, yaǵnıy olarǵa qozǵatılǵan jınayıy islerdi tergew tek prokuratura organları tárepinen ámelge asırıladı;

– mámleketlik hákimiyat organları, jámiyetlik birlespeler hám ǵalaba xabar quralларınıń jınayıy islerine tergew alıp barılıp atırǵanda, shaǵımlar, arzalar hám basqalar kórip shıǵılıp atırǵanda prokuratura jumısına aralasıwı qadaǵan etilgen;

– Ózbekstan Respublikası Bas prokurorı Ózbekstan Respublikası Prezidenti hám Ózbekstan Respublikası Oliy Majlis Senatı aldında esap beriwi shárt.

– qarjı menen támiyinlew tek mámleket byudjeti esabınan ámelge asırıladı.

### 3-tapsırma

**1.** *Prokuratura organları ǵárezsizligi mashqalasın sheshiw boyınsha óz is-ilajlarıńızdı usınıń.*

**2.** *Bálkim siz prokuratura organlarına júdá kóp wákillikler berilgen, olar tárepinen hákimiyattan paydalanıwǵa jol qoyılıwı múmkin-ǵoy, dep esaplarsız? Solay eken, prokuratura organlarınıń jumısı ústinen qadaǵalaw júrgiziw ushın neni usınıs etesiz?*

**3.** *Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyasına muwapıq prokuror lawazımın iyelep turǵan dáwirde prokurordıń basqa haqı tólenetuǵın*

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях



UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

*lawazımdı iyelewi hám partiyalarǵa yaki massalıq háreketlerge aǵza bolıwı qadaǵan etilgen.*

*Sizińshe, bul qadaǵan etiwler prokurorlardıń elimiz puqarası sıpatındaǵı social-ekonomikalıq hám siyasiy huqıqların buzbay ma?*

## Juwmaq shıǵaramız

**Ózbekstan Respublikası prokuraturası:**

- prokuratura – nızamlardıń birdey orınlanıwı ústinen qadaǵalaw;
- prokuror – sudta mámleket ayıplawshısı sıpatında;
- prokuratura sud sistemasına kirmeydi;
- prokuratura organlarına Bas prokuror basshılıq etedi;
- prokurorlarǵa qadaǵan etilgen:
  - siyasiy partiyalar, massalıq háreketlerde qatnasıw;
  - isbilermenlik jumısı menen shuǵıllanıw, deputat bolıw, qosımsha jumıs islew;
- qarjı menen támiyinleniwi tek mámleketlik byudjet esabınan;
- «Prokuratura haqqında»ǵı Nızam.

## Ózińizdi sınań!

**1.** Prokuratura organları qanday maqsette dúzilgen?
**2.** Prokuror sudta qanday rol oynaydı?
**3.** Prokuratura organların kim basqaradı hám olardıń jumısların kim qadaǵalaydı?
**4.** Nızam buzılǵan jaǵday anıqlanǵan halatlarda prokuror tárepinen qanday ilajlar kóriledi?
**5.** Prokuraturaǵa múrájat qılıwdıń ózgeshelikleri nelerden ibarat?
**6.** Prokuratura organlarınıń finanslıq támiynatı qalay júz beredi?

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

***Este saqlań!***

Prokuratura organları jumıs iskerligi nızam ústinligin hár tárepleme bekkemlewge, huqıq-tártipti bekkemlewge, insan hám puqaranıń sociallıq, ekonomikalıq, siyasiy, jeke huqıq hám ekinliklerine, sonday-aq, mámleket ǵárezsizligine, Konstituciya menen bekkemlep qoyılǵan jámiyetlik mámleket dúziwine, siyasiy hám ekonomikalıq sistemaǵa, milliy toparlar hám aymaqlıq dúzilmelerdiń huqıqlarına nızamǵa jat qáwiplerden qorǵawdı támiyinlewge qaratılǵan.

**Biziń másláhátlerimiz**

## SIZIŃ ÚYIŃIZ – SIZIŃ QORǴANÍŃÍZ

Úyińızdıń giltin hesh waqıtta pochta qutısında, gilemniń astında, basqa qálegen shártli orında qaldırmań. Eń maqul variant – giltti qońsılardıń birinde qaldırıń.

Nabada úyde bir ózińiz bolsańız, esik qaǵılǵanda yaki qońıraw shıńǵırlaǵanda ashpań – esiktiń arǵı jaǵında turıp sóylesiń. Qanday da járdem, suw beriw boyınsha ótinishke, elektr esaplaǵıshtı yamasa gazdi tekserip kóriw haqqındaǵı usınısqa: «Úlkenler úyde joq edi, sońıraqlaw keliń», dep juwap beriń.

Úyińizge kirip alıw boyınsha talap dawam ete berse, ekilenbesten ishki isler uyımına qońıraw etiń.

**Mına telefon nomerlerin eslep qalıń:**

**101 – órt óshiriw xızmeti**
**102 – ishki isler uyımı**
**103 – tez medicinalıq járdem**
**104 – qalalıq gaz xızmeti**
**1050 – qutqarıw xızmeti AJM**


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях

UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 30-§. ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍNDA FINANS HÁM KREDIT

**Tema ústinde islew nátiyjesinde:**

– Ózbekstan Respublikası finans hám kredit sistemasınıń huqıqıy tiykarları haqqında;

– bank hám pul sistemasınıń huqıqıy tiykarları haqqında;

– elimizdiń salıq sisteması tiykarlarınıń ózgeshelikleri haqqında bilip alasız.

**1. Huqıq hám ekonomikanıń óz ara baylanıslılıǵı.**
**2. Mámlekettiń finans sisteması.**
**3. Ózbekstan Respublikasınıń pul sisteması.**
**4. Mámlekettiń bank sisteması.**
**5. Salıqlar nege kerek?**

## 1. HUQÍQ HÁM EKONOMIKANÍŃ ÓZ ARA BAYLANÍSLÍLÍǴÍ

Biz jasap atırǵan zaman–bazar qatnasıqları gúrkirep rawajlanıp atırǵan, hár qıylı múlk formaları payda bolıp atırǵan hám jetilisip baratırǵan dáwir esaplanadı. Búgin respublikamızda jasap atırǵan hárbir adamda óz kárxanasın ashıw, isbilermenlik penen shuǵıllanıw hám usılayınsha óz abadanlıǵın támiyinlew imkaniyatı júzege keldi.

***Tiykarǵı Nızam belgileydi***

Bazar qatnasıqların rawajlandırıwǵa qaratılǵan Ózbekstan ekonomikasınıń negizin hár qıylı formalardaǵı múlk quraydı.

**Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası, 53-statyadan.**

Huqıq normaları elde qáliplesken ekonomikalıq qatnasıqlardı bekkemlep qoyadı hám usınıń menen ekonomikanıń rawajlanıwına unamlı tásirin tiygizedi. Huqıqıy normalar (nızamlar, pármanlar hám húkimet qararları) isbilermenlikti rawajlandırıwǵa, múlkshiliktiń hár qıylı formaların bekkemlewge járdem beredi, isbilermenlikti hám biznesmenlerdiń máplerin qorǵaydı. Solay eken, Konstituciyada mámlekettiń ekonomikalıq

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

jumısı, isbilermenlik hám miynet etiw erkinligi, sonday-aq, barlıq múlk formalarınıń huqıqıy qorǵalıwına kepillik beretuǵını haqqındaǵı qaǵıyda tastıyıqlap qoyılǵan.

### *Tiykarǵı Nızam belgileydi*

Mámleket qarıydarlardıń huqıqınıń ústinligin esapqa alıp, ekonomikalıq xızmet, isbilermenlik hám miynet etiw erkinligi, barlıq múlk formalarınıń teń huqıqlıǵın hám huqıqıy jaqtan teńdey qorǵalıwına kepillik beredi.

Jeke menshik múlk basqa múlk formaları sıyaqlı qol qatılmas hám mámleket qorǵawında bolıp tabıladı. Múlk iyesi tek nızamda názerde tutılǵan jaǵdaylarda hám tártipte ǵana múlkinen ayırılıwı múmkin.

**Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası, 53-statyadan.**

Solay etip, **huqıq ekonomikaǵa tómendegishe tásir ótkeredi:**

– nızamlar qáliplesken ekonomikalıq qatnasıqlardı bekkemleydı;

– huqıq eldiń ekonomikasınıń rawajlanıw turaqlılıǵın tán aladı hám kepillik beredi;

– huqıq jańa ekonomikalıq qatnasıqlardıń jaratılıwı hám rawajlanıwına járdem beriwi múmkin.

### *1-tapsırma*

*Sizińshe, isbilermenlik penen tabıslı shuǵıllanıwı ushın insan qanday pazıyletlerge iye bolıwı kerek? Barlıq qálewshiler bazar qatnasıqların rawajlandırıwda qatnasıwları ushın elde qanday sharayatlar jaratıp beriliwi lazım?*

## 2. MÁMLEKETTIŃ FINANS SISTEMASÍ

Mámlekettiń finans sisteması mámlekettiń pul qarjıları fondların jaratıw, bólistiriw hám paydalanıwı ushın háreket etedi. Finans sistemasına eldiń finans mákemeleri – banklar, amanat kassaları hám basqalar kiredi.

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях



UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Tiykarǵı Nızam belgileydi

Ózbekstan Respublikası óz finans hám pul-kredit sistemasına iye.

Ózbekstannıń Mámleketlik byudjeti Respublika byudjetinen, Qaraqalpaqstan byudjetinen hám jergilikli byudjetlerden ibarat.

**Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası, 122-statya.**

**Mámlekettiń finans-ekonomikalıq jumısı tómendegi baǵdarlarda ámelge asırıladı:**

– byudjetti qabıl etiw, orınlaw, onıń ústinen qadaǵalaw;

– salıq jıynaw;

– pul belgilerin shıǵarıw hám de finans hám ekonomika tarawında tártip saqlaw;

– kreditler, jeńillikler hám basqalardı beriw;

– materiallıq járdemge mútáj puqaralar (mayıplar, jetimler hám basqalar)dı sociallıq qorǵaw;

– mádeniyat-bilim beriw mákemeleri, ǵalaba xabar quralların rawajlandırıwdı qollap-quwatlaw;

– qorshap turǵan ortalıqtı qorǵaw boyınsha ilajlar belgilew;

– sırtqı ekonomikalıq xızmet hám xalıqaralıq birge islesiw.

## Este saqlań!

**Finans** (francuzsha *«finanse» – naq, dáramat*) – keń mániste: pul qarjıları, mámleket pul qarjılarınıń aylanısı.

Finans sisteması – mámleket hám xojalıq júrgiziwshi subyektler pul qarjıları qorların shólkemlestiriw, bólistiriw hám olardan paydalanıw formaları hám metodları sisteması esaplanadı.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

### *2-tapsırma*

*Ózińizdi mámlekettiń Finans ministri ornında kóz aldıńızǵa keltiriń. Eldiń tiykarǵı qarjıların ekonomikanıń qaysı tarawlarına jumsaǵan bolar edińiz? Ne ushın ekenin túsindirip beriń. Bul qanday tárizde eldiń ekonomikasınıń ulıwma rawajlanıwına tásir kórsetedi?*

## 3. ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍNÍŃ PUL SISTEMASÍ

Ózbekstan Respublikasınıń pul sisteması rásmiy pul birligin, pul aylanısınıń shólkemlestiriliwi hám tártipke salınıwın óz ishine aladı. 1994-jıl 1-iyuldan baslap Ózbekstan Respublikasınıń rásmiy pul birligi – sóm aylanısqa kirgizilgen. 1994-jıl 15-noyabrden baslap respublika aymaǵında barlıq tólemler hám esap-sanaqlar tek milliy valyutada –sómda ámelge asırıladı.

**Sóm** – Ózbekstan Respublikası Oraylıq banki tárepinen shıǵarılatuǵın qaǵaz banknotlar hám metall teńgeler. Ózbekstan Respublikasında sóm birden-bir, nızamlı tólew quralı esaplanadı.

## 4. MÁMLEKETTIŃ BANK SISTEMASÍ

Banklardıń shólkemlestiriliwi hám jumısınıń huqıqıy negizin «Banklar hám banklardıń jumısı haqqında»ǵı Nızam, Prezident pármanları, Ózbekstan Respublikası Oraylıq bankiniń hújjetleri quraydı.

### *Tiykarǵı Nızam belgileydi*

Ózbekstan Respublikasınıń bank sistemasın respublikniń Oraylıq banki basqaradı.

**Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası, 124-statya.**

### *Este saqlań!*

**Bank** – tiykarǵı jumıs iskerligi pul qarjıların tartıw hám jaylastırıw hám de esap-sanaqlardı ámelge asırıw bolǵan finans shólkemi. Ekonomikalıq kóz qarastan banklar pul bazarında bos turǵanlar menen qosımsha resurslarǵa mútájligi bolǵanlar ortasında dáldalshı sıpatında jumıs alıp baradı.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Ózbekstan Respublikasınıń «Oraylıq bank haqqında»ǵı Nızamına muwapıq Oraylıq bank milliy valyutanıń turaqlılıǵın qorǵaw hám támiyinlewge baǵdarlanǵan birden-bir pul-kredit siyasatın islep shıǵadı hám júrgizedi.

Ózbekstan Respublikasında naq pullardı aylanısqa shıǵarıw hám aylanıstan alıp qoyıwdıń tolıq huqıqı Ózbekstan Respublikası Oraylıq bankine tiyisli bolıp tabıladı. Banknotlardıń qálbekilestiriliwi hám nızamǵa qarsı isleniwi nızam tárepinen qadaǵan etiledi.

## 5. SALÍQLAR NEGE KEREK?

**Salıq** – barlıq yuridikalıq hám fizikalıq shaxslar mámleket yamasa jergilikli byudjetke ámelge asıratuǵın ulıwma májbúriy tólemlerdiń biri túri esaplanadı.

Salıqlardı belgilew, júrgiziw hám tólew menen baylanıslı barlıq qatnasıqlar Ózbekstan Respublikasınıń Salıq kodeksi menen basqarıladı. Bul Kodekske muwapıq salıq sisteması Ózbekstan Respublikasınıń barlıq aymaǵında salıq tólewshiler ushın birden-bir bolıp tabıladı. Ózbekstan Respublikası Salıq kodeksiniń 5-statyasına muwapıq, salıq nızamshılıǵı salıq tólewdiń májbúriylik, salıqqa tartıwdıń ádillik, salıq nızamshılıǵınıń járiyalılıq hám salıq tólewshiniń haqlıǵı prezumpciyası principlerine tiykarlanadı.

Salıqqa tartıw **tikkeley** – esapqa alınǵan daramattan yaki mal-múlk bahasınan hám de **janapay** boladı, yaǵnıy tovar hám xızmetler nırqın, akciz saliǵın, bajxana bajların hám taǵı basqalardı asırıw arqalı óndiriledi.

### *Este saqlań!*

Hárbir shaxs usı Kodekste belgilengen salıq hám basqa májbúriy tólemlerdi tólewi shárt.

**Ózbekstan Respublikasınıń Salıq kodeksi, 6-statya.**

### *3-tapsırma*

*Sizińshe, salıq ekonomikaǵa hám mámleket xalqınıń turmıs dárejesine qalay tásir ótkizedi?*

*Salıqlar jıyımı bólmaǵan mámleketti ayta alasız ba?*

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Salıqlar jıynalmay mámleket háreket ete almaydı. Óytkeni, mámleket bilim beriw, elimiz shegaraların qorǵaw hám mámlekettiń ishinde tártip saqlaw, mámleketlik organlardıń jumısların muwapıqlastırıw sıyaqlı wazıypalardı  óz moynına alǵan. Salıq jıyımı bolmasa, jumısı materiallıq islep shıǵarıw menen baylanısla bolmaǵan barlıq shaxslarǵa miynet haqını tólew imkaniyatı da bolmaydı.




### *Tiykarǵı Nızam belgileydi*

Ózbekstan Respublikası aymaǵında birden-bir salıq sisteması ámel qıladı. Salıqlardı engiziwge tek Ózbekstan Respublikasınıń Oliy Majlisi haqılı.

**Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası, 123-statya.**

### *4-tapsırma*

*Salıqlardı tólemegeni ushın jınayıy juwapkerlikke tartıwdı ádil dep esaplaysız ba? Óz juwabıńızdı tiykarlap beriń.*

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Solay etip, huqıqlar hám ekonomika insannıń turmıs dárejesi hám qoyılǵan maqsetlerdi orınlawı menen tikkeley baylanıslı. Haqıyqıy baxıtlı adamlardıń kópshiligi ózlerin shaxs sıpatında kórsete alǵanları – óz niyetlerin jámiyetke kerekli iste ámelge asırǵanları, óz is-háreketleri arqalı ekonomikalıq ǵárezsizlikke eriskenleri ushın da ózlerin solay esaplaydı.

### Juwmaq shıǵaramız

**Ózbekstan Respublikasında finans hám kredit:**

- óz finans hám kredit sisteması;
- tiykarǵı wazıypa – byudjetti qabıl etiw hám orınlaw, salıqlar jıyımı;
- puldı aylanısqa shıǵarıw;
- finans sisteması – banklar, amanat kassaları;
- 1994-jıl 1-iyul – milliy valyuta – sóm aylanısqa kirgizildi;
- Oraylıq bank, bank sistemasına basshılıq etedi;
- baslı maqset – valyutanıń turaqlılıǵın támiyinlew;
- salıq – puqaralardıń konstituciyalıq minnetlemesi;
- payda salıǵı;
- salıqlardı Oliy Majlis belgileydi.

### Ózińızdi sınań!

1. Huqıq jámiyettegi ekonomikalıq qatnasıqlardıń rawajlanıwına qanday tárizde tásir etedi?
2. Mámleketlik finans hám kredit sistemasınıń tiykarǵı dereklerin aytıń.
3. Mámleketlik finans hám bank sistemasın quraytuǵın mákemelerdi sanap beriń.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## JUWMAQ

Mine, Siz benen mámleketimizdiń Tiykarǵı nızamı – Ózbekstan Respublikası Konstituciyası betleri boylap sayaxattı da aqırına jetkerdik.

Siz hár bir insan turmısında ushırasatuǵın mashqalalardıń kópshiligin nızamshılıq járdeminde sheshiw múmkin ekenligine isenim payda ettińiz. Kópshiligin, hár qalay, barlıǵın emes. Sonıń menen birge, insan is-háreketleriniń ádeplilik normaları, onıń ádeplilik-mánáwiy pazıyletleri – hújdan, ar-namıs, óz qádir-qımbatı sezimi hám basqa túsinikler de bar. Bular haqıyqıy aǵartıwshılıq – huqıqıy mádeniyattıń qosımsha elementleri esaplanadı, yaǵnıy huqıq insanǵa beriletuǵın barlıq unamlı hám qımbatlı nárselerdi ózlestiriwden ibarat. Ádeplilik pazıyletleri hám huqıqıy bilimler jıyındısı joqarı huqıqıy mádeniyat tiykarın da payda etedi.

Biraq nızamǵa passiv boysınıwshılıq – hasla jámiyetke zárúr bolǵan nárse degeni emes. Hám óziniń, hám ózgelerdiń nızamlı huqıqların qorǵawdı biliw, nızam buzılıwı menen kelisimge kelmew kerek, óytkeni, binıń aqıbetinde nızamlılıqqa hám huqıqıy mámleket qurıw imkaniyatlarına isenimsizlik tuwıladı.

Konstituciyalıq huqıq, ańlaǵanıńızday, Ózbekstan Respublikasınıń huqıq sistemasında jetekshi tarmaq sanaladı.

Onıń jetekshilik roli huqıqtıń barlıq basqa tarmaqlarında konstituciyalıq ideyalardı rawajlandırıwda ǵana kózge taslanıp qalmastan, al huqıqıy mámleketti hám puqaralıq jámiyetti qáliplestiriwdiń huqıqıy tiykarı bolıp xızmet etiwinde de kórinedi.

Sonı umıtpaw kerek, Ózbekstanda mámleket ǵárezsizligine erisilgennen soń ǵana bul strategiyalıq áhmiyetli maqset qoyıldı.

Ózbekstannıń konstituciyalıq huqıqında huqıqıy mámleketke tán barlıq principler jámlesken.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Biraq konstituciyalıq principler óz-ózinen huqıqıy mámleket jaratpaydı. Huqıqıy mámleketti nızamlar emes, insanlardıń ózi, jámiyet jaratadı. Nızamlardıń áhmiyeti sonnan ibarat, olar jámiyet qurılısınıń tiykarı bolıp xızmet etedi.

Huqıqtanıw páninen alǵan bilimlerińiz kúndelikli turmısıńızda júzege keletuǵın mashqalalardı keleshekte emes, búgin de sheshiwge járdem beredi.

Solay bolsa da, erisilgen nárseler menen sheklenip qalmaw kerek. Nızam shıǵarıwshı hákimiyat organları mámleketimiz huqıq sistemasın jetilistiriw ústinde jumısların dawam etpekte. Qorshaǵan ortalıqtaǵı turmıs jáne de azada, jarqın hám ádil bolıwı da ózimizge baylanıslı. Qoldı qolǵa berip, jelkeme-jelke tursaq, ana Watanımızdı huqıqıy mámleketke, baxtiyar hám gúllep-jaynaǵan mámleketke aylandıra alamız.



http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# ÓZ BILIMLERIN ERKIN TEKSERIW

**Ózbekstan Respublikası** «Konstituciyalıq huqıq tiykarları» pánin úyrengende huqıqqa tiyisli terminlerdi qalay ózlestirgenińizdi tekserip kóriń, ózińizdi sınań. Qıynalǵanda kórsetilgen betlerdegi sabaqlıq tekstine múrajat etiń.


Konstituciya — 5

Huqıq — 7

Huqıq-tártip — 7

Konstituciyalıq huqıq — 7

Kirisiw (Preambula) — 15

Suverenitet — 17

Demokratiya — 20

Wákillik demokratiyası — 20

Referendum — 20

Hákimiyatlardıń bóliniw principi — 22, 102

Sırtqı siyasat — 25

Xalıqaralıq huqıq — 26

Hákimiyat — 31

Apatridlar — 62

Ózbekstan Respublikası Joqarǵı sudı — 139

Gipoteza — 112

Puqaralıq — 37

Diskriminaciya (kemsitiw) — 38

Nızamshılıq baslaması —112

Ministrlek Kabineti — 122


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях



UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE
Xalıq deputatları Keńesi — 128
Respublika Konstituciyalıq sudı — 139
Konfederaciya — 95
Mádeniy huqıqlar — 35
Jeke huqıq hám erkinlikler — 34
Majoritar saylaw sisteması — 152
Jámiyetlik birlespeler — 78
Oliy Majlis — 109
Ombudsman — 70
Siyasiy partiyalar — 80
Siyasiy huqıqlar — 34
Konstituciyanı ózgertiw tártibi — 174
Prezident — 119
Ayıpsızlıq prezumpciyası — 141
Prokuror — 160
Proporcional saylaw sisteması — 153
Puqaralardıń ózin-ózi basqarıwı — 132
Sankciya — 112
Sud — 137
Puqaralıq jıyını — 131
Unitar mámleket — 97
Federaciya — 98
Finans sisteması — 169
Hákim — 128
Cenzura — 86
Ekonomikalıq hám sociallıq huqıqlar — 35
http://eduportal.uz
*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях

UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE


## KONSTITUCIYA – MÁMLEKETTIŃ TIYKARǴÍ NÍZAMÍ

1. Konstituciya – bul ...(5-b.)
2. Mámleketimizdiń atalıwı Konstituciyamızǵa muwapıq ...(17-b.)
3. «Konstituciya» sózi latınsha bolıp, ...(5-b.)
4. Ózbekstan Respublikası Konstituciyasınıń bas maqseti ne? (6-b.)
5. Ózbekstan Respublikası Konstituciyası qashan qabıl etilgen? (12-b.)
6. Ózbekstan Respublikası mámleketlik hákimiyatı sisteması qanday principke tiykarlanadı? (23, 107-b.)
7. Ózbekstan Respublikası Konstituciyası neshe bólim, bap hám statyadan ibarat? (16-b.)
8. Ózbekstan Respublikası Konstituciyasınıń tiykarǵı principlerin sanap beriń. (13, 23-b.)
9. Ózbekstan Respublikası Konstituciyasınıń tiykar salıwshı ideyaların aytıp beriń. (6-b.)
10. Ózbekstan Respublikası Konstituciyası boyınsha mámleket, onıń organları hám lawazımlı shaxslar nege muwapıq is alıp baradı? (6-b.)
11. Konstituciyaǵa ózgeris kirgiziw haqqındaǵı máseleni sheshiwde demokratiyalıq mámleket qanday jol tutadı? (96-b.)
12. Ózbekstan Respublikasınıń sırtqı siyasatı qanday principlerge tiykarlanadı? (26-b.)
13. Ózbekstan Respublikasında mámleket hákimiyatınıń birden-bir deregi kim? (21-b.)
14. Ózbekstan Respublikası Kontituciyasına muwapıq kim Ózbekstan xalqı atınan is kóriw huqıqına iye? (22-b.)

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях

UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

15. Qaysı nızam yaki normativlik akt konstituciyalıq huqıqtıń tiykarǵı deregi esaplanadı? (8-b.)
16. «Ózbekstan Respublikası Mámleketlik gerbi haqqında»ǵı Nızam qashan qabıl etilgen? (20-b.)
17. Ózbekstan Respublikası Konstituciyası qabıl etilgenge shekem mámleketimiz qaysı nızam tiykarında ǵárezsiz demokratiyalıq mámleket statusın alǵan? (19-b.)
18. Konstituciya preambulası degen ne? (13-b.)
19. Suverenitet – bul ...(18-b.)
20. «Ózbekstan Respublikası Mámleketlik bayraǵı haqqında»ǵı Nızam qashan qabıl etilgen? (20-b.)
21. Ne ushın huqıqıy mámlekette hákimiyattıń bólistiriw principine ámel qılıw májbúriy sanaladı? (23-b.)
22. Hújdan erkinligi – bul puqaralardıń... huqıqı. (44-b.)
23. Ózbekstan Respublikası Kontituciyasında barlıq puqaralar ushın miynet etiw minneti belgilengen be? (50-b.)
24. Puqaralardıń Konstituciya hám nızamlarda bekkemlep qoyılǵan huqıq hám erkinligin kim támiyinleydi? (33-b.)
25. Kim Ózbekstan puqaralarınıń huqıq hám erkinliklerine kepil bolıw huqıqına iye? (120-b.)
26. Konstituciyaǵa muwapıq respublikamızda óz pikirin bildiriw erkinligi sheklengen be? (44-b.)
27. Bala neshe jastan baslap puqaralıǵın ózgertiw haqqında jazba razılıq bildiriwge haqılı? (67-b.)
28. Apatrid – bul ...(62-b.)
29. Puqaralıǵı bar ekenligin qanday hújjet tastıyıqlaydı? (63-b.)
30. Ombudsman – bul ... (69-b.)
31. «Ózbekstan Respublikası puqaralıǵı haqqında»ǵı Nızam qashan qabıl etilgen? (60-b.)

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

32. Ózbekstan Respublikası puqaralıǵınıń tiykarǵı táreplerin kórsetiń. (60-b.)
33. Puqaralıq – bul ... (61-b.)
34. Shet el puqaralıǵı bolǵan shaxs Ózbekstan Respublikası puqaralıǵına qabıl etiliwi múmkin be?
35. Qanday jaǵdaylarda puqaralıq biykar etiledi? (65-b.)
36. Konstituciyaǵa muwapıq tómendegiler jeke huqıq hám erkinliklerge kiredi: ... (45-b.)
37. Insannıń siyasiy huqıqlarına qanday huqıqlar kiredi? (56-b.)
38. Hákimiyat organları miting, jıyın hám demonstraciyalar ótkeriwdi qadaǵan etiwge haqısı bar ma? (60-b.)
39. Ministrler Kabineti jumısın kim basqaradı? (126-b.)
40. Oliy Majlis Keńesi qanday maqsette dúziledi? (123-b.)
41. Xalq deputatlari Keńesiniń jumısın kim basqaradı? (130-b.)
42. Ózbekstan Republikası Prezidenti lawazımı qashan shólkemlestirilgen? (119-b.)
43. Puqaralar jıyını posyolka, awıl hám máhállelerde ózin-ózi basqarıw organları ma? (134-b.)
44. Oliy Majlis Ózbekstan Respublikası diplomatiyalıq wákillerin tayınlaydı hám azat qıla ma? (114-b.)
45. Qaysı organlar hám lawazımlı shaxslarǵa Oliy Majliste nızamshılıq baslaması huqıqı berilgen? (116-b.)
46. Ózbekstan Respublikası Konstituciyasına muwapıq kimge hám qaysı organǵa xalıqaralıq shártnamalar hám pitimlerdi ratifikaciya hám denonsaciya qılıw huqıqı berilgen? (112-b.)
47. Ózbekstan Respublikasında qaysı organ razılıǵı menen wálayatlar shegaraların ózgertiw, dúziw yaki qayta dúziw múmkin? (112-b.)
48. Kim Ózbekstan Respublikası Prezidentligine saylanıwı múmkin? (123-b.)

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE
49. Konstituciyaǵa muwapıq Prezident óz wákilligin tamamlaǵannan soń qanday lawazımdı iyelewge haqılı? (124-b.)
50. Prezident qanday múddetke saylanadı? (123-b.)
51. Ózbekstan Republikası shegaraların qaysı organ ózgertiwge haqılı? (112-b.)
52. Ǵalaba xabar quralları ústinen cenzura ótkeriliwine jol qoyıla ma? (85-b.)
53. Oliy Majlis nızamları qabıl etilgennen soń olar qansha múddette járiyalanadı? (117-b.)
54. Oliy Majlis neshe palatadan ibarat? (110-b.)
55. Ózbekstan Respublikası puqarası neshe jastan Prezident etip saylanıwı múmkin? (123-b.)
56. Oliy Májlis Nızamshılıq palatası deputatları neshe adamnan ibarat boladı? (110-b.)
57. Respublika byudjetin kim qabıl etedi hám onıń orınlanıwın qadaǵlaydı? (111-b.)
58. Respublikanıń ishki hám sırtqı siyasatınıń tiykarǵı baǵdarın kim belgileydi? (111-b.)
59. Kim jańa wálayattı dúziwge haqılı? (112-b.)
60. Ózbekstan Respublikası hám Qaraqalpaqstan Respublikası arasındaǵı kelispewshilik qalay sheshiliwi kerek? (103-b.)
61. Oliy Majlistiń sheklenbegen wákilligine neler kiredi? (113-b.)
62. Kim jámáátlik shólkemlerdiń jumısın tarqatıp jiberiw, qadaǵan etiw yaki biykarlawǵa haqılı? (85-b.)
63. Ózbekstan Republikası Prezidenti bir waqıttıń ózinde Konstituciyalıq sud baslıǵı waziypasın atqaradı degen tastıyıqlaw durıs pa? (119-122-b.)
64. Ózbekstan Respublikasında kishi qalalar, awıllardı dúziw yaki saplastırıw kim tárepinen ámelge asırıladı? (112-b.)

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях

UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE
65. Puqaralar jıyını wákilliklerine neler kiredi? (135-b.)
66. Konstituciyalıq sud sudyaları wákillikleri qanday jaǵdaylarda toqtatılıwı múmkin? (147-b.)
67. Oliy Majlis Nızamshılıq palatasınıń tiykarǵı wákilliklerin sanap beriń. (113-b.)
68. Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Kabineti (Joqarǵı Keńesi) kim tárepinen dúziledi? (104-b.)
69. Ózbekstan Respublikası Prezidentine saylanatuǵın puqara saylaw aldınan sol respublika aymaǵında keminde neshe jıl jasaǵan bolıwı kerek? (123-b.)
70. Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń mámleket baslıǵı sıpatındaǵı tiykarǵı wazıypaların sanań. (123-b.)
71. Prezident óz wákilliklerin mámleket organları yamasa lawazımlı shaxslarga beriwge haqlı emesligi haqqındaǵı qaǵıyda ne sebep Ózbekstan Konstituciyasına kirgizilgen? (122-b.)
72. Ózbekstan Respublikası Prezidenti etip kim saylanıwı múmkin? (123-b.)
73. Prezidentlik respublikasınıń parlament respublikasınan parqın kórsetiń. (123-b.)
74. Ózbekstan Respublikasındaǵı qanday atqarıw hákimiyatı organların bilesiz? (125, 127, 130-b.)
75. Ministrler Kabineti quramı qalayınsha qáliplestiriledi? (125-b.)
76. Ózbekstan Respublikası Húkimetiniń tiykarǵı wákilliklerin sanap beriń. (125-b.)
77. Ministrler Kabinetiniń Oliy Majlis penen ózara baylanısları qalay ámelge asırıladı? (125-b.)
78. Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabineti bas funkciyasın aytıń. (125-b.)
79. Xalıq deputatları Keńesleri qaysı mashqalalardı sheshedi? (130-b.)
80. Puqaralardıń ózin-ózi basqarıw organı qaysı shólkemnen ibarat? (134-b.)

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях

UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE
81. Puqaralardıń ózin-ózi basqarıw organlarına kim basshıq etedi hám ol neshe jılǵa saylanadı? (134-b.)
82. Ózbekstan Respublikası hám Qaraqalpaqstan Respublikası sud sisteması qaysı sudlardan dúzilgen? (140-b.)
83. Mámleket hákimiyatı organları sistemasında sud qanday roldi atqaradı? (139-b.)
84. Ózbekstan Respublikası sud organlarınıń tiykarǵı maqsetin aytıń. (139-b.)
85. Ádil sudlawdı ámelge asırıw procesinde nızamlarǵa qoyılatuǵın tiykarǵı talaplardı sanap beriń. (145-b.)
86. Sudlar ǵárezsizligi hám olardıń tek ǵana nızamǵa boysınıwı koncepciyası ámeliyatta qanday jol menen ámelge asırıladı? (147-b.)
87. Konstituciyalıq sudtıń bas wazıypasın aytıń. (141-b.)
88. Qala yamasa rayon sudı, áskeriy sud, Konstituciyalıq sud sudyası kim bola alıwı múmkin? (147-b.)
89. Ózbekstan Respublikasında kim saylaw huqıqına iye boladı? (155-b.)
90. Saylaw komissiyaları xızmetinde járiyalılıq qanday rol oynaydı? (157-b.)
91. Ózbekstanda saylaw sistemasınıń qaysı modeli qabıl etilgen? (156-b.)
92. Ózbekstan Respublikasınıń nızamshılıǵı saylawǵa saylawshılarǵa qanday huqıqlar bergen? (156-b.)
93. Prokuratura organları qanday maqsette shólkemlestirilgen? (163-b.)
94. Sudta prokuror qanday roldi atqaradı? (164-b.)
95. Prokuraturaǵa kim basshılıq etedi, olardıń xızmetin kim qadaǵalap turadı? (164-b.)
96. Nızam buzıwshılıq anıqlanǵanda prokuror tárepinen qanday sharalar kóriledi? (165-166-b.)
97. Prokuratura organların qarjılandırıw qay tárizde ámelge asadı? (167-b.)

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

98. Jámiyette ekonomikalıq múnásibetlerdiń jánede rawajlanıwına huqıq qay tarizde tásir kórsetedi? (177-b.)
99. Mámleket finans hám kredit sistemasınıń tiykarǵı dereklerin aytıń. (172-b.)
100. Mámleket finans hám bank sistemasın qáliplestiriwshi mákemelerdi sanań. (173-b.)
101. Konstituciyadaǵı ózgerisler zárúrligi neden kelip shıǵadı? (173-b.)
102. Turaqlı ámel qılıwshı Konstituciyanıń abzallıqları nelerde kórinedi?
103. Qaysı sharayatta Ózbekstan Respublikası Konstituciyasına ózgerisler kirgiziw imkaniyatı bar? (178-b.)



http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях

UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# SÓZLIK

**Agressiya** (latınsha *aggressio – hújim*) – xalıqaralıq huqıqta BMSH Ustavı kózqarasınan qurallı kúshlerdiń qálegen nızamǵa jat qollanılıwı, yaǵnıy qurallı basqınshılıq.

**Apatrid** (grekshe *patridos – watanınan juda bolǵan, watansız*) – usı mámleket puqarası esaplanbaytuǵın hám qanday da shet elge tiyisli ekenligi boyınsha da dálilge iye emes shaxs.

**Apellyaciya** (latınsha *appelatio – múrájat, shaǵım*) – qandayda bir qarar ústinen isti mánisi jaǵınan qayta kórip shıǵıwǵa haqılı bolǵan joqarı instanciyaǵa shaǵım etiliwi.

**Argument** (latınsha *argumentum*) – dálildiń tiykarı bolıp xızmet etetuǵın logikalıq zat.

**Armiya** (francuzsha *armare-qurallandırıw*) – mámleket qurallı kúshleri jıynaǵı.

**Byudjet** (inglizshe *bougette – shıjlan*) – mámlekettiń belgili múddetke nızamlı tártipte tastıyıqlanǵan paydaları hám qárejetleri dizimi.

**Demokratiya** (grekshe *demokratiya – xalıq hákimiyatı*) – xalıq hákimiyatshilıǵı, siyasiy plyuralizm, puqaralardıń erkinligi hám teńligi, insan huqıqları sıyaqlı konstituciyalıq principlerdi bildiriwge tiykarlanǵan mámleket dúzilisi forması.

**Deputat** (latınsha *deputatus-elshi; wákil*) – mámlekettiń nızam shıǵaratuǵın yamasa qanday da basqa bir wákillik organına saylanǵan shaxs, xalıqtıń belgili bóleginiń wákili.

**Federaciya** (latınsha *foederare – awqam menen bekkemlew*) – mámleketler birlespesi bolıp, bunda birlesiwshi mámleketler nızam

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE
menen belgilengen ǵáresizlikti saqlap qalǵan halda birden-bir awqam puqaralıǵına, birden-bir awqam armiyasına, birden-bir awqam mámleketlik organlarına iye mámleket birligin dúzedi.

**Femida** (grekshe *Themis*) – áyyemgi grek mifologiyasında bir qolında tárezi hám basqasında qılısh, kózleri baylanǵan (ǵárezsizlik tımsalı) súwretlengen ádil sudlaw qudayı; ádil sudlaw tımsalı.

**Genocid** – xalıqtıń ayırım toparlarınıń milliy, rasalıq, diniy báneler menen qırıp taslanıwı.

**Puqaralıq jámiyeti** – insannıń barlıq huqıqlarına kepillik berilgen, ideologiyalıq plyuralizm támiyinlenetuǵın jámiyet dúzilisi.

**Puqaralıq** – shaxstıń konkret mámleket penen turaqlı huqıqıy baylanısları.

**Impichment** – (inglizshe *impeachment – qaralaw, ayıplaw*) – mámlekettiń joqarı lawazımlı adamların juwapkershilikke tartıwdıń ayrıqsha tártibi.

**Inauguraciya** (inglizshe *inaguration – saltanatlı ashılıw; lawazımdı saltanatlı iyelew*) – jańadan saylanǵan mámleket basshısınıń lawazımın iyelewi saltanatlı máresiminiń atalıwı.

**Isenim jarlıǵı** – shet ellerge tayınlanıp atırǵan diplomatiyalıq wákildiń biyligine haqıyqıy gúwalıq beretuǵın diplomatiyalıq hújjet.

**Kvorum** (latınsha *quorum – jeterli tayarlıq*) – jıynalıs yamasa májliste usı májlis qararların nızamlı dep tabıw ushın onda qatnasıwı shárt bolǵan qatnasıwshılar sanı.

**Legitimlik** (latınsha *legitimus – nızamlı*) – qanday da huqıq yamasa wákilliktiń nızamlılıǵın tán alıw yamasa tastıyıqlaw.

**Majoritar saylaw sisteması** (francuzsha *majoritare – kópshilik*) – saylawshılardıń kópshilik dawısın alǵan talaban saylanǵan dep esaplanatuǵın saylaw sisteması.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Mámleketlik gerb** – mámlekettiń rásmiy embleması.

**Mámleketlik gimn** – mámlekettiń rásmiy tımsalı.

**Mámleketlik huqıq** – (konstituciyalıq huqıqqa sáykes keledi) – mámlekettiń sociallıq-ekonomikalıq, siyasiy hám aymaqlıq dúzilisi tiykarların tártipke salatuǵın, puqaralardıń huqıq hám erkinliklerin bekkemlep qoyatuǵın hám de sol mámleket organları sistemasın belgileytuǵın huqıq tarawı.

**Hákimshilik** – (arabsha *mámuriyyat – buyrıqlar beretuǵın awqam, uyım;* sonday-aq, adamlar abat etken, qonıslanǵan, tábiyattan ózlestirgen mákanlar, mámleketlerdiń birgelki atı) hár qıylı dárejedegi atqarıwshı hákimiyat organlarınıń eń keń tarqalǵan atalıwı (qalada, rayonda, wálayatta, respublikada).

**Naturallastırıw, ózlestiriw** (francuzsha *naturalisation – tábiyiy*) – shet el adamın puqaralıqqa qabıl etiw.

**Ombudsman** (shvedshe *hombuldsman – allebirewdiń mápleri wákili*) – mámleket organları tárepinen insan huqıqlarına boysınılıwı ústinen qadaǵalawshı lawazımlı shaxs.

**Parlament** (inglizshe *parliament*, francuzsha *parler – sóylew*) – mámlekettegi joqarı wákillik hám nızam shıǵaratuǵın organnıń atalıwı.

**Preambula** (francuzsha *preambule – sózbası*) – nızam yamasa basqa huqıqıy qarardıń kirisiw yamasa alǵı sóz bólimi.

**Prezident** (latınsha *preasidens – aldında otıratuǵın; basta turatuǵın*) – respublikalıq basqarıw formasına iye mámleket hám atqarıwshı hákimiyat basshısı.

**Prolongaciya etiw** (francuzsha *prolongation uzaytıw*) – shártnama ámeliy múddetin ol dúzilip atırǵanda názerde tutılǵanınan uzaytıw.

**Promulgaciya etiw** (latınsha *promulgatio – massaǵa já____
riyalaw*) – qanday da bir mámleketlik hújjetti, nızamınıń ol sonnan keyin májbúriy kúshke iye bolıwı ushın rásmiy túrde basılıwı, járiyalanıwı.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях

UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Referendum** (latınsha *referendum – bildiriliwi shárt bolǵan nárse*) – barlıq puqaralar qatnasatuǵın ulıwma xalıqlıq soraw yamasa saylaw huqıqı; mámleket turmısınıń júdá áhmiyetli máseleleri boyınsha ótkeriledi.

**Saylawshılar blogi (awqamı)** – mámleket basshısı, oraylıq hám jergilikli hákimiyat organlarına saylawlarda birgelikte talaban kórsetiw haqqında bir neshe siyasiy partiyalardıń kelisimi.

**Standart** (inglizshe *standart*) – norma, tiykar, ólshem.

**Suverenitet** (francuzsha *souverainete*) – mámlekettiń óz ishki islerinde hám sırtqı múnásibetlerinde basqa bir mámleketten tolıq ǵárezsizligi.

**Cenzura** (latınsha *cenzura – mámleketlik qadaǵalaw*) – hákimiyat tárepinen kewilsiz yamasa zıyanlı dep tabılǵan ideyalar hám maǵlıwmatlardıń tarqalıwına jol qoymaw yamasa sheklep qoyıw maqsetinde baspa ónimleri, saxna shıǵarmaları hám basqalardıń mazmunı ústinen mámleketlik qadaǵalaw.

**Unitar** (latınsha *unitas – birlik, bir pútin*) – birden-bir, birlesken, bir pútindi quraytuǵın mámleket dúzilisi forması.

**Veto** (latınsha *veto – qadaǵan etemen*) – qanday da bir organ qararın toqtatıp turatuǵın yamasa kúshke kiriwge jol qoymaytuǵın hújjet.

**Viza** (latınsha *visus – ótkerilgen, kózden keshirilgen*) – pasportta mámlekettiń onıń aymaǵına keliwge, jasap turıwǵa yamasa ol arqalı ótiwge arnawlı ruqsatnamasın bildiretuǵın belgi.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях

UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# QR-KOD JÁRDEMINDE ALÍNATUǴÍN NORMATIV MATERIALLAR

Nızamnıń tolıq tekstin alıw ushın Smartfonıńızda QR-kodtı oqıw ushın skaner-baǵdarlama (QR Droit Scanner, QR Code Reader, QR Barcode Scanner) ornatıwıńızdı usınıs etemiz. Onıń járdeminde kiriw arqalı Saytqa ótiwińiz, tekstli xabardı alıwıńız múmkin. Smartfonıńızda qaysı qosımshanı ornatıwıńızǵa qaramastan, Algoritm uqsas boladı:

1. Qosımshanı ornatıń hám iske túsiriń.

2. Kamera obyektivin QR-kodqa tuwrılań. Qosımshanıń kodtı tanıp alıwın kútip turıń. Kodta shifrlanǵan háreketti ámelge asırıń. Endi Sizde sabaqlarǵa tayarlıq kórgende yamasa klastan tısqarı ilajǵa tayarlanǵanda Ózbekstan Respublikası Nızam hújjetlleri haqqında sabaqlıqtan qosımsha maǵlıwmat oqıp alıw imkaniyatı payda boldı.

**1. Ózbekstan Respublikası Konstituciyası.**

**2. «Ózbekstan Respublikası Gerbi haqqında»ǵı Nızam.**

**3. «Ózbekstan Respublikası Mámleketlik Bayraǵı haqqında»ǵı Nızam.**

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**4. «Ózbekstan Respublikası Gimni haqqında»ǵı Nızam.**

5. **«Sırtqı siyasattıń tiykarǵı principleri haqqında»ǵı Ózbekstan Respublikası Nızamı.**

6. **«Hújdan erkinligi hám diniy shólkemler haqqında»ǵı Ózbekstan Respublikası Nızamı.**

7. **«Bilimlendiriw haqqında» Ózbekstan Respublikası Nızamı.**

8. **«Yuridikalıq hám fizikalıq shaxslardıń múrajatları haqqında» Ózbekstan Respublikası Nızamı.**

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**9. «Jas óspirimler arasındaǵı qarawsızlıq hám huqıqbuzıwshılıqlar profilaktikası haqqında» Ózbekstan Respublikası Nızamı.**

**10. «Huqıqbuzıwshılıqlar hám jinayatshılıqqa qarsı gúresiw sistemasın jáne de jetilistiriw haqqında» Ózbekstan Respublikası Nızamı.**

**11. «Huqıqbuzıwshılıqlar hám jinayatshılıqqa qarsı gúresiw sistemasın jáne de jetilistiriw haqqında» Ózbekstan Respublikası Prezidenti qararı.**

**12. Ózbekstan Respublikası Jinayat Kodeksi.**

**13. «Siyasiy partiyalar haqqında» Ózbekstan Respublikası Nızamı.**

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**14. «Bala huqıqları kepillikleri haqqında» Ózbekstan Respublikası Nızamı.**

**15. «Normativ-huqıqıy hújjetler haqqında» Ózbekstan Respublikası Nızamı.**

**16. «Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabineti haqqında»ǵı Nızamı.**

**17. «Puqaralardıń ózin-ózi basqarıw organları haqqında» Ózbekstan Respublikası Nızamı.**

**18. «Sudlar haqqında» Ózbekstan Respublikası Nızamı.**

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**19. «Konstituciliq sud haqqında» Ózbekstan Respublikası Nızamı.**

**20. «Oraylıq saylaw komissiyası haqqında» Ózbekstan Respublikası Nızamı.**

**21. «Prokuratura haqqında» Ózbekstan Respublikası Nızamı.**

**22. «Ǵalaba xabar quralları haqqında» Ózbekstan Respublikası Nızamı.**

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# MAZMUNÍ

Konstituciya álemine sayaxat ........................................................................ 3

I bólim. KONSTITUCIYA – MÁMLEKETTIŃ TIYKARǴÍ NÍZAMÍ

1-§. Konstitutsiyalıq huqıq ........................................................................ 5
2-§. Ámeliyat sabaǵı. Ózbekstan Respublikası Konstituciyası mazmunı hám sıpatlaması........................................................................ 12
3-§. Ózbekstan Respublikası Konstituciyasınıń tiykarǵı principleri ........................ 18
4-§. Ámeliyat sabaǵı. Ózbekstan Respublikası sırtqı siyasatı ............................ 25

II bólim. INSAN HÁM PUQARALARDÍŃ TIYKARǴÍ HUQÍQLARÍ, ERKINLIKLERI HÁM MINNETLERI

5-§. Insan hám puqaralardıń tiykarǵı huqıqları hám erkinlikleri ............................... 32
6–7-§. Ámeliyat sabaǵı. Insan hám puqaralardıń jeke huqıqları hám erkinlikleri ...... 39
8-§. Ámeliyat sabaǵı. Insan hám puqaralardıń ekonomikalıq hám sociallıq huqıqları ........................................................................48
9-§. Siyasiy huqıqlar ........................................................................ 56
10-§. Ózbekstan Respublikası puqaralıǵı ........................................................ 61
11-§. Insan huqıqı hám erkinlikleri kepillikleri ..................................................68
12-§. Ózbekstan Respublikası puqaralarınıń konstituciyalıq minnetleri ................ 74

III bólim. JÁMIYET HÁM SHAXS

13-§. Jámiyetlik birlespeler hám ǵalaba xabar quralları xızmeti......................... 82
14-§. Siyasiy partiyalardıń jumısı ........................................................ 89
15-§. Shańaraq jámiyettiń búgini hám keleshegi negizi ........................................ 94
16-§. Ózbekstan Respublikasınıń hákimshilik-aymaqlıq hám mámleket dúzilisi ....... 100

IV bólim. MÁMLEKETLIK BASQARÍW ORGANLARÍ

17-§. Ózbekstan Respublikasında mámleketlik hákimiyattıń dúziliwi .................. 105
18-§. Oliy Majlis hám onıń wákillikleri ........................................................ 109
19-§. Ámeliyat sabaǵı. Nızam joybarın qabıl etemiz ........................................ 115

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE
20-§. Ózbekstan Respublikası Prezidenti .......... 119
21-§. Ózbekstan Respublikasınıń atqarıwshı hákimiyat organları .......... 125
22-§. Orınlardağı jergilikli mámleketlik hákimiyat organlari.......... 130
23-§. Puqaralardıń ózin-ózi basqarıw organları .......... 134
24-§. Ózbekstan Respublikasınıń sud sisteması .......... 138
25-§. Ózbekstan Respublikası sud organları jumısın shólkemlestiriw .......... 145
26-§. Ámeliyat sabağı. Konstitutsiyalıq sud majlisi .......... 150

## V bólim. KONSTITUCIYA – MÁMLEKETTE DEMOKRATIYANÍ RAWAJLANDÍRÍW KEPILLIGI

27-§. Ózbekstan Respublikasındağı saylaw sisteması.......... 154
28-§. Ámeliyat sabağı. Ózbekstan Respublikası Oliy Majlis deputatları hám senatorları saylawı .......... 160
29-§. Ózbekstan Respublikası prokuratura organları .......... 163
30-§. Ózbekstan Respublikasında finans hám kredit .......... 170

Juwmaq .......... 177

Óz bilimlerin erkin tekseriw .......... 179

Juwmaqlawshı tákirarlaw. Konstituciya – mámlekettiń Tiykarğı nızamı.......... 181

Sózlik .......... 188

QR-kod járdeminde alınatuğın huqıqıy-normativ hújjetten úlgiler .......... 192

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях

UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

*Oqıwlıq basılım*

G.M.TANSIQBAEVA, V.A.KOSTECKIY

# KONSTITUTSIYALÍQ HUQÍQ TIYKARLARÍ

Ulıwma orta bilim beriw mekteplerinin
9-klası ushın sabaqlıq

*(Qaraqalpaq tilinde)*

*Dúzetilgen hám tolıqtırılǵan segizinshi basılımına sáykes qaraqalpaqsha basılım*

«Sharq» baspa-poligrafiya
akcionerlik kompaniyası
Bas redakciyası
Tashkent – 2019

*Qaraqalpaq tiline awdarǵan* **Gulistan PIRNAZAROVA**

Redaktor *Rashid Abbazov*
Kórkem redaktor *Bahrom Bobojonov*
Texnik redaktor *Rasuljon Nafasov*
Betlewshi *Hilola Sharipova*

**Basılım licenziyasi AI № 201, 28.08.2011**

Basıwǵa ruxsat etildi 17.07.2019. Kólemi 70x90 $^{1}/_{16}$.
Ofset baspa. «Times New Roman» garniturası. Shırtli baspa tabaǵı 14,6.
Esap baspa tabaǵı 12,5. Tirajı 11915 nusqa. Buyırtpa № 467.

**«Sharq» baspa-poligrafiya akcionerlik kompaniyası baspaxanası,**
**100000, Tashkent qalası, "Buyuk Turon" kóshesi, 41.**

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Ijaraǵa berilgen sabaqlıq jaǵdayın kórsetiwshi keste**

| № | Oqıwshınıń ismi, familiyası | Oqıw jılı | Sabaqlıqtıń alınǵandaǵı halatı | Klass basshısınıń qolı | Sabaqlıqtıń tapsırılǵandaǵı halatı | Klass basshısınıń qolı |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | | | | | | |
| 2 | | | | | | |
| 3 | | | | | | |
| 4 | | | | | | |
| 5 | | | | | | |
| 6 | | | | | | |

Sabaqlıq ijaraǵa berilip, oqıw jılı aqırında qaytarıp alınǵanda joqarıdaǵı keste klass basshısı tárepinen tómendegi bahalaw ólshemlerine tiykarlanıp toltırıladı.

| Jańa | Sabaqlıqtıń paydalanıwǵa birinshi berilgendegi jaǵdayı |
|---|---|
| Jaqsı | Muqabası pútin, sabaqlıqtıń tiykarǵı bóliminen ajıralmaǵan. Barlıq betleri bar, jırtılmaǵan, kóshpegen, betlerinde jazıw hám sızıwlar joq. |
| Qanaatlanarlı | Muqaba jazılǵan, bir qansha sızılıp, shetleri jelingen, sabaqlıqtıń tiykarǵı bóliminen ajıralıw jaǵdayı bar, paydalanıwshı tárepinen qanaatlanarlıq ońlanǵan. Kóshken betleri qayta ońlanǵan, ayırım betleri sızılǵan. |
| Qanaatlanarsız | Muqaba sızılǵan, ol jırtılǵan, tiykarǵı bólimnen ajıralǵan yamasa pútkilley joq, qanaatlandırarsızlıq ońlanǵan. Betleri jırtılǵan, betleri jetispeydi, sızıp, boyap taslanǵan, sabaqlıqtı tiklewge bolmaydı. |

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE